№41 (19874) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

20 октябрь 2023 с. рузман

ШАГIИР ХЕРЛЪУЛАРО, ШАГIИР ХОЛАРО

## Квачарас жиндего цIай абе цIаха, ЦIадакь виччизе те, дун цо мархьуда








**18 октябралда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда тIобитIана ГIумархIажи Шахтаманов гьавуралдаса 90 сон тIубаялъул хIурматалда, «ШагIир херлъуларо, шагIир холаро» абураб, «ХIакъикъат» газеталъул проекталда рекъон хIадур гьабураб тадбир.**

**ХIакъикъаталдаги лъикIаб, магIарул поэзиялъулги чIагояб каламалъулги къимат гьабизеги лъалел, гьебги бичIчIулел гIадамазул дандерусcиналъ берцин гьабураб тадбир лъугьана гьелъул. Миллияб библиотекаялде рачIун рукIана ГIумархIажи Шахтаманов лъалев вукIарал, гьевгун цадахъ гIодор чIарал, гIумруялда гьев лъалев вукIинчIониги, гьесул творчествоги бокьулел, ракIалдасан гьесул кучIдул лъалелги цIалулелги гIадамал.**

*(Хадусеб 4-абилеб гьумералда)*

ТУРИЗМАЛЪУЛАБ ФОРУМ

### «Рагьараб Дагъистан»

14 октябралда Анжи-аренаялда тIобитIана «Рагьараб Дагъистан» абураб туристазулаб форум. Исана форум тIобитIана щуабилеб нухалда ва соналдаса соналде гьенир гIахьаллъулезул ва гьалбадерил къадар цIикIкIунеб буго.

7 гьум. >>>



КЭМЗалъул ДИРЕКТОРАСУЛГУН НАКЪИТ

### «Бергьенлъи гуреб батIияб хIасил букIине рес гьечIо»

ТIагIамал хурдузул чайги гьекъолаго, дунгун хабаралда вуго Россиялъул мустахIикъав машиностроитель, «Концерн КЭМЗ» АОялъул генералияв директор Ибрагьим АхIматIов.

12-13 гьурм. >>>



# Налог кьунищ – парахат вукIа

**18 октябралда ДРялъул бетIер Сергей Меликовас тIобитIараб данделъиялда бицана Дагъистаналъул гIаммлъизабураб бюджет цIикIкIинабиялъул хIакъалъулъ.**

**2023 соналъул ичIго моцIил болжалалда бюджеталде бачIараб налогазулабгун налогазулаб гуреб хайир, экономикаялъул «рагIдукь» хутIулеб бутIа загьираблъун гьабиялъул мурадалда зоналиял хIалтIул къокъабазул хIаракат, Хасавюрт шагьаралъулгун районалъул базаразда бугеб ахIвал-хIалалъул цIех-рех гьаби – гьеле гьел суалал гьоркьор лъуна данделъиялда.**



2024 соналде араб федералияб бюджеталъул проект хIадурун буго, дефицитги хIисабалде босун, амма пачалихъалъул социалияв тIадеросиял тIуразаризе тIадаб буго. Гьединлъидал республикаялъул бюджеталъул хайиралъулаб бутIа цIикIкIинаби ккола тIоцебесеб иргаялда тIубазабизе кколеб кIвар бугеб суалин абуна ДРялъул бетIерас, данделъи рагьулаго. Гьелъие ругел ресасда гьоркьоб регионалъул нухмалъулес рехсана «рагIдукь» бугеб экономикаялдаса щвезе бегьулеб хайирги налогал ракIариги.

ДРялъул экономикаялъул министр ХIажи Султановас бицана бюджеталде щвараб хайиралъул хIакъалъулъ. ТIоцебесеб октябралде налогазулги налогазул гуребги хайир хIисабалда бюджеталде бачIун буго 38,2 млрд гъурущ, планалда рукIарал тIадкъаял тIуразарун руго 93,8 процентальъ. Гьелдаго цадахъ, цересел соназде дандеккун, жеги 10 процентальъ цIикIкIинабизе ккола бюджеталъул хайир. БакIалъулал бюджетазде бачIун буго налогазул ва налогазул гуреб хайиралъул 8,6 млрд гъурущ (араб соналде дандеккун, анкьго процентальъ дагь ккола гьеб). План тIубазабун буго 87 процентальъ. ТIубазабичIого хутIун буго ракьулги, росдал магIишаталъул цогояби ва транспортиябги налог бакIариялъул план. План тIубазабиялъул рахьальъ церехъабилъун рехсана Шамил ва Хъумторхъала районал. Республикаялъулги бакIазулги бюджетазде гIададмаз кьолеб гьечIо мулкалъухъ налог.

Гьелда бан **С. Меликовас** лъазабуна: *«Налог кьун гьечIищ – нахъе босе захIматалъул книжка. Дие батIалъи гьечIо – гьаб залалда гIодов чIарав чийищ мун яги «гIагаразул гIагаравищ» кколевали. Жинда тIадаб иш тIубазабуларев пачалихъияв хIакимчиясе рес гьечIо хъулухъалда вукIине. ТIоцебесеб декабралде налог кьечIев чи пачалихъияб хъулухъалда вукIине гьечIо»*, - ян.

«РагIдукь» бугеб экономикаялъул хIал роцIинабиялъул мурадалда гIуцIун буго зоналияб хIалтIул щуго къокъа. Гьезул хIаракаталъул хIакъалъулъ бицунаго, XI. Султановас абуна, республикаялъул базаргабазул 70-ялдаса цIикIкIун процентальъ гьечIила кассаялъул аппараталин абун.

Налогазул федералияб хъулухъалъул Дагъистаналда бугеб управлениялъул (УФНС) нухмалъулев Айдар Байрамовас загьир гьабуна, базараздагун заправкабазда кассаялъул аппаратал хIалтIизариялъул мурадалда жамгIиял контролерал гIахьал гьаруни ва видеокамераби лъуни, лъикI букIинин абураб пикру.

2023 соналъул ичIго моцIалъ гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ бицунаго, УФНСалъул нухмалъулес рехсана гьадинал хIужаби: республикаялъул шагьранухазда тIобитIана 417 рейд ва гьезул хIасилалда туснахъ гьабуна 4,9 миллион гъурщил багьаяб мулк, судазул актазда рекъон, бахъана 38,7 миллион гъурщил налъи, рагIалде бахъинабуна судалъул 1941 хIукму.

Налог бецIизабиялъул мурадалда гьарурал судалъул хIукмаби тIуразариялъул хIакъалъулъ данделъиялда бицана УФНСалъул нухмалъулесул заместитель Низами Гьалимовас. ИчIго моцIида жаниб гьабун буго 173 азарго судалъул хIукму. Гьел тIуразаруни, бюджеталде бачIине кколаан лъабго миллиардалдаса цIикIкIун гъурущ. УФНСалъул хIаракаталдалъун налъухъабазухъа бахъун буго 435 миллион гъурущ. ИчIго моцIалъин абуни, кинабниги бахъун буго 820 миллион гъурущ ва рагIалде бахъинабун буго цо миллиардалдаса цIикIкIун гъурщил 53 азарго использнительнияб производство.

Экономика «рагIдукьа» бахъиялъул мурадалда республикаялъул бизнес-цолъабаз гьабулеб хIаракаталъул хIакъалъулъ бицана ДРялда Предпринимателазул ихтиярал цIуниялъул вакил Мурад ТIалхIатовас. Республикаялда вуго гIисинабгун гьоркьохъеб предприятие бугев 48 азарго чи. Киназдаго гуро лъалеб законалда рекъон налогазул рахъалъ жидее гьарулел бигьалъаби. Гьединаб бичIчIикьеялъул мурадалда гIуцIун буго, масала, ДРялъул ТIадагьаб промышленносталда хIалтIулезул ассоциация.

Гьелде тIадеги республикаялда вуго живго жинцаго хIалтIудалъун хьезавурав («самозанятый») 250 азарго чи. М. ТIалхIатовасул пикруялда рекъон, хIажат буго гьел киназулго бизнес «рагIдукьа» бахъизе.

Хасавюрталда ругел базаразулги базаралда рельъараб хIаракат гьабулел дармил минабазулги хIакъалъулъ бицана шагьаралъул бетIер Коргъоли Коргъолиевас. Гьес абухъе, Хасавюрталда буго, гIемерго цадахъ ва цо-цоккун къайи бичулеб дармил 13 объект. Гьезда гьоркьоса лъабго базаралъул гьабун буго хъвайхъвагIай. Документал хIадурулел руго «Красный» абураб дармил комплексалъулги. *«Севериаб зоналияб хIалтIул къокъа гIуцIаралдаса нахъе законияб къагIидаялда рекъон хIалтIулев вуго Хасавюрталъул базаралда дарам гьабулев 1312 чи. Налогазул идарабазда хъвай-хъвагIай гьабунгутIиялда бан администратинияб жавабчилъиялде базаргабиги цIан, бюджеталде бачIун буго кIиго миллионгун 964 азарго гъурущ. Риххизаруна Ярык-су гIурул рагIалда изну гьечIого ран рукIарал дармил объекталги»*, - ян бицана К. Коргъолиевас.

* * *

МугIрузул районазул росабалъ почалъул бухьеналъул 30 отделение къачIазе 145 миллион гъурущ биччан буго.

15 ноябралдаса байбихьун Ботлихъ, Буйнакск, Гъуниб, Казбек, Гьизилюрт, Лаваша, Унсоколо, ЦIумада, Шамил ва цогидал районазда цIигьаризе руго почалъул отделениял.

«Ахирал соназда «онлайн» къагIида хIалтIизабун босулеб бугельул мугIрул росабалъги хIажатаб къайи, почалъ кIвар бугеб бакI кколеб буго гIадамазул гIумруялъулъ. Гьединлъидал ноябралъул ахиралде щвезегIан почалъул отделениял къачIан лъугIизаризе ккола»,- ян абуна ДРялъул вице-премьер Ризван ГъазимухIамадовас ХIукуматалда министерствабазул ва цогидал идарабазул, Россиялъул почтаялъул вакилзабигун тIобитIараб данделъиялда.

Дагъистаналда буго 429 почалъул отделение. Гьезда гьоркьоса 353-яб буго росабалъ.

Исана къачIалеб буго 30 почалъул отделение, араб соналда 61 къачIана ва кIиго почалъул отделение цIидасан банин бицана Минцифраялъул хIалтIухъан Рамазан ГIабдулаевас.

* * *

2023 соналъул ахиралде МахIачхъалаялда хIалтIизе риччазе ругин цIиял автобусалин абулеб буго шагьаралъул администрациялъ. 15 декабралде щвезегIан 47 автобус бачIине буго республикаялде. Гьеб кколин тIоцебесеб «бачIин», хадурккун жегиги рачIине ругин абулеб буго шагьаралъул администрациялъул пресс-хъулухъалъ.

* * *

Гьал къоязда Гумбет районалъул ЛъаратIа росулъе газ бачун рагIалде бахъана.



«Росулъ 100 минаялде газ бачана. Жеги школалде, лъималазул ахалде, ФАПалде, мажгиталде ва администрациялъул минаялдеги бачине буго газ», - ан бицана «Газпром межрегионгаз МахIачхъала» ОООялъул бетIерав директор Ризван Мурадовас.

# Нух къачIан бахъана

**16 октябралда рагьана Р-217 «Кавказ» шагьранухалъул къачIан бахъараб бутIа. Гьеб рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъана ДРялъул бетIер Сергей Меликов. Видеобухьеналдалъун тадбиралъухъ балагьана Россиялъул президент Владимир Путинги.**

Рехсараб шагьранух ккола «Север – Юг» абураб халкъазда гьоркьосеб шагьраялъул бутIа. Гьеб уна Дагъистаналъул ракьалдасаги – Чачаналъул гIорхъодаса байбихьун Россиялъулги Азербайжаналъулги гIорхъоде щвезегIан. Гьелъул кинабниги буго 274 километр. Гьенисан къойил хьвадула 35 азаргоялдаса цIикIкIун машина.

«Кавказ» шагьра цIигьабулаго, хIисабалде босана, МахIачхъалагун Хасавюрт ва Дербент шагьараздa жанире лъугьинчIого, машинаби хьвадизариялъул суал. Машинаби хьвадулеб ункъо мухъги гьабуна гьениб. ГьабсагIаталда къачIан бахъун буго микьго километргун лъабнусго метр нухлул. Гьел нухаздасан хьвадула сапарал гьарулел туристалги.

С. Меликовас В. Путинида бицана жеги 70 километр къачIалеб бугин абун. РакIалде щвезаруна къачIалел ва цIигьарулел цогидал объекталги: халкъазда гьоркьосеб аэропорталъул самолетал роржунел нухал, Азербайжаналъул гIорхъода бугеб маххул нух ва ункъо шагьранух, МахIачхъалаялъул ралъдал порталде унеб нух ва гь.ц. Гьел къачIазеги цIиял нухал гьаризеги гьабураб квербакъиялъухъ федералияб нухмалъиялъе баркалаги кьуна С. Меликовас.

Улкаялъул президентасда цадахъ видеобухьеналда гIахьаллъана РФялъул хIукуматалъул председателасул заместитель Марат Хуснуллинги. «Исана 180 миллионалдаса цIикIкIараб квадратияб метр нухазул къачIан бахъине букIин хIакъаб буго. ЛъагIалида жаниб гьединаб гIемераб хIалтIи киданиги ва лъицаниги гьабичIо жеги нилъер улкаялда», — ян бицана Марат Хуснуллиница улкаялъул президентасе.

Нухлул магIишаталъул церехъабазе шапакъаталги кьуна тадбиралда.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

## ИХТИЯРАЛ ЦIУНИ

# Цо-цоязул хъантIи сабаблъун...

**Дагъал цeрегIан кьоязда, ришватчилъиялда дандечIеялъул хIалтIи гьабиялъул рахъалъ комиссиялъул данделъиялда, ДРялъул бетIер Сергей Меликовас кIвар буссинабуна ятимал лъимал мина-рукъалдалъун хьезариялъул рахъалъ дандчIвалел захIмалъабазул хIакъалъулъ суалалде. Гьес кьварун лъазабуна гьеб рахъалъ хIалтIи тIаса-масаго гьабулезе, ятимазул ихтиярал хвезаруразе законалда рекъон тамихI гьабизе бугин абун.**



Ятимазе мина-рукъ босизе пачалихъалъ биччараб гIарац, батIи-батIиял хIиллабиги ургъун, гьересиял документалги гьарун, бокьа-бокьахъе бикьулеб букIиналъул хIужаби загьирлъана ахирал соназда. Лъабго соналъ цебе республикаялъул бетIер вугеб бакIалда гьеб суал борхана «Бесдалал гьечIеб Дагъистан» НКОялъул председатель Раисат ГIусмановалъ. Абизе ккола, гьелдаса нахъе гьеб рахъалъ ахIвал-хIал гIезегIанго лъикIлъанин.

Жиндир заманалда рукъзал щвечIел, гьеб рахъалъ батIи-батIиял захIмалъаби дандчIварал, лъималазул рокъор гIурал гIемер ятимал рачIунила «Бесдалал гьечIеб Дагъистан» гIуцIиялде кумек гьарун. Гьел захIмалъабазул хIакъалъулъ гьадин бицана Раисат ГIусмановалъ:

*- Жиндир заманалда лъималазул рукъзазул нухмалъулез минаби щолезул сияхIалда лъечIого гьоркьор хутIарал ятимал рачIуна дихъе. Лъималаз 18 сон тIубазегIан, лъималазул рукъзазул нухмалъулез, ятимазул статусги бихьизабун, хIадуризе ккола документал. 23 сон тIубалелде гьел рукъ щолезул сияхIалде росун рукIине ккола. Гьеб заман щвезегIан документал жанире кьезе кватIани, гьезие рукъ кьоларо. Лъималазул рукъзазул нухмалъулезул тасамахIлъи сабаблъун рукъзал щвезе кватIарал ятимазул хитIабазул халгьабула ва кумек гьабула нижер юристас. Пачалихъалъ чIобого кьолеб рукъалъе гIоло, хIиллаби ургъун, мекъал ишал гьарулел ратана цо-цо бакIазда. Цо-цо эбел-инсуца жидерго лъималаздаса инкар гьабунин абун, гьересиял документал гьарулел ратана. БатIи-батIиял хIиллаби ургъун, унго-унголъ ятимаздаса цере щолел руго гьезие рукъзалги.*

*Гьел хIужабазда тIасан республикаялъул бетIер Сергей Меликовасде хитIаб гьабуна нижеца. Ва гьеб пиша гьоркьоб кьотIизабизе кIвана. ДРялъул Лъай кьеялъул министерствоги цадахъ нижеца батIи-батIиял районазда эбел-инсулал ихтияраздаса махIрум гьарурал ва рукъзал щолезул сияхIалда лъурал гIадамазул документазул хал гьабуна. Рукъ щвезе гIоло гьересиял документал гьарурал гIемер ругоан, нижехъа бажарана гьезул цо-цоязул гIарзал хIакъикъиял гуреллъи чIезаризе».*

Жакъа кьоялдаги гIемер руго 23 сон барал, амма лъималазул рукъзазул нухмалъулезул тасамахIлъи ва цогидал гIиллаби сабаблъун рукъзал щвечIел ятимал. Кин гьеб суал тIубалебали лъачIого, гьел рачIуна «Бесдалал гьечIеб Дагъистан» гIуцIиялде кумек гьарун.

*«Жидерго лъималаздаса инкар гьабунин абун гьересиял документал гьарурал ва чIобого рукъ щвезе ятимазул сияхIалда гьел лъурал гIадамаз унго-унголъунги гьединаллъун кколезул ихтиярал хвезарулел руго.*

*Нижеца гьеб суал борхун хадуса Сергей Меликовас лъазабуна ургъунго эбел-инсулал ихтираздаса жалго махIрумги гьарун, судалъул хIукмуялдалъун рукъ чIобого щвезе кколел ятимазул сияхIалда иргаялъ церегIан рачунезул халцин гьабугеян абун. Гьеб мехалда прокуратураялъ тIадчIун хал гьабуна гьединазул. Ва байбихьана кколеб къагIидаялъ, иргаялда рекъон, ятимазе рукъзал кьезе. Судалъул хIукмуялъул санги гьабичIого, гьел щвезе мустахIикъал ятимазе гурони рукъзал кьечIого тезе жавабчилъи тIаде босун букIана МахIачхъалаялъул вукIарав мэр Салман Дадаевас. Гьединал лъикIал хIасилал ккана Меликовасде гьабураб хитIабалдаса хадур», - ан бицана Раисат ГIусмановалъ.*

Жакъаги захIмалъаби дандчIвалел руго бесдалазе рукъзал росизе кьолел сертификатазул рахъалъги. Республикаялда рукъзал хиралъун рукIиналда бан, сертификаталда бихьизабураб гIарцул къадар гIолеб гьечIин жакъа ятимазе рукъ босизеян абулеб буго «Бесдалал гьечIеб Дагъистан» гIуцIиялъул нухмалъулелъ:

*«Рукъзал росизе ятимазе гIарац биччазе республикаялда байбихьана 2004 соналда. Гьелдаса нахъе хиса-басиялги гьаруна законалъулъ. Цебе рес букIана бокьараб бакIалда рукъ босизе ва хадубккун гьеб бичизе. Ятимал махсараде ккезе рес бугин абун, хадуб законалъулъ хиса-басиял гьаруна. Ва гьелда рекъон, ятимазе босараб рукъ бичизе бегьулароан щуго соналъ. Щуябго соналъ гьеб мулк букIунаан администрациялъул халгьабиялда гьоркь. Гьеб заман ун хадуса гурони рукъалъул бетIергьабилъун рахъунароан ятимал.*

*2023 соналъул август моцIалда байбихьана сертификатал кьезе. Гьанже сертификаталда рекъон, рукъ босараб гьелъул бетIергьабилъун рахъуна ятимал. Гьеб цIияб къагIидаялъул щиб ккезе бугебали лъаларо. ДРялъул ХIукуматалъ ятимазе рукъзал росизе 2 334 585 гъурущ бихьизабун буго. Жакъасел багьабазда рекъон, гьеб гIарац гIолеб гьечIо рукъ босизе. Ятимазе бихьизабун буго 33 квадратияб метралъул рукъ. Амма гьединаб къагIидаялъул рукъзал республикаялда гьанже ралелго гьечIо.*

*Ралел бакIазул, архитектураялъул ва ЖКХялъул министерствоялъул вакилзабаз тIобитIараб данделъиялдаги борхун букIана дица гьеб суал. Гьез абуна ятимасул рес бугин жинцаго тIад гIарацги лъун рукъ босизеян».*

Исана 189 ятимасе щвезе буго рукъ босизе сертификатал. Жакъа кьоялда гьел сертификат щварал ятимазда гьоркьоса 56-яз гьеб рукъ босизе гIарац щвеялъе документал ракIарун кьун руго. Гьезда гьоркьосаги 40 ятимас босана рукъ. ХутIаразин абуни лъагIалил ахиралде щвезегIан халгьабизе ккола жидее дандекколел рукъзал ва документал ракIаризе ккола.

**П. СУЛТIАНМУХIАМАДОВА**



## КЪОКЪГО

РФялъул президент Владимир Путиница Пачалихъияб Думаялъул депутат Хизри Абакаров гIемерал соназ гьабураб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ кIодо гьавуна Александр Невскиясул орден кьеялдалъун.



* * *

ДРялъул ХIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIараб данделъиялда бицана лъай кьеялъул идарабазде бичулеб нигIмат лъималазул сахлъиялъе зaралияб батанин абун. Гьеб хIужа сабаблъун ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас бадибчIвай гьабуна школазде ва лъималазул ахазде нах щвезабулеб «МахIачхъалапродукт» МКУялъе.

ДРялда бугеб Роспотребнадзоралъул управлениялъул нухмалъулев Ризван ГIумариевасул баяналда рекъон, щарил нахилан абун, гьересияб, ай хурдузул, пальмаялъул нах жубараб нигIмат батана бичулеб.

* * *

Эркенаб гугариялъул рахъалъ дуниялалъулго ва Азиялъул чемпион Хьаргабиса АхIмад Тажудиновгун рохалилаб дандчIвай тIобитIана Хьаргаби районалъул Культураялъул кIалгIаялда.

Хьаргаби росдал кIиабилеб школалдаги тIобитIана чемпионасул хIурматалда данделъи. Жиндирго тIоцеесей мугIалим ПатIина Гъафуровалъул классалдеги щвана АхIмад.

* * *

19-22 октябралда «Россия - дир тарих» историялъул паркалда тIобитIулеб буго «ГIадатал цIунунулел» абураб ТIолгороссиялъул халкъиял художествиял промыслабазул фестиваль. Ункъо кьоялъ халатбахъине буго художествиял промыслабазул выставка-ярмарка.

Дагъистаналъул устарзабазда цадахъ жидерго къайи-цIа гьабулеб куц бихьизабулеб буго Оренбургалдаса, Тулаялдаса ва цогидал Россиялъул регионаздаса рачIарал гьалбадерицаги.

* * *

«МугIрул росабалъ гIумру гьабиялъе лъикIал шартIал гIуцIизе, гьениса гIадамал гочунаредухъ хIалтIудалъун хьезаризе, гьенире инвестициял щвезаризе хIажат буго. Гьеб рахъалъ тIадчIун хIалтIи гьабизеги буго», - ян абуна республикаялъул ХIукуматалъул бетIер ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас Санкт-Петербургалда тIобитIараб мугIрузул регионал церетIеялъул хIакъалъулъ бицунеб данделъиялда.

МугIрул росабалъ магъалъал рекьизе ва ракъул пайда цIикIкIинабизе пачалихъалъул даражаялда квербакъани лъикIаб букIинин рикIкIунеб буго ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас.

Гьелъ рес кьезе бугин мугIрул росабалъ магIишат цебетIезабизеян абуна ДРялъул премьер-министрас Санкт-Петербургалда тIобитIулеб форумалда.

# Квачарас жиндего цIай абе цIаха, ЦIадакь виччизе те, дун цо мархьуда



**Дир рекIел дуниял дица гьеб кьуна,**
**Кьурабалъ бижараб магIарул кочIой.**
**Сардил макьабазул маржанал гьарун,**
**Гьел кьуна цIвабзазул дангъургун цадахъ.**

**Ралъдал карачелал, чуял кинигин,**
**КучIдузул бакъналъе ахIана дица,**
**Дица гьезий кьуна ракьалда цIаял,**
**Рорхатал нухазда чабхазулъ иццал.**

**Дир рекIел дуниял дица гьеб кьуна**
**Кьурабалъ бижараб магIарул кочIой.**
**Кьуна мугIрул гIурул гьогьенги гучги**
**Гьабихъе чвахулеб лъел сахаватлъи.**

**Кьуна радал гIужалъ росулъ тIулбухъан**
**Береолеб кIкIуялъул беричлъигун кьер,**
**НакIкIазул куркьбазда багIарбакъул нур**
**Пириялъул хехлъи, цIумазул чIухIи.**

МагIарулазул гьунар бугев шагIир ГIумархIажи Шахтамановасул кучIдузулъ буго гIумруги, гIумрудул магIнаги, магIарухъ гъасда бакараб цIадул хинлъиги, цIорорал иццазул тIагIамги. Такрарлъи гьечIеб гьунаралъул чи вукIанин абизе бегьула ГIумархIажи Шахтамановасде.

18 октябралда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда тIобитIана ГIумархIажи Шахтаманов гьавуралдаса 90 сон тIубаялъул хIурматалда, «ШагIир херлъуларо, шагIир холаро» абураб, «ХIакъикъат» газеталъул проекталда рекъон хIадур гьабураб тадбир.

ХIакъикъаталдаги лъикIаб, магIарул поэзиялъулги чIагояб каламалъулги кьимат гьабизеги лъалел, гьебги бичIчIулел гIадамазул дандеруссиналъ берцин гьабураб тадбир лъугьана гьелъул. Миллияб библиотекаялде рачIун рукIана ГIумархIажи Шахтаманов лъалев вукIарал, гьевгун цадахъ гIодор чIарал, гIумруялда гьев лъалев вукIинчIониги, гьесул творчествоги бокьулел, ракIалдасан гьесул кучIдул лъалелги цIалулелги гIадамал.

РачIана шагIирасул инсул ватIан, ЧIарада районалъул Мокъсоб росдал гIадамалги, магIарул шагIирзабиги, гIелмиябгун творческияб интеллигенциялъул вакилзабиги. Кьабун цIун букIана Миллияб библиотекаялъул дандеруссинал тIоритIулеб рукъ.

Тадбир нухда бачана «ХIакъикъат газеталъул хIалтIухъаби Шамай Хъазанбиевалъ ва МухIамад Манаповас, гьединго шагIир, «Гьудуллъи» журналалъул жавабияй секретарь ТубхIат Зургъаловалъ.

Тадбиралда кIалъазе рахъана «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор Темирхан ХIасанов, заместитель Зикрула Ильясов. Хъвадарухъабазул Союзалъул рахъалдаса лъарагIазул шагIир Шейитханум ГIалишева, даргиязул шагIир Аминат ГIабдулманапова ва цогидалги. ГIумархIажи Шахтамановасул районцояв, Къарал мухъалъул вакил Гьочоб росулъа ХIабиб Давудовас ракIалде щвезаруна ГIумархIажигун рукIарал интересал дандчIваял, Расул ХIамзатовасулги гьесулги букIараб гьудуллъи.

ШагIир Залму Батировалъги ракIалде щвезавуна ГIумархIажи. Гьесул творчествоялъул бицунаго, Залмуца хасго рехсана ГIумархIажи Шахтамановас чуязде гьабураб кечI.

**Хасаб асар буго дир чуяздехун,**
**Гьезул малакь гIуна дирги лъимерлъи.**

ГIумархIажица гьеб кочIолъ рехсолеб буго, гьитIинав чиясе жиндиего инсуца сайигъат гьабураб тагьиялъул гIураб берцинаб чу. Жиндиего гьеб хиралъун букIараб куц. Ва рагъул соналги рукIун, фронталде ритIизе чуязул илхъи данде гьабулеб мехалъ бачун уна гьесулги чу.

**Хурхун вукIана дун чодул гарбида,**
**Амма дун инсуца нахъе вачана.**
**Вацал аралъубе ине биччайин.**

ГIумархIажи Шахтамановасул рагIабазда кучIдул ахIана ДРялъул мустахIикъав артист ГIабдула МухIамадмирзаевас, Машидат ГIумарасхIабовалъ, Хунзахъ районалъул культураялъул рукъалъул хIалтIухъан, кочIохъан АхIсарат ХIайбулаевалъ.

Пандуралда ГIумархIажил кечI ахIана Дагъфилармониялъул артист Даку ХIажиевас. КечI ахIана гьединго ЧIарада районалъул культураялъул рукъалъул хIалтIухъабазги. ГIумархIажи Шахтамановасул кучIдул рикIкIана МахIачхъалаялъул Автомобилазулгун нухазул колледжалъул студентаз ва МахIачхъалаялъул школалъул байбихьул классалда цIалулел ясазги.

ШагIир ва хъвадарухъан Шамил районалъул Гъоркьабакълъухъа МухIамад ХIамзаевас ракIалде щвезабуна, студентлъун вугеб мехалъ, Батирайил къотIноб гьес гIумру гьабун букIараб рокъор, мунагьал чураял ГIумархIажи Шахтамановги, МухIамад АхIмадовги, ЖабрагIил ХIасановги, живгоги цадахъ данделъулеб рукIараб заман, рогьинегIан цIалулел рукIарал кучIдул, бицунеб чIагояб кепаб хабаралъул.

- Цо нухалъ гьединго ракIарун рукIана ниж ва ГIумархIажица абуна. – Бахъея къватIибе тIамач ва ручка, кагъат хъвазе буго Каспиялъухъе. Цин жиндицаго хъвана кочIол цо мухъ, хадуб АхIмадовасухъе бегьана, гьесги хъвана, лъабабилеб мухъ ЖабрагIилицаги хъван, ахиралда дицаги тIаде жубана цо кочIол мухъ. Гьедин лъугьана саламатаб кечI, - илан ракIалде щвезабуна МухIамад ХIамзаевас.

Гьединал хинал ракIалдещвеяз бечед гьабураб, ГIумархIажил асараз нур базабураб тадбир букIана араб арбагI къоялъ МахIачхъалаялда.

ЧIарадисезул хоралда цадахъ киназго, ГIумархIажил машгьураб «Къаралазул гIор» абураб ЧIарадисезул гимнги ахIун, бихьана данделъи.

**Лъоб Нухъакь мугIрузул гIаздада гьорлъан**
**Гъулгъудулаго гьеб чвахулеб буго.**
**Чалухаб Къарал гIор Авар гIурухъе,**
**Инсухъе вас гIадин, гIедегIун буго.**

Ахиралдаги цоги нухалъ гIенеккилин ГIумархIажи Шахтамановасул пасихIаб кочIохъ.

**Лъоге дие кьимат протоколазда,**
**Дун театр гуро, дун кьисмат вуго.**
**Квачарас жиндего цIай абе цIаха,**
**ЦIадакь виччизе те, дун цо мархьуда.**

**Мархьуда, мугIрузда хурдузул махIалъ**
**Мехтизе гьавурав вигьунгеги дун.**
**Кьоккедал ватулев ккогеги тезе,**
**Толарес къвал бараб бачIунгеги кьо.**

**Бухьунге гормендо дир габуралда,**
**Бекерухъан гуро, рекIаравин дун.**
**Чоца рехизе те бокьараб мехалъ,**
**Дир ругънай рекъолеб камиларо ракI.**

**РакI батичIонани, батила тIамах,**
**Бакъулаб риидал дур нухлул харилъ,**
**Щубалъ биччараб гьеб тIад чIвараб мехалъ,**
**Огь, бачIунеб хIалхьи, бухIулеб ругънай.**

*Ашахан ЮСУПОВ*

# ХIамзатов гьавураб росулъ тадбир

Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул хIурматалда Гумбет районалъул Гьоркьохъеб Гьарадерихъ росулъ тIобитIана байрамалъул тадбир. Гьелда гIахьаллъана КПРФалъул рахъалдаса ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутатлъун вугев ГIабдулвахIид Лабазановги.

Тадбир гIуцIана «Гумбет» абураб медиакъокъаялъулги, Гьарадерихъ росдал гьоркьохъеб школалъулги, Гьарадерихъ росдал администрациялъулги хIаракаталдалъун. Гьеб нухда бачана «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудиновас.

ДРялъул Халкъияб Собраниялъул Лъай кьеялъулгун гIелмуялъул комитеталъул председатель ГIабдулвахIид Лабазановас тадбиралъул гIахьалчагIазе гьадин бицана ЦIадаса ХIамзатил хъизамалъул хIакъалъулъ: «1923-1924 сонazda Гьоркьохъеб Гьарадерихъ росдал мажгиталъул имамлъун вукIана ЦIадаса ХIамзат. 1923 соналъул микьабилеб сентябралда гьесие гьабуна анкьабилеб лъимер – вас Расул. КIудияв шагIирасул гIумруялда гьеб лъугьа-бахьин официиял баянazda рехсоларо. Амма гьебги буго гьесул биографиялъул кIвар бугеб хIужа.

Вас гьавун хадуб ХIамзатил хъизам захIматго унтана. Гьесул хъизан Хъандулайил рахь кьана ва гьелъухъа бажаричIо васасе керен кьезе – анкьго моцIалъ гьев хахизавуна Гьарадерихъа ГIумарил яс СагIидатица. Дагьалъ цее гьелъ гьаюн йикIана яс Залму. Гьей йиго Расул ХIамзатовасул рахьдал яц», - ан.

ТадбиралЪул гIахьалчагIи ана Расул ХIамзатов гьавураб рукъ бихьизе. Щвана гьел КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе лъураб памятникалъухъеги.

*Аминат ИСЛАМГIАЛИЕВА,*
*депутатасул кумекчIужу*

# Нахъеги цIа лъуна Палестиналда



### Щиб жо кколеб Хамас?

Гьеб ккола 1987 соналда бижараб, 2006 соналда Палестинаялъул Законодательнияб Собраниялде рукIарал рищиязда бергьараб сунитазул багъа-бачари ва гьелъул политикияб партия. 2007 соналда гьеб Палестинаялъул нухмалъиялде бачIана. 2023 соналда Законодательнияб Собраниялда гьелъул членаз ккуна 132-ялда гьоркьоб 74-абилеб бакI.

Амма ИзрагIилалъ, Британиялъ, СШАялъ, Япониялъ, Канадаялъ ва ЕСалъ гьеб рикIкIуна террористияб гIуцIилъун.

ИзрагIилалъулги Палестинаялъулги дандечIеялъул буго кIудияб тарих. XIX гIасруялъул ахиралде ГIусманиязул империя биххулеб заманалде жибго жиндаго чIараб пачалихъ букIинчIониги, Палестина букIана гьеб пачалихъалъул ракьлъун. Гьенир гIумру гьабулел рукIана гIарабал.

Хадусан, 1921-1922 соназда гьел ракьал ана Британиялъул кверщаликье. Дагь-дагьккун гьенире батIи-батIиял бакIаздаса гочине байбихьана жугьутIал. 1947 соналда ООНалъул Комиссиялъ гьабураб хIисабалда рекъон, Палестинаялда гIумру гьабулеб букIана 1,2 миллион гIарабас ва 600 азарго жугьутIас.

1947 соналъул ноябралда ООНалъул Генералияб Ассамблеялъ Палестина гIарабазулги жугьутIазулги, кIиго батIияб пачалихъалде бикьулеб Резолюция къабул гьабуна. Иерусалим ва Вифлеем тана ООНалъул хасаб бербалагьиялда гьоркь. Гьедин 1948 соналда бижун бачIана ИзрагIил хIукумат.

Палестинаялъул хIукумат лъазабуна 1988 соналъул 15 ноябралда. Жакъа гьеб хIукумат рикIкIунеб буго ООНалъул 193 пачалихъаздасан 138-ялъ.

> ГIицIго гьаб соналъул июль моцIалда МахIачхъалаялъул аэропорталдасан 335,3 азарго чи ун вуго гьеб пачалихъалде. Гьеб ккола араб соналъул гьебго заманалде дандеккун 7,8 проценталъ цIикIкIун.

Амма хIакъикъаталда ИзрагIилалъ жидеего кьураб ракь зулмуялдалъун гIатIид гьабуна ва гьелъул хIасилалда гIарабазе ООНалъ бихьизабураб ракьалъул бащдалда бана евреязул хIукумат. Гьелдаса нахъе гьезда гьоркьоб унеб буго гьоркьоса къотIи гьечIеб къал.

1973 соналда Египеталъги Сириялъги хIаракат бахъана жугьутIаз 1967 соналда 6 къоялъул рагьалдаса хадур рахьун арал ракьал нахъруссинализе.

ИзрагIилалъулги Палестинаялъулги гьанжесеб тунка-гIусиги, нижеца газеталъул цебесеб номералда хъвавухъе, байбихьана гьаб соналъул 7 октябралда гьебго ракьул суал сабаблъун.

### Кида букIинеб рекъел-маслигIат?

Гьеб рагъда щибаб къойил кIиябго рахъалдаса чIван холел ва лъукъулел руго цIакъго гIемерал гIайибго гьечIел гIадамал. Жакъа къоялде чIван руго 3000 палестинаялъулав. Гьелъ дагьабги рикIкIад гьабулеб буго гьел пачалихъазда гьоркьоб рекъел-маслигIат гьабизе бугеб ресги.

Рекъел гьабиялъе ругел къагIидаби тIагIинаризе хIаракат бахъулеб буго Америкаялъ, кидаго жинца рахъкколеб ИзрагIилалъе гIемераб ярагъги кьун.

Россиялъ рикIкIунеб буго гьеб тунка-гIуси ккеялъе гIайиб ООНалъул хIукмаби гIумруялде рахъинариялъе кIварабгIан квалквал гьабулеб СШАялда бугилан.

Польшаялъул нухмалъулезги абулеб буго ГIагараб БакъбаккулI рахъалда ккараб гьеб тункагIуси гьедигIанго кIодо гьабизе ккараб жо гурилан. Цо рахъалъан гьеб ккола Россиялъ гьеб цIа свинабизе хIаракат бахъулеб бугелъул, гьеб мурад тIубани, нилъер хIукуматалъул къимат дунялалъул халкъазда гьоркьоб борхиларедухъ бицунеб хабар.

Россиялъ хIаракат бахъулеб буго ИзрагIилалъулги Палестинаялъулги пачалихъазулгун лъикIал гьоркьорлъабиги цIунун, дипломатиялъул нухаздалъун гьеб рагъ къотIизабизе. Гьездехун гьединаб хитIаб гьабуна Россиялъул къватIисел пачалихъазул ишазул министр Сергей Лавровас. Халкъазда гьоркьосел къотIи-къаял цIуни - гьеб буго питна къотIизабиялде аслияб нух.

Россиялъ гуманитарияб кумек гьабулеб буго питна тIаде бачIарал гIадамазе. Россиялъул Президент Владимир Путинил ва Сириялъул бетIер Башар Асадилгун телефоналдасан букIараб кIалъаялда, Сектор Газалда бугеб ахIвал-хIалги хIисабалде босун, къотIи ккана гьезие хехаб кумек гьабизе.

Амма Россиялъул президентас загьир гьабуна рекъел-маслигIаталъул иш тIубай мурадалда ИзрагIилалъулгун Палестинаялъул тунка-гIусиялде гьорлъе лъугьине жеги Россия хIадур гьечIилан, щайгурелъул цин цебеккун лъазабизе ккола гьеб дагIба-къецалда гьоркьор ругел хIукуматазул пикру, дипломатиялъул шартIазда рекъон гьезулгун гьабизе ккола цадахъаб хIалтIи. Президентасул пресс-секретарь Д. Песковас абухъе, гьединаб борч гIицIго тIаде босараб гIоларелъул, гьелъул букIине ккола цо чIванкъотIараб лъикIаб хIасил. Гьеб суалалда тIасан В. Путинил гара-чIвари букIине буго Китаялъул нухмалъулезулгунги.

«Хадубккун ИзрагIилалъ бомбаби рехи къотIизе течIони, бусурбаби лъиданиги чIезаризе кIвезе гьечIо», - ян чIванкъотIараб пикру загьир гьабуна Ираналъул нухмалъулев Аятолла Али Хаменеица. Гьединлъидал цогидаб рахъалдасан гьеб дагIба халатбахъине бокьараб Америкаялъул рахъкколел хIукуматазул къадарги гIемер гьечIелъул, ракIалде ккола, ракълил нухде рачIиналде божилъи гьабизе рес бугилан.

### Беженцал щвана нилъехъеги

12 октябралда МахIачхъалаялъул аэропорталда рещтIана ИзрагIилалдаса Россиялъул гIадамалгун ва гьениса беженцалгун бачIараб самолет. Гьезухъ ругел Палестинаялъул байрахъаз нугIлъи гьабулеб букIана гьел бусурбаби ва жугьутIал - Палестинаялда гIумру гьабулел гIадамал рукIиналъе. Абизе бегьула, гьеб рейс гьаб тунка-гIусиялда бан гьабураб гурилан, щайгурелъул нилъехъе Тель-Авивалдаса самолетал роржуна анкьида жанир чанго нухалда.

Дагъистан Республикаялъул ИзрагIилалъулгун бухьенал квешал рукIинчIо. 2016 соналда республикаялъул бетIер Р. ГIабдулатIипов Россиялъул росдал магIишаталъул министрасул заместитель Сергей Левингун цадахъ дандчIван вукIана ИзрагIилалъул росдал магIишаталъул министр Ури Ариэльгун. Гьенир рихьизарун рукIана кIиязулго росдал магIишатазул продукция гIезабиялъе хIалтIизарулел цIиял технологиял цоцахъе щвеялъул нухал.

> Гьеб рагъда щибаб къойил кIиябго рахъалдаса чIван холел ва лъукъулел руго цIакъго гIемерал гIайибго гьечIел гIадамал. Жакъа къоялде чIван руго 3000 палестинаялъулав. Гьелъ дагьабги рикIкIад гьабулеб буго гьел пачалихъазда гьоркьоб рекъел-маслигIат гьабизе бугеб ресги.
> Рекъел гьабиялъе ругел къагIидаби тIагIинаризе хIаракат бахъулеб буго Америкаялъ, кидаго жинца рахъкколеб ИзрагIилалъе гIемераб ярагъги кьун.

Соналдаса соналде цIикIкIунеб буго гьенире унел нилъер гIадамазул къадар. ГIицIго гьаб соналъул июль моцIалда МахIачхъалаялъул аэропорталдасан 335,3 азарго чи ун вуго гьеб пачалихъалде. Гьеб ккола араб соналъул гьебго заманалде дандеккун 7,8 проценталъ цIикIкIун. Гьенисан гьез баччун унеб юкалъул къадарги бахуна 331,7 тоннаялде, ай 13,8 проценталъ цIикIкIун.

Гьединлъидал нилъер гIадамазулги рахIатхвезабулеб буго Палестиналда бугеб ахI-валхIал хIалуциналъ. «ХIакъикъат» газета цIалулез жидерго кагътазда, вотцапалде ритIулел хъвайхъвагIаязда, пикрабазда кIвар буссинабулеб буго гьеб багъараараб питна гIодоцинабизе ккеялде.

*З. ИЛЬЯСОВ*

# «МугIрузда кибго тахида буго магIарул мацI»

*(П.К Услар)*

**ТIаде щолеб буго Дагъистаналъул мацIазулги маданияталъулги къо. Гьелда бан нижеда ракIалде ккана магIарул мацIалъул хIакъалъулъ цо-цо гIалимзабаз загьир гьарурал пикраби рехсезе.**

Машгьурав лингвист-кавказовед **Г.А. Климов:** *«Бакъбаккул Кавказалда бищун тIибитIараблъун букIана кIиго мацI: удиназул (Агваниязул (Кавказалъулаб Албаниялъул) килисабазда ругьунаб насранияб диналъул мацI) ва магIарул. МагIарул мацIалъул тIадецуй цIикIкIараб букIана гIемерал гIасрабаз гьелъулгун бухьеналда рукIарал ва генетикияб рахъалъ гьелъие гIагараллъун кколел гIандадерилги цезазул мацIазде. Гьелъул хIасиллъун лъугьана кватIараб гьоркьохъеб гIасруялда болмацI бижи ва Дагъистаналъул цIикIкIарасеб ракьалда гIумру гьабулел къавмаз хIалтIизабулеб мацIлъун – linguafranca – гьеб лъугьин».*

Машгьурав жамгIияв хIаракатчи, кавказовед, этнограф ва этнолог **Башир ТIалхIатица** 1890-абилел сонада хъвалеб буго, *«цIадахIарисез абулеб буго, жидеца магIарул мацIалда кучIдул ахIулилан»* ва *«жидее магIарул мацIалда кучIдул ахIизеги къокъго пикру загьир гьабизеги бигьалъулин»* абун.

ГIурус хъвадарухъан **А.А. Бестужев-Марлинскияс** Кавказалдаса хъварал кагътазда абулеб буго: *«ВукIана Гъумекив ва рагIана магIарул мацIалда ахIулел бахIарчиял кучIдул»,* - ан.

1920-30-абилел соназда Дагъистаналъул мацIазда тIад хIалтIарав гIурус гIалимчи **Л.И. Жирковасул** пикруялда рекъон, магIарулазул болмацI «халкъазда гьоркьосеблъун» букIана гIандадерилгун цезазул мацI бицунел халкъазе гуребги, гIемерисел даргиязегун, тумазе ва цахуразегиян абун. *«Киналго халкъазда гьоркьоб бищунго кIудияблъун (100-ялдаса цIикIкIун цIараки) ва пикру билълъанхъараб халкълъунги ккола магIарулал. Аслияб къагIидаялда гьез гIумру гьабула МугIрузулаб Дагъистаналда.*

> МагIарул мацI лъугьун буго МугIрузулаб Дагъистаналъул халкъазда гьоркьосел бухьенал гьариялъе аслияб мацIлъун.
>
> П.К. Услар

*...Лъалеб букIахъе, VII гIасруялда Дагъистаналда тIибитIизе байбихьана ислам ва кIиго гIасруялъул хIаракаталдалъун гьеб гьениб тIубанго щулалъана. Гьеб заманалдаго магIарулал рукIана Дагъистаналда цебетIураб ва жиндир пикруялъухъ цогидал халкъал гIенеккулеб халкълъун. Гьелъ рес кьола магIарулал некIсияб халкъ бугилан абизеги. Ва гьезие кьезе ккола мацI тIибитIиялъул рахъальги бергьенлъи»,* - ян хъвалеб буго гIалимчияс.

1925 соналда МугIрузулаб Дагъистаналде сапар гьабуна профессор Л.И. Жирковас. **«МагIарулазул некIсиябги цIиябги кечI»** абураб гIелмияб макъалаялда гьес хъвалеб буго: *«МагIарул мацI – тIолабго областалъул аслияб, бакътIерхьул тIолго дагъистаниязул халкъазда гьоркьосеб мацI. Жидерго хасаб мацI бугел ГIанди округалъул росабалъ, мисалалъе Болъихъ, щугоанкьго сон баралдаса нахъе васазги ясазги, жидерго рахьдал мацI гуребги, чара гьечIого щвалде щун лъазабула магIарул мацIги, нужеда гьенив ватизе гьечIо, магIарул мацI лъаларев цониги кIудияв чи. Ва нижеда бихьулеб буго гьеб районалда киналго кучIдул, кинидахъ кучIдул хутIизегIан, ахIулел руго магIарул мацIалда.*

| | | | |
|---|---|---|---|
| А а | И и | П п | Ц ц |
| Б б | Й й | Р р | ЦI цI |
| В в | К к | С с | Ч ч |
| Г г | Къ къ | Т т | ЧI чI |
| Гъ гъ | Кь кь | ТI тI | Ш ш |
| Гь гь | КI кI | У у | Щ щ |
| ГI гI | Л л | Ф ф | Ъ ъ |
| Д д | Лъ лъ | Х х | Ы ы |
| Е е | М м | Хъ хъ | Ь ь |
| Ж ж | Н н | Хь хь | Э э |
| З з | О о | XI xI | Ю ю |
| | | | Я я |

*Гуржиялъул гIорхъода бугеб Дидоялда руго хасал, рахьдал мацIалда гьарурал, кучIдул. ГIандирги ратула рахьдалги магIарулги мацIазда цого къагIидаялда кечI ургъизе бажарулел гьунарчагIи. Амма киса-кирго аслияб къагIидаялда кучIдул ахIула магIарул мацIалда»,* - ян хIасил гьабун буго гьес сапаралъул ахиралда.

Кавказалъул мацIазул цIех-рех гьабурав гIалимчи, барон **П.К. Услар:** *«МагIарул мацI лъугьун буго МугIрузулаб Дагъистаналъул халкъазда гьоркьосел бухьенал гьариялъе аслияб мацIлъун. Гьелъие гIиллалъун ккана магIарул ханзабазул политикаги мюридизмалъул церехъабазул хIаракатги. Гьоркьоса къотIуларел рагъулал чабхъеназги муридзабазул рагъазги квербакъана, хъвай-хъвагIай гьечIониги, цогояб, киназего гIаммаб хунздерил мацIалъул къучIалда бижараб мацI тIибитIиялъе».*

XIX гIасруялда ккарал лъугьабахъиназе къимат кьолаго, гIурус гIалимзабазулги рагъул церехъабазулги документазда гьадинаб баян кьолеб буго: *«Бакъбаккул Кавказалъул киналго мацIазде дандеккун, МугIрузулаб Дагъистаналда аслиявлъун бугеб магIарул мацIалъул даража тIадегIанаб буго»,* - ян. *Буго гьадинаб пикруги: «МугIрузда кибго тахида буго магIарул мацI. ГIараб мацI лъалев чи дагь вуго, аслияб къагIидаялда гьеб лъала дибирзабаздагун гIалимзабазда».*

Полковник **Неверовскияс** хъвана: *«МугIрузул халкъазда гьоркьоб бищунго къуватаб къавм букIиналъ ва Дагъистаналъул бакьулъ гIумру гьабулелги гьел рукIиналъ, гьезул мацIги аслияблъун лъугьун буго бицен гьабулеб ракьалда гIумру гьабулел халкъазда гьоркьоб. Киналнига гIадамазда лъала магIарул мацI ва кIалзул бухьеназулъ гьеб хIалтIизабула гьез»,* - ан.

МагIарул мацI тIибитIиялъе гIиллалъун **Н.К. Зейдлиница** бачунеб буго гьадинаб далил: *«МагIарулазул политикияб кIваралъул хIасилалда бицен гьабулеб мацI лъугьана МугIрузулаб Дагъистаналъул тIолалго халкъазул бухьеназе цIакъ хIажатаблъун ва аслиявлъун».*

Дагъистаналъул мацIазда тIад хIалтIарав машгьурав гIалимчи **А.М. Диррицаги** гьадин абулеб буго: *«ГIанди округалда ва Гъуниб округалъул бакътIерхьул рахъалда батIи-батIиял мацIазда кIалъалел гIемерал халкъаз гIумру гьабулеб бугелъул, гьел хIажаталлъун ккана, цоцазулгун бухьенал гIуцIиялъул мурадалда, магIарул мацI лъазабизе. ГьабсагIаталда Кидероса БежтIеги ГIандиса Гъагъалъеги щвезегIан руге росабазул киналнига бихьиназда лъала магIарул мацI»,* - ан.

> МацI кIочараб миллат молода лъола,
> Малидул гIоркь кквезе чи хутIуларо...
> ХутIараб кинабго гьадингояб жо,
> Гьардарав БетIергьан, цIуне авар мацI.
>
> МухIамад АхIмадов

БакътIерхьул Дагъистаналъул халкъазулги мацIазулги хIакъикъаталъул цIех-рех гьабурав гIалимчи **Е.М. Шиллингица** 1946 соналда хъвана: *«Росабазда гьоркьосел квекIенал церегоялдаса нахъе рахинарулел руго магIарул мацIалъул – гIаммал бухьеназул алаталъул – кумекалдалъун. Жакъа гьеб лъугьун буго хъвавулги, адабияталъулги ва школалда цIали гIуцIиялъулги мацIлъун»,* - ан.

XIX гIасруялъул ахиралдаги XX гIасруялъул байбихьудаги мацIазул рахъалъ Дагъистаналда бугеб хIалалъул цIех-рех гьабурай **Г.А. Сергеевалъул** пикруялда рекъон, магIарул мацI тIибитIун букIана мадугьалихъ ругел даргиязда ва чачаназда (гIавухъазда) гьоркьобги. *«Дидоэтиялъул роол мучIдузда (Асахъ, Кидеро, ХутIрахъ) гIи хьихьулел Тушетиялъулгун КIахетиялъул гуржияздаги, хасго магIарулал-гьалбал ругони, лъикI лъалаан гьезул мацI»,* - ан хъвалеб буго гьелъ.

Россиялъул этнограф **Василий Тишков:** *«Жанисеб Дагъистаналъул (Авариялъул) тIолго боялъе лъабнусгоялдаса цIикIкIун соналъ гIаммаб мацIлъун буго магIарул мацIалъул севернияб диалект. Гьединлъидал гIицIго аваразда гуребги, 14 этносалдаго лъала Хунзахъ росдал мацI ва жив магIарулав вугин абулевщинав чиясе эакъалъизегIанги гIагараблъун ккола гьеб болмацI. Гьеб болмацIалъул къучIалда лъугьараб буго гьанжесеб литературияб магIарул мацIги».*

1982 соналда Оксфордалъул университеталда **Саймон Криспица** цIунана «Литерутарияб магIарул мацIалъул тарих» абураб гIелмияб диссертация. *«Байбихьуда дие бокьун букIана славяназул мацIал лъазаризе. Хадуб дида рагIана магIарул мацI ва кутакалда рокьи ккана гьелде»,* - ян абуна Саймоница. Ингилис мацI рахьдал мацIлъун бугев гьесда лъала магIарул, табасаран, лак, дарги, лезги, удиназул, лъарагI, турк, азербайжан, узбек, казах, туркмен, татар, киргиз ва цогидал мацIал.

Гьезул хIакъалъулъ гьадин хъвалеб буго С. Криспица: *«Ингилис мацIалъул буго бечедаб лексика ва синонимал, амма грамматика буго цIакъго мискинаб – гьечIо падежал, грамматикияб жинс. Папуасазул мацIалда рагIаби дагьал руго, амма грамматикиял формабазул рахъалъ гьеб ингилис мацIалдаса гIемерго бечедаб буго. дагъистаналда буго гьединабго мацI - Гьинухъ росдал. КIинусгогIанасев чи кIалъалеб гьеб мацI ккола Дагъистаналъул багьа хирияб хазиналъун! МацIалъул гIалимчиясе гьеб буго кутакалда кIудияб бечелъи»,* - ян.

МагIарул мацIалъул тарих лъазабулаго, С. Криспица лъазаруна Дагъистаналъул халкъазул цIикIкIарасел мацIал. Дагъистаналдаго гIумру гьабулел нилъ руго, мадугьалзабазулцин мацIги лъаларел, вацлъиялъулал халкъазул тарихгун маданияталъул бечелъиялдаса нилъго нилъецаго махIрумги гьарун.

Баркула магIарулазда Дагъистаналъул маданияталъулги мацIазулги къо! Нилъее киназего гIакълу кьеги Аллагьас насиб гьабураб миллатазул хазина цIунизеги хадусел гIелазухъе гьеб кьезеги.

**Макъала хъвалаго пайда босана «Аварский народ и болмац…» абураб ШагIбан ХIапизовасул тIехьалдаса.**

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# «Рагъараб Дагъистан»

**14 октябралда Анжи-аренаялда тIобитIана «Рагъараб Дагъистан» абураб туристазулаб форум. Исана форум тIобитIана щуабилеб нухалда ва соналдаса соналде гьенир гIахьаллъулезул ва гьалбадерил къадар цIикIкIунеб буго.**

**Исанасеб форумалда гIахьаллъана Россиялъул регионаздаса туризмалъулгун гьоркьоблъи бугел вакилзабиги, нилъерго республикаялдаса турфирмабиги, бизнесменалги, инвесторалги.**




Гьалбадерие гIуцIун букIана ракIгъураб культураялъул программа - халкъияв художествияв промыслабазул мастер-классал, туризмалъул ва гьалбал къабул гьариялъул хIалтIулъ хIажалъулеб къайиялъул выставка-ярмарка, маданиятгун гIадатал рихьизари.

Республикаялъул 17 муниципалитеталдаса вакилзабаз церелъун рукIана жидерго халкъияв художествияв тIагIел-алатал, сувенирал, суратал, миллияб квен-тIех.

Бокьаразе рес букIана ансадерица цIулада накъищ бикIулеб куцалъул, табасараназул халичаби рессиялъул, хъайтагъазул рукъариялъул, бархъалисезул щагIил тIагIелал гьариялъул хIалбихьизе.

СКФОялъул щуго регионалдаса гьалбадерицаги жидерго экспозициязул бокIнал хIадурун рукIана. Масала, Гъарачай-Черкесиялдаса гьалбадерица жидерго миллияб ретIелги щагIил тIагIалабиги ругоан цадахъ рачIун. АсатIиназ киналго миллиял пирогал кьун кваназарулел ругоан. Гьезухъ гIенеккидал, бичIчIулеб букIана, жидерго къайи-алат бихьизабизе гуребги, гьоркьорлъаби церетIезари, гьудуллъи щула гьаби букIин гьезул аслияб масъала.

РикIкIадасанго рагIулеб букIана къали-зурмаялъул гьаракь. Щибаб миллаталъ жиде-жидер кечI-бакъан биччан букIаниги, Анжи-арена тIад босулеб кечI рагIулаан магIарул мацIалда. Сценаялдасан церерахьинал рукIана халкъияв художествияв ансамблязул, гьел чIараб заманалда магIарулаз багIаризабулаан. Киналго гIахьалчагIазул тепсиялда цере щваниги, нилъерго магIарул бокIниде цIикIкIун тIаде ракIцIалеб букIана. Ансадерил, хундерил, чIарадисезул, гъунисезул руцIен бугеб бакIалдаса гIебеде халгьабулаго, лъале-хъвалелги, «ХIакъикъаталъул» гьудулзабиги ратулел рукIана.

Исана тIоцебесеб нух гурин жидер туристазулаб форумалде рачIунел ва гьениб гIахьаллъи гьабулебин абуна Гъуниб районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулей ПатIимат Абакаровалъ. Форум унеб куцалъе ва гьеб гIуцIиялъе лъикIаб кьиматги кьуна гьелъ.

ДРялъул туризмалъул ва халкъияв художествияв промыслабазул министр **Эмин Мердановас** гьалбадерие салам кьолаго, туризм цебетIеялъе форумалъул бугеб кIвараралъул бицана. Цоцазул хIалбихьиялдаса пайда босизе, гьоркьоблъи щула гьабизе, лъай-хъвай гьабизе лъикIаб майдан бугин жакъа гIуцIунин абуна гьес.

*«Туризмалъул рахъ Дагъистаналда къоялдаса къоялде цебетIолеб буго ва нилъехъе рачIунел гьалбадерил къадарги цIикIкIунеб буго. Гьезие нилъер республикаялда лъикIал шартIал рукIиналъе ва инфраструктура цебетIеялъе нилъеца хIаракатги бахъулеб буго»,* - ян абуна министрас.



Хадув гьев ва МахIачхъала шагьаралъул мэр Юсуп Умавов щвана щивав гIахьалчиясул жидерго продукция ва миллияб тепси гIуцIараб халкъияб бокIоналде. Гьез хIалбихьана миллияб кванилги гIенеккана гьалбадерихъги. Форумалъул гIахьалчагIаз цо-цо кьурдул свери бахъизеги тIамулев вукIана министр.

Гьеб букIана рекIелгъеялъулаб бутIа. Гьединго гьениб букIана хIалтIулаб программаги. Докладалгун, кIалъаялгун церерахьана туризм цебетIеялъе хIалтIи гьабулел гостиницабазул, гьалбадерил рукъзабазул нухмалъулелгун хIалтIухъаби.

Гьениб борхана Кавказалда автотуризм цебетIезабизе ккеялъулги, нухал къачIазе ва гьалбал цIикIкIун щолеб бакIалда шартIал чIезариялъулги суалал.




ТIубараб къоялъ гьалбадерие рес букIана Гъизляралъул гьанал комбинаталъул бакъалги, Кавказалъул чаязулги, хIан, хьон, гьоцIо, компотал - росдал магIишаталъул нигIматал учузго росизеги.

Къасиялде гьениб байбихьана лъималазе рекIелгъеялъулаб программаги Дагъистаналъул артистал гIахьаллъараб концерталъулаб программаги.

Форум тIобитIиялъе квербакъана ДРялъул Туризмалъул ва халкъияв художествияв промыслабазул министерствоялъгун ДРялъул предпринимательствоялъул ва инвестициязул агентствоялъ.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***

# ТIагIамаб квен бокьулезе

13-15 октябралда МахIачхъалаялда Пушкинил къотIноб букIана «Меседилаб хасалихълъи» абураб кванил нигIматазул фестиваль. ТIоцебесеб къоялъ лъабазаргогIан чи гIахьаллъана гьенив. Хадусел къоязги, гьединго гIемер гьечIониги, гIезегIан чи вукIана кванил тепсиялда. Паркалда тира-сверулелги, хас гьабун гьенире рачIаралги, туристалги - гIезегIан гьалбал щвана шагьаралъул бищун лъикIал богогьабаз хIадур гьабураб кванил хIалбихьизе. Нилъер республикаялдаса гурелги, Кореялъул, Япониялъул кванил хIалбихьизеги рес букIана гьалбадерил. Нуж хас гьабун гьаб фестивалалдейщин рачIаралин гьикъидал, жал студентал ругин абуна корейцаз. Гьез хIадур гьабулеб букIана картошка, хъапустIан, пиринчIул гIучIал гьорлъ ругеб квен. Нилъедаго лъалел цIурачадалги кIудияб хъазан цIураб узбеказул пловги бугеб бакIалда, гьелъул хIалбихьизе дун лъугьинчIо.





## БахІарзал

## Дагъистаналъул къадру цІунулев игит

**Гьал къоязда Унсоколо районалъул бетІер ГІиса НурмухІамадов дандчІвана СВОялъул гІахьалчи Заур ХІасановгун.**
**Заур ХІасанов гьавуна ХъахІабросулъ гІемерлъималазул хъизамалда – гьезул буго анкьго лъимер: цо ясги анлъго васги. ГІагараб росдал школалда цІалун вахъиндал, Заур цІализе ана МахІачхъалаялде – Автодорожнияб колледжалде. Гьелдаса хадувги лъугьана Автодорожнияб университеталде заочно цІализе.**



«Университеталда цІалулаго, кІиго соналъул контрактги хъван, Заур ана армиялде. Гьев витІун вукІана МугІрузулаб Гъарабагъалде. Лъабго моцІ бана гьениб. Гьенив вукІаго, Заур мустахІикълъана «За участие в миротворческой миссии в Нагорном Карабахе» абураб медалалъе. Гьелдаса хадуб контракталъул болжал ахиралде щвана. Вас кІалъан вачІана дихъе, жеги кІиго лъагІелалъ контракт хъвазе бугин абун. Дунги гьелде данде чІечІо – бихьинчияс жинцаго къезе кколелъул гьабулебтолеб жоялъул жаваб. Контракт цІигьабун лъабго моцІ индал, байбихьана хасаб рагъулаб операция. ТІоцебесеб къоялдаса нахъе Заур вуго гьенив», - ан бицана Заурил эмен ГІабдурахІманица.

Заур гІахьаллъана Мариуполалда, Бахмуталда ва цогидал бакІазда ккарал кор боркьарал рагъазулъ. Байбихьуда гьев вукІана шоферлъун. Гьес солдатазухъе раччулаан рагъул сурсатал. Хадувккун гьев хІалтІулев вукІана батальоналъул командиргун цадахъ. ВукІана батальон цІунулев къокъаялдаги. Къалул майданалда загьир гьабураб бахІарчилъиялъухъги махщелчилъиялъухъги гьев тІамуна ярагъ баччулеб отделениялъул командирлъун.

З. ХІасанов кІицІул лъукъун вукІана. 2022 соналъул лъабабилеб апрелалда, мугъзалъ гуллаги щун, Заур ккана госпиталалде. Щуго моцІ бана гьениб, ругъун сах гьабулаго. Сахлъун хадув гьев тІадвуссана жиндирго гьудулзабазухъе. 2023 соналъул анкьабилеб марталда гьев лъукъана кІиабизеги. КІиго моцІ бана Москваялъул рагъулаб госпиталалда. Сахлъун хадув гьев цІидасан тІадвуссана рагъулаб частальде. ГьабсагІат гьев вуго Бахмуталда. Гьев рокьове вачІиналъухъ балагьун чІун руго гьесул хъизанги гьитІинай ясги.

Рагъда бихьизабураб бахІарчилъиялъухъги хІинкъи гьечІолъиялъухъги З. ХІасанов мустахІикълъана Жуковасулги Суворовасулги медалазе. Госпиталалдасаги виччан, хІухьбахъизе рокьове вачІарав гьесие къуна «Дагъистаналъул къадруги рецщги» абураб медаль. Гьеб буго Россиялъул БахІарзал ГІадилгерей МухІамадтІагьировасулги МухІамад ГІумаровасулги цІаразда бугеб «Нилъер бахІарзал – чармил гІадамал» абураб Дагъистаналъул гІолилазул багъа-бачариялъ 2023 соналъул 20 сентябралда тасдикъ гьабураб ва гьелъул Президиумалъул хІукмуялда рекъон кьолеб медаль. Взводалъул командир Заур ХІасанов вуго гьеб медаль кьурал рагъухъабазда гьоркьов тІоцебесеб къерда.

ВатІаналъе гьабулеб ракІбацІцІадаб хъулухъалъухъ ГІиса НурмухІамадовас баркала къуна Заурие ва абуна гьесиеги хъизамалъеги сундулъго кумек гьабизе бугин абун.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

## Гьалмагъзаби хвасар гьаруна



Украинаялда тІобитІулеб СВОялъул гІахьалчи, мотострелковияб къокъаялъул бутІаялъул рагъухъан Гумбет районалъул ЧІиркъатІаса КъурамухІамад МухІамадовас тушманасул беспилотник бортизабуна ва гьалмагъзаби хвасар гьаруна.

«Буран» абураб ахІул цІаралъул аскарияс Херсон областалда тІубалеб буго рагъулаб хъулухъ. Цебеги гьесие хъулухъалъулъ бихьизабураб тІокІлъигун хІаракаталъухъ шапакъат къун букІана.

## Меседил ЦІваялъе мустахІикълъарав…

**Нилъер васаз рухІ къун цІунулеб буго жакъаги эбелаб ватІан. Амма цо- цоязе къезе кІочонеб буго мустахІикъаб медаль, орден. Жакъа гьаниб бицине бокьун буго Салатавиялъул бахІарчиясул ва гьесие бихьизабураб, мустахІикъаб Меседил ЦІва щунгутІиялъул хІакъалъулъ. Щиб гІиллаялда бан, рухІалда барахщичІого, бахІарчиго вагъарав Жамаловасе командирас бихьизабураб Меседил ЦІва къечІеб?**



Ленинаулалдаса СВОялда бахІарчиго хварав Юнус Жамаловасул хІакъалъулъ гІемер бицунеб букІана социалиял гьиназда. Гьес рагъулъ жидерго ротаялъул рагъухъаби цІунун, живго хвалил цІадаве иналъулги лъан букІана гьев чІван хадусел къоязго. Унго-унгояв бахІарчи гьев вукІиналъ, 70-абилеб полкалъул командир Иван Жолобов вачІун вукІана Казбек районалде, Хасавюрталде, гьесул бицинеги, гьесул чІужу-лъималги рихьизе. Гьес бицана Юнус Жамалов жинда цевего лъикІ лъалаанин ва гьев жинца Россиялъул бахІарчи абун Меседил ЦІваялъе вихьизавун вугилан абун. Амма ана заман, щаяли рагъулъ тІагІарав старшина, пулемётчик Жамаловасе гьеб шапакъат кьечІого, кІиабизеги «Орден Мужества» (рагъулъ чІвалелдего гьесие рагъулъ рихьизарурал цогидал гьунаразухъ къун букІана) гурони къезе бихьизабичІо. Гьелде бахъараб буго гьаб Ниязбег Алмахъскиясул кечІ.

*СалихІ САЛИХІОВ*

## КІиабилеб орден босилароан

Цебе лъураб гали
Нахъеги босун,
Тушман вохиларин
Гьа бана дуца.

Къураб рагІи ккуна,
Хвезе биччачІо,
Мун даим вукІана
Цебесеб къерда.

Дун хвани гІодизе
Эбел гьечІилан,
Улбул чІаго ругел
Щунана дуца.

Рагъул гьудулзаби
Хвасарги гьарун,
Дудего къал ахІун,
Къуна дуца рухІ.

Учузго рухІ къезе
КъотІи букІинчІин,
Къокъа нацистазул
Лъуна ракьалда.

Дур бахІарчилъиги
Гьунарги бихьун,
Бищун тІадегІанаб
Шапакъаталъе

Хъвана командирас
Мун хІакъав вугин,
Гьесие Меседил
ЦІва къезе ккелин.

Дагъистан бокьулев,
Нилъги рокьулев,
Путиница гьулбас
ЛъечІеб кин гьелда.

Казбекалъул васас
Гьабураб гьунар,
Кинго Путинихъе
Щун батуларо.

Щун букІарабани
Гьедун абила,
Путиница нахъчІвай
Гьабилароан.

Россиялъул цолъи
ЦІунарал васал,
Рихьун лъала досул
Дагъистаналда.

Диде гьикъи щолеб
БукІарабани,
КІиабилеб орден
Босилароан.

Хварав Юнусие
Цо къураб гІелин,
Цогидаб гьесие
ХІажалъиларин.

Салатавиялъул
Сайигъат бугин,
Цогидасе къейин
Къелаан нахъе.

БахІарчиян цІарги
Меседил ЦІваги,
КъечІони щиб жакъа
Жамаловасе.

Дос хвасар гьарурал
Васазул улбуз,
Кьолеб баркалаги
ГІела досие.

Цого ритІухълъиялъ
Мугъ бараб заман,
ЗахІмалъиялъ вуго
Дунго кІалъалев.

Щай цо-цо чиясул
КІудияб гьунар,
КІодо гьабичІого
ГьитІин хутІулеб.

Даниялов гІадав
Тахида вукІун,
Юнус вукІинаан
КІицІул геройлъун.

*Ниязбег АЛМАХЪСКИЙ*

# Хасалихълъиялъул бакънал

***Биччай гьутIбуздаса гьенезе тIамах,***
***ТIогьилаб халича тIамизе гIодоб.***
***Абиларо дица гьеб мехалдаги,***
***Хаслихълъи бачIанин, хур-хер бечIанин.***



**Гьедин хъвана магIарулазул гьунар бугев шагIир Тажудин Таймасхановас. ХIакъикъаталдаги щивав шагIирасда жиндиего хасиятаб къагIидаялъ бихьулеб батила ихдал дуниял цIилъулеб гIужги, риидал тIогьода босун бугеб магъил берцинлъиги, хасалихъе гьутIбуздаса ротулел тIанхалги, кьиндал хъахIаб юргъаналда гьоркь гIунараб тIабигIаталъул сипатги.**

Дие жакъа гьаниб бицине бокьун буго хасалихълъиялъул хIакъалъулъ. Меседилаб хасалихълъи абун гьелде жидерго бищун лъикIаздаса цоял шигIраби хъвана гIурусазул машгьурал шагIирзаби Пушкиница, Лермонтовас ва цогидазги.

Хъвана гьелъул хIакъалъулъ нилъер шагIирзабазгун хъвадарухъабазги.

**БачIун буго гьарзаяб,**
**БачIун буго гьайбатаб,**
**БачIун буго пашманаб,**
**БачIун буго хаслихълъи,** – ян хъвана ХIамзатил Расулица.

«Хасалихълъи рещтIун буго рекIелъ», - ин абуна живго цохIо, БакьагьечIиб ялгъузаб рокъов вугев Тажудин ЧIанкIаца.

ГIажаибго берцинго букIуна гьеб моцIалъ магIарухъги. Дида гьелъ ракIалде щвезабула гьитIинаб заман. Хуриса хIалухъен бакIарулел къояз хурзабахъ букIараб чIагольи, гьарудулел гIадамал. Хурул ракьанда бакараб цIадула тIад гьалулеб хьаг, гьениб белъунеб картошка. Хасго батIияб тIагIам букIунаан рохьдолъе рехун бежараб картошкаялдаги, гьединго жеги рохьдолъго бугеб цIоросаролъалда. Бечедаб заман буго хасалихълъи. МугIруздаса гIиги рокъобе буссараб, царгъазухъе тIорщелги буссараб, хасалихъе гьарулаан цере магIарухъ бертабиги.

## Араб гIасруялъул нуцIихъги лъалхъун...

РакIалда бугищ нужеда Муса МухIамадовасул «Къисас» асаралда гьелъул хIакъалъулъ хъван букIараб куц. *«1916 соналъул хасалихълъи тIаде щвана. Кибалиго рикIкIада рагъул гьугьайги, гьурулел тушбабиги, туманкIул харил махIги буго. Рагъдаса рикIкIадаб магIарул росулъ абуни, жиндирго гIадатияб ракълилаб гIумру букIана. Хурзабахъ гьарулел хIалтIаби ахиралде ракIарун рукIана. БугIа ва роль лъилълъун, гIаразде буссинабуна; цIоросаролъ къотIун, санагIат ккарабго чехьезе хачIал гьарун сокIкIун лъуна. Рагъабазул хIубазда дал-далун рукIана хасалоялде хIадур гьарурал ражипералълун ва порол гьалал. Ахазукьа пихъ тIагIана. Ахбазан ва курак бакъвазабун, чIахIиял къандалъабахъе бан нахъе лъуна, гени-гIеч къотIнобегищин чIвалеб берцинаб махIги бахъинабун, рукъзабахъ тIибитIун букIана. Резил шагьаби гIадал тIамхалги гьороца тIу-тIун, хъахIаб кьер чIвараб ракьалде гьенезарун, гьутIбиги чIегIерлъун гIаркьалабигун бесдаллъулел рукIана. Ахил музыкантал, хIасратал бакъназул роол хIанчIиги араб бакI лъачIого тIагIана, хинал рахъаздехун унел нухда ратила гьел.*

*Хурзабахъ, ахазукь сихIкъотIи букIана, амма росулъин абуни, ахIи-хIур гIемерлъун букIана. Лал тIамулел, тIорщел баччулел, мугIруздасан гIи-боцIи лъарагIлъиялде гочинабулел – рекьарухъабазул «цIадабе бегьаниги квер бухIуларел», хIалтIи щокърябе бахарал кьоял рукIана. «Гьанже цодагьабги жигар, цодагьабги яхI бахъе – цинги кинабго жо рукъалде буссина, магIишаталъул сон лъугIила, гьеб мехалъ бугелда гIейги гьабун, хIалхьуда рещтIине бегьила»*, - ян абухъего хIалтIулел рукIана гIадамал.



Гьедин букIана цебе магIарухъ. Аваразул классик, бергьараб гьуналъул хъвадарухъан Мусаца цIакъ махщалида цебечIезабулеб буго некIсияб магIаруллъиялъул хасалихълъиялъул сурат.

Дун гьанже-гьанжеги гIащикълъун хутIула доб заманалъухъ. Гьелъул ахирисеб тIири гIадин, дир лъимерлъиялъеги щвана гьеб заманалъул гьитIинабго бутIа бихьизе. ЦIакъ аваданго букIунаан дун школалда цIалулеб мехалъ хасалихълъиялъул моцIалъ. Школалдаса рокъор толаан хур-хер бакIаризе эбел-инсуе кумек гьабизе. Гьеб букIана бищун талихIаб заман. ХIамида тIад къараб хилидул хвач-хвачиялде ракIги гьезабун, цо-цоцазе бицунаго хабаргун баччулаан рокъобе цIоросаролъ. Къваридаб нухда хIама дандеккедал, «гъоркье-тIаде» абун цоцазе нух кьолеб берцинаб гIадат. Хурул ракьанда бараб хьаг, бахъулеб картошка, тIадехун хурзабахъ хIалтIулел гIадамазул цоцазе гьабулеб махсара.

Берцинаб яшав букIана нилъер умумузул. Кьо бихьун, черхалдаса анкьго гIетIги тIун гьабизе кканиги, хIалалаб магIишат букIана гьезул. Гьанже-гьанжеги битIахъе
са, гьой» - йилан ахIулеб гьаракь. РакIалда буго гьединго эбелалъ иццухъе лъел цIезе витIараб куц. Ссандаса гIодобе унеб берцинаб сухъмахънухги бихьизабун, ссанул аххада бугеб ицц бихьизабуна эбелалъ дида. Гьеб кьоялъ тIоцебе хIалбихьана дица мугIрул иццул гIансигIан цIорораб лъел тIагIамалъул. Дида гьеб лахIзат киданиги кIочон теларо. Росулъе щванщинахъе гьанжеги уна дун дирго лъимерлъиялъул иццухъе. Добго ссандаса гIодобе бекерун унеб нухги, аскIор долго гьутIбиги, иццада тIаса эхетун добго кIудияб гамачIиги буго. Амма мугIрул тIабигIаталъе рагьараб горду гIадин, гьадароялда релълъун дида бихьулеб букIараб иццул цебесеб сурат гьечIо. Сверун цементги чIван, тIаде маххул тIалъелги къан бахчизабун буго гьеб. Амма дун жакъаги урхъула гьелъул цебе букIараб жиндирго сураталъухъ. МатIу гIадин тIокIкIараб, гьорлъан гIисинал чIинхалги рихьуледухъ кIул-кIулиялда чвахулеб гьелъул гьаракьалъ пана гьавулаан дун. Гьанже гьеб кIул-кIули рагIулеб гьечIо…

Гьединго хисун буго магъил суратги. Доб дун гьитIинаб мехалъ гIадин аваданго хурзабахъ гьарудулел ругел гIадамазда берчIваларо. Риидал херги хасалихъе тIорщелги мугъалъ баччулел рукIарал хIамузул рехьедги мигьлъун буго. РикIкIине цо чанго хIама хутIун буго росулъ. Машинаялдаги рекIун уна гьанже хурире, машинаялда нахъруссунги рачIуна, хуриса тIорщелги гьелъ баччула. Бигьалъи щун буго халкъалъе, бигьалъи бокьулебги буго кинавго чиясе. Амма бигьалъи щваниги, хIалтIизе бокьарал цIакъ къанагIалъун руго. Мигьлъулел руго магIарухъ рекьулел ракьал. Гьелдаго цадахъ мигьлъулел руго гIадамазул ракIалги. Нусго къали жаниса бакIарулел рукIарал, бечедаб бачIиналъул умумузул хурзал гIурдаде сверун, раккуриги жаниб чIван балагьун гIащикълъула дун доб заманалъухъ. ЦохIо кьоги гьезухъ «гьоболлъухъ базе» бокьилаанин хIайранлъун хутIула, гьезул пикраби гьарунагIан.



## Гьарула цадахъ босе, Гьарула кIочон тоге

Гьеб гьайбатаб заманалъул цо гьитIинабго тIири щвана дир лъимерлъиялъеги. Дида ракIалда буго кинабго. РакIалда буго щуго сон барав чиясда тIоцебе хур бекьулеб бихьараб куц. ЧIегIераб ракьги бикьизабун, кутан хадуб цIалел оцазухъ балагьун дие букIараб гIажаиблъи. Рекьарухъабазул разиял гьурмал, оцал нахъсверизаризе: «гьо бус-
пуланго руго. Бесдаллъулеб буго магIарул мегъ.

Гьадинал пикраби рорчIуна рекIелъ иргадулаб нухалдаги росулъе щведал. Хур-хер бакIарун лъу-гIун буго магIарухъ. Риидалил мучI-дуздаса буссун гIи-боцIиги бачIана. Риилялда жаниб гIемерисеб бакIги хер хъвачIого хутIун, харибакIалги руго битIахъе гьургьулел. КигIан бокьаниги хер буго боцIуе кваназе…

***Ашахан ЮСУПОВ***

# Эмен – лъималазул мугъчIвалеб къуру

**15 октябралда нилъер улкаялда кIодо гьабула Инсул къо. 2021 соналда РФялъул президент Владимир Путинил тIадкъаялда рекъон, октябралъул лъабабилеб гьатIаналда кIодо гьабизе байбихьана гьеб цIияб байрам.**

**Нилъер гIадат гьечIо эбелалда гуреб инсуда хIеренал рагIаби абулеб, кучIдул хъван гьев кIодо гьавулеб. Гьелъул магIна кколаро лъималазе эбел гIадин эмен вокьуларин, гьев кIодо гьавуларин абураб. Эмен кIодо гьавиги, гьесул къадрулъиги бихьула гьев вугеб бакIалда лъималаз бетIер гIодобе къулун, гIададисеб калам гьабичIого, гьесул щибаб рагIи законлъун рикIкIиналъулъ. Гьеб хасият батана нилъее гIасрабаз бидулъ куцан.**



Гьанжесеб заманалъул лъимал эбел-инсул къимат лъаларел, бугебгIан магIишатги гIоларел, тарбия щвечIел ругин гIарзахъдилеб рагIула чIахIияб гIел. Узухъда, лъималазе тарбия кьеялъул рахъалъ заман захIматаб бачIун буго, амма нилъеца бекьараб гурони, нилъееги бижилищха. Жакъа гIемерисел хъизамазда тарбия кьеялъул иш эбелалъул гъуждузде рехун тун буго. Эмен къанагIат гурони лъимада вихьулев гьечIо. Инсуцаги эбелалъги бащад кьезе кколин лъималазе тарбия абун ахIи балеб буго хъизамалъул институт цIуниялъул мурадалда жамгIиял гIуцIабазги.

ГIолеб гIелалъулъ хъизамалде къимат куцаялъул ва эменлъиялъул кIвар цIикIкIинабиялъул мурадалда, 2018 РФялъул президентас лъикIаблъун бихьизабуна улкаялдаго Умумузул совет (Совет отцов) гIуцIизе. Щибаб школалда гIуцIизе байбихьана гьединал советал. Гьелъул мурадги букIана - лъималазул тарбиялъул ва лъай кьеялъул жавабчилъи бихьиназги тIаде боси. 2018 соналда Россиялда гIуцIана гьединаб федералияб советги. Дагъистаналдаги руго гьединал советал. ГIемерисез гьеб жамгIияб хIалтIи кагътида гьабун тIаса бихьизабулеб батаниги, дандчIвала гьеб иш ракIунтун гьабулелги.

## Тарбия гIицIго улбуз кьураб гIоларо

*«Лъималазе хIажат буго эбелалъулги инсулги цадахъаб тарбия. Гьеб мурадалъе гIоло школалда бихьинал умумузул совет гIуцIулелъул, гIемерал ричIчIунгутIиялгун дандчIвана. Бихьиназе бокьулеб гьечIо лъималазе тарбия ва лъай кьеялъулъ гIахьаллъи гьабизе. Нилъер заманаялъ гьединал жал рукIинчIин, жидее тарбия гьедин кьун букIинчIин абун багьанаби ратулел руго гьез. Гьаб буго эбел-инсуца лъималазул тарбиялда цIикIкIун тIадчIей гьабизе кколеб заман. Советияб заманалда гIадин школалъги тарбия кьолеб гьечIо»,* - ян абураб кIалъай гьабун букIана Хунзахъ росдал №2 школалда хIалтIулеб «Совет отцов» гIуцIиялъул председатель Тимур ГIумаровас «Эбел-инсул миллияб ассоциация» жамгIияб гIуцIиялъул Дагъистаналда бугеб отделениялъ тIобитIараб конференциялда.

Тимур ГIумаров ккола Хунзахъ районалъул Хунзахъ росулъа. МахIачхъалаялъул машиностроительнияб заводалъул хIалтIухъан, ункъо лъимадул эмен ГIумаровас рикIкIунеб буго лъималазул цIалулги тарбиялъулги тIалаб руччабазул гъуждузде рехун тей битIараб гьечIин.

Ахираб лъабго соналъ Тимурица гIумру гьабулеб буго Хунзахъ, лъималги гьенир школалде ритIун. Гьезул хъизамалда цIикIкIун кIвар кьола лъималазе тарбия, лъай кьеялде. Тимурил лъади хIалтIулей гьечIо, хъизамалъул тIалабалда рокьой йикIуна. Лъималазул цIалуда хадув чIарав чи вукIиналъ Тимур ГIумаров тIаса вищана Умумузул советалъул председательлъун.

Тахшагьаралъул школалдаги ГIумаровазул лъимал лъикI цIалулаан. КIудиял васал тIокIлъиялда цIалана МахIачхъалаялъул школалдаги хадур вузаздаги. ГьабсагIат гьезул цояв хIалтIулев вуго спортивияб школалда администраторлъун, цогидав юридикияб централда. ЦIалулъ цебехъанлъи бихьизабулеб буго Хунзахъ кIиабилеб школалъул 9 классалда цIалулей ясалъги бищун гьитIинав, 4 классалда цIалулев васасги. ЦIалиялъулъ гуребги диналъул ва спорталъул рахъалъги тIадчIей гьабула Тимурица лъималазда.

## Ахир квешаб ккезе рес буго

*«Нижер школалда гIуцIун буго 11 эмен гъорлъ вугеб совет. Вотсапалда къокъаги гIуцIун, гьенир гьоркьор лъола лъималазул цIалуда ва тарбиялда хурхарал суалал. ЦIалдохъабигун цадахъ ниж уна экскурсиялде, сапаралде, тIоритIула спортивиял къецал, хIаракат бахъула хашго цIалулеб яги низам хвезабулел цIалдохъабазул умумул лъималазул школалъулаб гIумруялъулъ гIахьаллъизаризе.*

*Умумузул советалъе нухмалъи гьабулелдаса нахъе 30 эмен кIвана лъималазул лъай кьеялде гъорлъе цIазе. ТIоцебесеб нухалда школалда эбел-инсул собрание тIобитIидал, 4 чи гурони вачIун вукIинчIо, иргадулаб нухалда тIобитIараб данделъиялда 14 эмен гIахьаллъана. Лъималазе цIалулъ къваригIараб ва цогидал мурадазе гIарац бакIаризе ккани, калам гьечIого бакIарула бихьиназ. Амма лъималазул лъай кьей кIвар гьабичIого, гIарацги кьун тIубазаби битIараб гьечIо. Гьеб цохIо соналъ гьабун бажарулеб жо гуро. Нилъер гIадамазул хасияталъулъ букIинчIеб жо буго инсуца лъималазул цIалиялде кIвар кьей. Эмен кидаго вукIана хъизамалъе квенги хIажатабги чIезабулев чилъун. Гьанжесеб заманаялъул захIмалъабаздаса лъимал цIунизе ккани, инсуца гьезул гIумрудулъ гIахьаллъи цIикIкIинабизе ккун буго»,* - ян рикIкIунеб буго ГIумаровас.

ГIемерал лъикIал хъизамал руго рукъалъул тIалабал цоцада гьоркьор ращад рикьарал. Школалъул иш эбелалъ тIубалеб буго, спорталде куцай ва дин малъиялъул инсуца тIалаб гьабулеб буго. Гьебгицин гIоларин, лъималазул лъай кьеялде кIвар кьезеги заман батизе кколин инсуцаян рикIкIунеб буго Тимурица.

*«Жакъа гIемерисел бихьинал, риххун лъугьун, магIишат гьабулел руго. Хъизамги рокъоб тун, гьел хьихьизе гъурущ балагьизе цо-цо бихьинал рикIкIаде хIалтIизе унел руго. Инсул тарбияги тIалабги щвечIого гIун рачIунел руго лъимал. Гьезда бичIчIулеб гьечIо хъизамалъул къимат, гьелъулъ инсуца кколеб бакI. Дица гьелъул рахъ кколаро. ГIемераб магIишат гьабизе бегьула данде, амма гьелъ хвасар гьарураларо инсул бербалагьиги щвечIого, мекъаб нухде ккарал лъимал. Инсуца тIалаб гьабичIев вас квешал къиматазда цIалулев, хIаязде, наркотиказде ругьунлъун яги терроризмалде гьоркьове ккун ватизе бегьула. Аллагьас цIунаги гьелдаса. Щибаб хъизамалъул жиндирго къагIида ва шартIал ратизе бегьула лъималазе тарбия кьеялъул рахъалъ. Киназего къимат кьун бажаруларо»,* - ян бицана Тимурица.

## Лъимадаса цебе инсуе щвезе ккола тарбия

«Миллияб эбел-инсул ассоциация» жамгIияб гIуцIиялъул Дагъистаналда бугеб отделениялъ цIикIкIараб кIвар кьола хъизамал цIуниялде, лъималазул тарбиягун лъай кьеялде, гьезул ихтиярал цIуниялде. Рехсараб жамгIияб гIуцIиялъул Казбек районалда вугев вакил Ражаб ЛатIиповас рикIкIунеб буго гIицIго нилъерго хъизамазул гуребги, жамгIияталъулго ургъел ва агъаз гьабизе кколин гьанжесел умумузин абун. «Миллияб эбел-инсул ассоциациялъул» вакилзабигун цадахъ Ражаб щола лъималазул туснахъаздеги ятимазухъеги. Добаса-гьаниса бицунеб рагIун гуреб, берда бихьун лъала гьеса инсул тIалаб гьечIого хутIарал лъималазул къисматалъул къваридилъи.





Казбек районалъул Дилим росулъа Ражаб ЛатIипов ккола ункъо лъимадул эмен. Лъабгоял школалде, цояв ясли-ахалде хьвадула.

**- Ражаб, гьанжесеб заманалъул инсуе лъимал хIетIалде рахьинаризе захIмат бугищ?**

- Жакъа эбел-инсуда цебечIараб суал буго «яги лъимал яги гIарац» абураб. Хъизам хьихьизе, хIалтIизе республика тун къватIирехун арал умумузул лъималазе тIалаб-агъаз гIолеб гьечIо. Телефоназде яги жалго жидедего руссун гIолел руго лъимал.

ХIатта рокъор рукIунцин кколеб къагIидаялда лъималазде кIвар къун бажарулеб гьечIо цо-цоязухъа. Сордо-къоялда жаниб цохIо сагIатгIаги батани, гьелъгицин кьола кIудияб пайда.

Эмен гIемерисеб мехалда къватIивехун вукIунелъул, лъималазул гIумруялъулъ гьев эбелалдаса дагьго гIахьаллъизе кколев вуго. Гьеб дагьаб заманги, телевизоралъухъ балагьун, гIадада тIамичIого, лъималазулгун накъиталда тIамизе бегьулелъул. Эбелги йикIуна, эменго гIадин, хIалтIулей, амма гьей регIула гурищ лъималазда аскIой гIодой чIезе, гьезда лъикIаб квешаб батIабахъизе малъизе. Эбелалъги инсуцаги цадахъ рекъон, бащад бикьани бигьаго букIина лъималазе тарбия кьеялъул иш.

**- Тарбия кьеялъулъ тIоцебесеб иргаялда сунде дуца кIвар кьолеб?**

- Лъималазе тарбия кьезе байбихьилалде цебе цин гIолохъанав инсуда лъазе ккола жиндирго халкъалъул гIадатал, диналъул аслаби. Гурони, телевизоралде руссун, интерненталъуре лъугьун, чияр культураялда рекъон лъимал гIезаруни, гьеб тасамахIлъи цо заманалдасан нилъедаго данде багъизе буго. Лъималазе кьелалде тарбия цин жидеего щвани лъикIаб букIина, гьезда малъарилалде цебе, цин нилъеего щвезабизе ккола лъай.

**- ГIолохъанав эмен жамгIияб хIалтIуде кин регIулев?**

- Гьира бугони, бокьараб иш гьабун бажарула. Нилъго гIадал, лъималазул тарбиялде кIвар кьолел, нилъерго гIадал пикраби ругел гIадамалгун цадахъ гьабулеб иш лъикI цебетIола. Дуца кигIан лъикIаб тарбия кьолеб бугониги, дур лъимада сверухъ квешаб анцIго лъимер бугони, кида-къадги гьезул квешаб гIамалалъул тIири гьелдеги щвечIого хутIуларо. Гьединлъидал, кIвар кьезе кколеб буго гIаммаб къагIидаялъ тарбия кьей лъикIлъизабиялде.

Ахираб заманалда хъизамал риххиялъул хIужаби цIикIкIиналъ инсул бербалагьи гьечIого хутIулел руго гIемерал лъимал. Аслияб къагIидаялъ лъимал хутIулел руго эбелгун яги кIодо-кIудигун. Гьединал лъимал цо-цо мекъаб нухде ккола. Туснахъалде кколел лъималги гIемерисеб мехалда инсуца тIалаб гьабичIого тарал хъизамаздаса ратула.

Цебеялде дандеккун законги гIадлуги къвакIараб буго гьанже. Гьединаб гъалатI тIокIаб такрарлъизе тогеян абун лъазе гьабун толеб букIараб ишалъухъ, гьанже гIолилал жанир тIамизе рес буго. ГIолохъабазул цо-цо гъалатIал ккезе рес буго хехлъи сабаблъун, ургъичIого, кантIичIого. Гьелдаса цIунун гьечIо, эбел-инсуца тIалаб гьабичIого тараб лъимер. Нилъги гIедегIула цо гъалатI ккарав чиясда цIогьорин, хIалихьатин цIарал чIвазе. Гьелъул хIасилалда гьев жеги кутакав цIогьорлъун вахьине рес буго. Гьелдалъун абизе бокьун буго, Аллагьас нилъехъе аманатлъун къурал лъималазул тIалаб гьабеян. Лъимал рижула мунагь гьечIеллъун, чIахIиязул гIайибалдалъун лъугьуна гьел такъсирчагIилъун яги иман бугел гIадамаллъун.

***П. СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

# РикIкIен батулареб гIиги цебе гъун…

«Кинав Авараг Аллагьас ракьалде витIаниги, гьезул щивас гIи хьихьулаан»

*(Абу-Хурайра)*

**«Оц лъугьунеб жо лълъар баккудасанго лъалин» буго аваразул кици. Гьединго гьитIинго лъала унго-унгояв чи лъугьунев инсанги. Жакъа къоялда бищунго дун бахиллъулел гIадамал ккола, кигIан заман хIабур-гъараб букIаниги, бигьаяб чед балагьизе лъугьинчIого, хIалалаб, бацIцIадаб магIишаталда чIарал, унго-унгоял захIматчагIи. Биччанте гьел рукIине ахихъаби, хурухъаби, гIи-боцIухъаби…**



Хасго цIакъ адаб гьабизе бачIуна гьединал гIолохъанаб гIелалдаса ратидал. Дица тIадехун рехсовухъе, унго-унгояв росдал захIматчиги умумузул васги ккола Хунзахъ районалъул Харахьиса МухIамадов МухIамадги. ГIумрудул гIицIго 26 сон гурого гьечIев гIолиласул гIакълу-лъаялъги иман буголъиялъги битIахъего абуни сагьвил гьаюна дун. Эмен ЖабрагIилида хадув вилълъун вехьасул захIматаб хIалтIи тIаса бищарав МухIамадил бетIергьанлъиялда гьабсагIат буго кIиазаргогIан гIи (гьездасан 800 кьинлъулеб чахъу). Эбги магIарулазе мохмохазул беричлъиялъ бокьулеб «Тушинская» тайпадул.

Эменгун цадахъ гочинабун гIи хьихьулеб бугев МухIамадида дица гIажаиблъун гьикъана кин гьаб заманалда гьединал бахIарзал рукIине рес бугебилан.

ГIиял къавабазе къваригIарабтараб босизе Гъизляралде унев нухда вугев чияс къуна гьес дир гIемерал суалазе жавабал. Намуслъунгицин йикIана хIалтIуда нахъа вугев чиясул заман чIваялдаса. Аварагасул (саляллагьу гIалайгьи вассалам) сунналдасан бачIараб букIиналъги, баракат щваяв ЧIикIаса СагIидафандиясе хирияб букIиналъги гьитIинаб къоялдасанго бокьулаанила жиндие гIи-боцIуда вукIинеян бицана МухIамадица. ИчIго сон барав чи гьев гIахьаллъун вуго гIехьелдерил гIи магIарухъе гочинабиялда, ва гьелдаса нахъе тезе кIун гьечIо гьитIинго рокьи ккараб иш.

КIудияв эмен ГIумарил МухIамад лъикIав учительлъун вукIиналъги, гьесулги эмен Къуръан цIалулевмалъулев дурусав муъминчи вукIиналъги щун бугин МухIамадие светиябги диниябги бичIчIиян тана дица гара-чIвариялда.

*- ЗахIматалъ куцала инсан. Бокьулеб хIалтIуда нахъа вугони, гьебги гьираялда гьабула, цебехунги билълъуна, - ян, жиндир саназда рекъечIеб барщараб пикру загьир гьабуна гIолохъанчияс дие. Баркала буго жинцагоги лъабго класс лъугIаралдаса нахъе вехьасул тIил ккурав, дир инсуе гьитIинаб къоялдаса нахъе гьаб баракатаб хIалтIуда нахъе лъугьине дун тIамурав.*

МухIамадовазул хъизамалъул хасаб бетIергьанлъиялда бугеб магIишаталъул аслияб пайда-хайир букIунеб буго августалъ хухал ричиялдасан.

*- ГьечIо цебе гIадин къунцIараб квас кьезе бакI. Кьолеб бугониги, гьелъул багьа бихьараб къоялда бащалъуларо. 7-8 гъурущ щола килограммалъухъ. Цо гIиялъажо къунцIун нижеца кьола 100 гъурущ. КъунцIарухъабазе мухьдае кьезегIаги букIинаан гурищ, доб босулеб бакIниги бугебани… Гъизляр районалъул Бредихиналда хьихьулаан нижеца гIи, гьанже цIияб бакIги балагьизе ккун цо дагьаб захIмалъи буго.*

*17 къо-хасалихъе, 20-22 къо-ихдал тIинчIгун эхеде бахъула гочинабиялъ. Щиб хъулухъ гIияе гьабулеб букIаниги, гIунгутIаби дандчIваниги, дида хьолбохъ ратулел лъикIал чагIи гIемер руго. Хасго кIудияб баркала дир «кваранаб квер» Гьарадерихъа МухIамадиеги, ригьалда вугониги мухъилъ вугев эмен ЖабрагIилиеги. Щиб гьикъун аскIове вачIаниги, лъалареб малъула, кумек гьабула районалъул росдал магIишаталъул отделалъ (хасго Паврузат Мусаевалъ), гIумру кьеги сахалщинал гIадамазе.*

*Исанаго исана щвана гIи хьихьун пачалихъалъ кьолеб дотацияги, щаяли грантазе документал хIадурун рагIалде бахъинчIо дихъа.*

*Рецц Аллагьасе буго гьалщинал нигIматал, санагIалъаби къун нилъ хьихьарав. Дун кутакалда рази вуго дирго къисматалдаса, РоссиялдекъватIиве вахъун шагьи-пара балагьизе ккечIого, бокьулеб ишалда нахъа вукIиналдаса. Киданиги ракI бухIичIо дир вехьасул тIил кодобе босиялдаса, Алжаналдаса рачIараллъун рикIкIунел гIиял махI сунтIиялдаса.*

Жеги гIумруго цебе буго «нусго гIезегIан азарго холилан» абулеб захIматаб иш-гIияхъанлъиялде ван вугев дир цIияв гьудул, Харахьиса МухIамадил. Дун божула, хIалалаб хIалтIудалъун, сахаватал ишаздалъун жеги гьесул цIар рагIизе букIиналда.

Гьабулеб иш битIаги, рехъаби цIикIкIаги, гIияхъан, дур!

***Ф. МУХIАМАДОВА***



# «Бергъенлъи гуреб батIияб хIасил

**Жакъасеб гара-чIвариялъул багъадурасул бицун саламатаб цебераги хъваян къалам басанданиги, ракIалъ малъухъе къокъго абила - гIакъилав чиясухъ гIенеккизе щвейги къиматаб дарс бугин. Хирияв нижер цIалдолев, гьанжесала дуе битIулеб накъит буго, редакциялъул санагIатаб кабинеталъуса гуреб, риидалил къоязги гIаздал гьогьоми камулареб, мугIрул борхалъудаса.**

**ТIагIамал хурдузул чайги гьекъолаго, дунгун хабаралда вуго Россиялъул мустахIикъав машиностроитель, «Концерн КЭМЗ» АОялъул генералияв директор Ибрагьим АхIматIов.**

**Сверухъ мугIруз, къурабаз къолден бараб гьидерил жаниблъиялъул къилбаялъул рахъалда буго ризал рохьаз бацараб гучаб Наа мегIер. Гьелъул ахалъиялде щведал, батула ракI биунеб берцинлъиялъул, ралъдал гьумералдаса 2200 метралъ борхалъуда бугеб Накь абулеб гIатIилъи. (Накь- Наа мегIералда гьоркь абураб магIнаялда)**

**Гьаб ахираб щуго соналда жаниб гьениб гIуна, «Сосновый бор» абун цIар къураб, Гьизляралъул электро-механикаялъулаб заводалъул хIалтIухъабазе риидалгун хасало хIухьбахъиялъе киналго шартIал рекъезаруряб гьитIинаб «шагьар».**

## Нилъерго ракь бокьуларес гьениб бутIа лъоларо

МаркIачIул бецIлъи цIикIкIанагIан дагьлъана рохьоб хIанчIазул чIирчIири. Сверухълъиялда тIибитIана, гIодоркъояз хIухьбахъизе рачIарал заводалъул хIалтIухъабазул авадаб релъигун гаргар, цIетIа бежулеб гьанал тIагIамаб махI, самоваралъуса бурулеб кIкIуй.

– Августалъул сардал ругониги, Накь квачазе рес бугебха, ПатIимат, –ин абуна Ибрагьимица, хъахIаб буртина дихъе бегьулаго.

Нижер накъит халатбахъине букIин тасдикъ гьабулеб гIадин, жинцагоги гьес гъуждузде рехана чIегIераб буртина.

– ГIайшат, гьанже дуца нижее бищун цIакъал хурдузул чайги такрар гьабизе батилаха, – ян гьимулаго абуна Ибрагьимица лъадудехун вуссун.

Нижеда цебе буго борхатаб Наа мегIер, мугъалда нахъа КЭМЗалъул самолёталгун вертолетал рещтIунеб гIатIилъи, квегIихъе, гъоба ахада – АваргIурул мухъ, доба рикIкIада, накIкIул тIелазда гъоркь хуздерил тIалъи, классиказул асаразулъ такрарлъараб ГIакаро мегIер. Кварахъе гIодоблъуда, цоцахъе кверал къурал кинигин журарал гьидерил анкьабго росдал чиракъал. Балагьун гIорцIулареб, хIисаб гьабун свакалареб магIарухълъиялъул берцинлъи!

**– Ибрагьим, гIемериселго ресалда ругел чагIи жидерго росу –ракьалдаса рикIкIалъула. Дуца цIакъ кIудияб хIалтIи гьабун буго гьаниб.**

– Пайдаял ишал лъугьуна нилъерго ватIан, гIураб ракь бокьулев чиясухъа. Нижеца гьаб хIалтIи рагIалде бахъинабуна араб соналъ, заводалъ 60 сон тIубаялде. Гьаниб гьабизе хIисабалде босаралъул базе хутIун буго гьитIинаб мажгит ва спортзал. Бищунго къиматаблъун гьаниб буго КЭМЗалъул самолет, вертолет рещтIине хIадурараб майдан.

**– Жакъасеб къоялъ гьадинал хIухьбахъиялъул бакIал туристал рачIиналде ишангун гIуцIулел ругелъул, нужеца къабул гьаризе гьечIищ гьел?**

– Туризмалъулгун гIахьалаб жо гьаниб щибго гьечIо. ТIоцебесеб иргаялда, дир мурад буго заводалъул хIалтIухъабазул сахлъиялъул щулалъи, гьел разилъизари.

Щай дица гьаб бакI тIаса бищараб? Дудаго бихьулищ гьаниб эркенго хIухьел цIалеб куц! Гьаб борхалъиялде ругьунлъизегIан, тIоцебесеб лъабго къоялъ черхалде хIалкколеб хьвада-чIвади гьабичIони, бидул къаби (давление) хIалуцарал чагIазегицин лъикI лъугьуна гьаниб.

Дуцаго хIисаб гьабе гьанир ругелщинал рохьил пихъазул, даруял хурдузул!

Гьизляр буго гъветI-хер мукъсанаб авлахъалда бараб шагьар. Риидал гъоба 40 градусалдасаги эхеде араб багIари букIуна, гьединаб бакIалда гIадамазул гьуърузул унтабиги камилищха. ГIалимзабаз цебего чIезабуна кIиазарго метралъул борхалъуда бидулъ лейкоцитал цIилъулилан. ГIадада гурелъул гъуърузул гIузраби сахгъарулел больницаби накIкIирохъазда гIагарлъухъ ралел. ХIалтIухъабазул сахлъиялъе гIоло бараб база буго гьаб, гьезие ресги буго хIухьбахъиялъе къураб заман гьаниб тIамизе.



## Ахирал соназул чIахIиял ишал

**– «Сосновый бор» гьаб щуго соналда жанир гьарун рагIалде рахъарал хIалтIабазул цояб букIиналъ, гьаниса байбихьана нилъеца харбиде. Ахирал соназ заводалда гьарурал ишазулги бицине бокьилаан цIалдолезе.**

– КЭМЗалъул буго 14 батIияб рахъалъул хIалтIи. Самолеталгун вертолетаздаса байбихьун, автомобилазул алатал, авиациялъул двигателал, халкъалъе хIажатаб къайи ва гьеб гуреб цогидаб – гьел киналго бутIабазда руго генералияв директорасул заместителал. ХIажатабщинаб босиялдаса, къотIи-къаял гьариялдаса байбихьун хIадурараб продукция бичиялде гIунтIун жавабчилъи гьезда тIад букIуна.

Жакъа къоялде бокьараб заводалъе бищунго захIматаблъун буго авиациялъе двигателал, гьелъие хIажаталщинал тIагIелал гьари. Дунялалдаго щуго улкаялда гурони гьел гьаруларо. ГIисинал самолетазе двигателал, нижеца гурони нилъер улкаялъул цоги заводазда гьаруларо.

ВК 650 самолеталъул двигателазул цоялъе компрессоралъул корпус ва цогидаб авиациялъул двигателазе хIажатал тIагIелал КЭМЗалда гьарула. Ахирал соназда нижеца квербана гьеб ишалда, лъикIаб цебетIейги ккана.

Автомобилазе продукция биччаялдаги гIемер тIад хIалтIана ниж. Мисалалъе букIуна «гидроусилитель руля» абулеб тIагIел. КЭМЗалъ гьеб босула «Bosch» гIадал, западалъул фирмабазухъа. Гьаб, сверухъ санкциял лъураб заманаялъ гьезухъаги щоларо босизе. ГIемерал харжалги гьарун нижеца тIад хIалтIун лъазабуна гьеб тIагIел гьабулеб къагIида. ГьабсагIаталда гидроусилителал гьариялъул аслияб хIалтIи гьабула Каспийскиялда бугеб нижер филиалалда.

Самолетал гьариялъул рахъги цо бакIалда чIун гьечIо. Нижер кIиабилеб, «Альфа КМ», самолеталъул цIикIкIунисебго технология КЭМЗалъул буго. Ункъо чи кIусулеб, кIиго моторалъул «Альфа КМ» 250 килограммалъ тIадагьаб буго, КЭМЗалъул цебесеб, МАИ 411 самолеталдаса. Лётчиказеги цIакъ рекIее гIун бугоан гьеб.

Араб соналъ нижехъе вачIун вукIана Россиялъул промышленносталъул ва дармил министр Денис Мантуров, гьев гIажаиблъана нижер вертолеталъул макет бихьидал. ЧIахIиял гурони гьадинал, 5 чиясе бакI бугел вертолетал гьарулеб бакI нилъер улкаялъул цогиги гьечIин абуна гьес.

Вертолет гьабиялъе, гьелъул хIалбихьиялъул стенд гьабизеги кIудияб хIалтIи унеб буго заводалда. Гьеб вертолеталда двигатель гьабсагIат импорталъулаб, Rolls-Royce фирмаялъул лъолеб буго. Хадубккун двигатель нижерго букIунеб хIалалъ, гьелда тIадги хIалтIулел руго. Вертолетал гьари гIемерго самолетал гьариялдаса кигIанго захIматаб бугониги, гьеб рахьги КЭМЗалда цебетIун унеб буго.

ЛъикIаб туркIи ккана гьал соназда, нижер кIудияв вас МухIамадица нухмалъи гьабулеб, Москваялда бугеб филиалалъулги. Банкроталде араб Подольскиялъул электро-механикияб заводалъул 42 тIагIел гьабулеб документация къуна нижехъе, гьезда рекъон продукция гьабулеб ва бичулеб буго филиалалъ. Гьел ккола, хIадуризе цIакъ захIматал, ралъдал тематикаялъул ва гьабсагIат нилъер улкаялъул техникаялъе чара гьечIого хIажатал тIагIелал.

Цоги нижер цебетIураб рахъ буго авиациялъе къваригIунеб давлениялъул датчиказда тIад хIалтIи. Гьел нилъер улкаялъ росула Англиялъухъа ва Япониялъухъа, (гьез цадахъ лъугьун къватIире риччала авиациялъе датчикал). Гьел улкабазул щибго гIахьаллъи гьечIого, нижецаго техникияб рахъги цIигьабун, Москаялъул филиалалда датчикал гьариялда тIад хIалтIулел руго гьанже. Гьеб иш гIуцIизеги гIемер сурсатал риччазе ккана нижеца.

**– Ибрагьим, лъалеб жо буго церетIурал улкабаздаго гIадаб тIагIел-алат гьабизе ккани, махщел-лъай бугел устарзаби хIажалъулеблъи. Гьел кир цIализарулел, кир куцалел нужеца?**

– Гьел суалалгун масъалаялдаса хIинкъун гIемерав чи мекъи ккола. Дир нух батIияб буго гьелъие. Вагъизе чи ругьунлъуларо живго кьабгIезе ккечIого. Къуватав чиясдаса хIинкъун нахъегIан къан чIани, щиб хIасил кколеб чиясул? Тренировка гьечIого речIчIухъанасул чемпион вахъунищ? Гьебго къагIида букIуна производствоялдаги. Цогидал предприятиялдаса КЭМЗалъул батIалъи буго, хIинкъичIого, зигардичIого захIматаб ишалда квербай.

Бигьаго гьабулеб цIулал бакI бокьарав чияс цебеккараб бакIалда гьабула, хьарщиялда магIалги къабун, захIматаб алат – гьеб киназухъаго лъугьунаро. ЗахIматабщиналда квербай, гьеб рагIалде бахъинаби буго дир хIалтIул кидагосеб къагIида. Мисалалъе, кигIан заман бугеб Китаялъ катапультниял устройствалъ гьаризе хIалбихьулаго ва гьеб лъугьунароготЬ. Китаялъе, Индиялъе ва цогидал улкабазе нижеца хIадурун ричула гьел.

Нижерго программистал нижецаго хIадурула, захIматабщинаб гьабулаго заводалда лъугьуна лъикIал махщелчагIи. Цояз цогидал куцан, кинабго бутIаялда руго ракIчIараб бажариялъул техникал.

Араб соналда нахъе нижеца байбихьана БТРазегун танказе, 13 батIияб узел бугел стабилизаторал хIадуризе. Нижер махщалил даража бихьун Мантуровас гьарана гьел хIадуреян. Гьел гурел цогидалги цIи –цIиял ва заманалъул тIалабазда рекъон хIажатал алатал гьариялде тIаде руссун руго заводалъул хIалтIухъаби. ЗахIматабщиналда квербай, гьеб тIадегIанаб даражаялда рагIалде бахъинаби – гьеле нижер школаги институтги. Узухъда, лъай камил гьабизе хIажалъи бугеб мехалъ, цIализеги ритIула хIалтIухъаби. Амма хIадурарав махщелчи заводалъе кьолеб бакI букIунаро жибго КЭМЗ гурони.

## Чияр бераздалъул балагьани, нилъерго тохлъи бихьулеб

**– Халгъабураб мехалъ, производство цебетIеялъе чIахIиял сурсатал риччалел руго нужеца. Пачалихъалъул рахъалдасаги гIарцулаб кумек букIунаринги абуна дуца.**

# букIине рес гъечIо»



– Гьал къоязда нижер министерствоялдасги цIех-рех букIана тIаде щвараб хайир (дивидендал) акционеразда гьоркьор кигIанабсеб къадаралда рикьараб абун. Мисалалъе 2019 –2023 соназул бицани, техника цIигьабиялде, цIиял бакIал раялде, махщалил даража борхизабиялде нижеца биччан буго щуго миллиардалде гIагарун гIарац. Цо кварталалда жаниб 700 миллион харж гьабураб, 70 миллионалъе гурони продукция къватIибе биччачIебги букIуна заман. Директорасги цогидал акционеразги жидерго чванта биццалъиялъул гурони ургъел гьабулеб гьечIони, завод цебетIеялъе ресал рукIунаро.

**– Дур кIиялго васазухъ руго ОАО «Концерн КЭМЗалъул» жавабиял бутIаби. Рази вугищ гьезул нухмалъиялдаса?**

– Дирго васал цогидал махщелчагIаздаса батIа гьаруларо, гьезде кIваркьун цогидазул тIалаб чучизе тей – гьеб дие данде кколеб къагIида гуро. Киназдего цокIалаб бербалагьи гьечIони, коллективалъул цебетIейги букIунаро. Цояв вас вуго исполнительнияв директор, цогидав тIоцевесев МухIамад тIадевуссун вуго, цебеккун дица бицараб, Подольскиялъул заводалъул тематикаялде, АхIмадица тIалаб гьабула самолетазул бутIаялъул. Гьезухьго гIадал ихтиярал, жавабчилъи буго дир цогидал заместителазухьги. Гьел киназго бикьула цоцае хIалбихьи, хIажаталъуб кумекги гьабула. Дир аслияб масъала ккола гъункараб, хIалтIуе бажари бугеб коллектив гIуцIи ва цIуни.

**– ХIукуматалъул рахъалъ кумек гьечIониги, республикаялъул нухмалъудасагун Москваялдаса рачIарал тIадегIанал гьалбал КЭМЗалде гIемер щола. Гьезул пайда щиб нужее?**

- Гьел жалгоги рачIуна, дицагоги ахIула. Гьалбал рачIин рохизе ккараб иш гьечIищха, гьелъ нилъ сундулъго ракIа-рахарун рукIине тIамула. Бице, рокъоре гьалбал рачIунел ругин лъани, тIоцебе щиб дуца гьабулеб?

**– Азбаралда тохлъи бугищали берхьвагIула тIоцебе, – ян елъана дун.**

– Гьелеха, гьединго балагьула нижги. Чияр бераздалъун балагье цехаздасан байбихьун азбаралъул сверухълъиялъухъин абула дица хIалтIухъабазда. Нилъер бер ругьунлъула, гьитIинабин ккараб чанги тохлъи хутIун батула. ЦебетIураб хIалтIи гуребги, рацIцIалъи, магIнаяб ракIа-рахари бихьидалги ракIбохула гьалбазул. ГIарцудалъун гьечIониги, цогидаб рахъалъ гьезул кумекги камуларо.

**– Западалъул санкциязул зарал нужеда хъатIичIого хутIун батиларо?**

– ХутIилищха! Нижеца Индиялъе, Китаялъе, Малайзиялъе, Индонезиялъе ва цогидал улкабазде биччараб оборонаялъул продукциялъухъ мухь щвечIого чанги моцIал рала. Гьединго, цIияб станок ва цоги къватIиса хIажатаб щвезе ккани, батIи-батIиял нухал ратизе кколел руго. Гьединал ресалги нухалги гьабсагIат камун гьечIо. Америкаялда, цадахъаб Западалда ккун букIана жидер гIорхъичIваяз тIубан Россиялъул промышленность гъанкъизабилин, амма гьел мекъи ккана.



Жакъа къоялде бокьараб заводалъе бищунго захIматаблъун буго авиациялъе двигателал, гьелъие хIажаталщинал тIагIелал гьари. Дунялалдаго щуго улкаялда гурони гьел гьаруларо. ГIисинал самолетазе двигателал, нижеца гурони, нилъер улкаялъул цоги заводазда гьаруларо.

## Гъурщил хайир байбихьидал, хIалал-хIарам лъугIула

**– Ибрагьим, мун вуго аралъул хIалбихьи щварав, жакъаселъул бичIчIи бугев, метериселъул хIисаб гьабулев чи. Дуда кколаанищ Европаялъул ва Западалъул нилъер улкаялъулгун гьадигIан цIакъ гьоркьоблъи хвелилан?**

– Лъалеб жо букIана фашизм цIуниялъе балъго лъолел сурсатал кида-къадги тIирщулеллъи, жалго фашисталги цо киса ругониги загьирлъулеллъи. ГIурусаздехун хохолазул бугеб рокьукълъиги хIисабалде босун, Украинаялъул тIалъи гьез хIадурана рагъулел хIелкал гIадин. КIиго, цоцазе гIагараб миллаталда гьоркьоб бугеб рокьукълъиялъул мугь лъалъан тIирщизабуна Западалъ. Европаялъул гIадат-гIамал, рукIа-рахъин, нилъее къабул гьабизе бегьулеб къагIида гуро. Гьелъ халкъ лъугьинабула жидер хаслъи, миллияб чIухIи биларал, напсалъул гурони ургъел гьечIеллъун.

**– Бищунго сундулъ бихьулеб дуда нилъер улкаялъул къуват?**

– Сундулъго! ТIоцебесеб иргаялда – щулияб рухIияб кьучI буго нилъер халкъазул, гIадатал руго гIадан лъикIалде куцалел, яргъил рахъалъ буго къуват. ЛъикIаб-квешалъул бичIчIи буго жакъасеб улкаялъул нухмалъулезулги. Сонисел либералал тIаде къо ккедал ватIаналъе зарализллъун лъугьана. Гьезул гIемерисез улка тана, амма гьанирги гьел дагьал хутIичIо, гьеб кIочене бегьуларо.

**– Къуватаб нилъер улкаялъул гIакъилал нухмалъулезги гьел эркенго тун рукIиндал..**

– Президентас санайилго улкаялъул тIалъиялде хитIаб гьабулаан халкъалъул гIумру-яшав лъикIлъулел нухал рихьизарун. Гьеб кинабго рагIалде бахъинабиялъе чанги документал гIуцIизе, законал рахъизе ккола. Гьелда тIадеги законазда рекъон тIолабго системаялъул хIалтIи билълъанхъизабизе ккола. Чубайс гIадал чучал, жидерго бечелъи цIикIкIинабиялъул гурони ургъел гьечIел, чагIи хIукуматалъул жавабиял бакIазда ругеб мехалъ халкъалъухъе щиб щвелеб? Гьеле гьеб бюрократиялъ буго кинабго лъикIабщинаб байбихьи гъанкъизабулеб.

ЦIакъ гIемерав чи вуго тIалъиялда, кIудияб кверщелги кодобккун, гьенир рукIинего бегьуларел. Гьел чIаразе ккола. Нилъер республикаялдаги чанги идараялъ жидеда тIадаб иш гьабулеб гьечIо. Мисалалъе босе анцI-анцI соназ цIигьабулареб токалъул система. ГьедигIанго тIубазабун бажарулареб ишищ гьеб? Гуро, жидеего щолелъул гурони ургъел гьечIолъи буго!

РакIхIинкъараб хIалалъул, къуватаб коррупция буго кибго. Кверáлъ квер чурун сверухъ тIибитIараб чороклъи, гьеб гурищ рогьо? ГIарцул хабар, чвантил хайир байбихьулеб бакIалда хIалал-хIарамалъул бичIчIи билулеб гьечIищ? Гьелъул гIезегIан бицуна диниял церехъабаз, хисулеб жо дагь буго. ТамихI буго тамахлъун нилъер гьаниб, судал гьарулел руго, амма гьел рукIине кколеб кьвариялда рагIалде рахъинарулел гьечIо.

## Налог - гьеб буго халкъалъул гIарац

**– Щиб абилеб дуца, жакъа улка гIуцIулеб гьоркьохъеб ва гIолохъанаб гIелалда?**

– ЦебетIей букIинелъун щивав чияс жинцаго, жиндиего гIололъун бахъе хIаракат цIалулъ, махщалилъ, магIишат-яшавалъулъ. РакIбацIцIадго гьабулеб ишалъул хIасилги лъикIаб букIуна.

Кинаб рахъалъ босаниги, лъикIаб бажариялъул, бахIарчияб халкъ буго нилъер. Балагье спорталъулъ росулел бергьенлъабазухъ, гIелмуялъулъ буго цебетIей. Амма нилъер экономикаялъул цIикIкIарасеб процент балъгояб буго, гьединго республикаялъул бюджетги беццизесеб гьечIо. Гьеб кинабго буго предпринимателазул намус-яхIалда бараб иш. Республикаялъул гражданин –предпринимателасе бокьун батани гьесул лъималазе лъикIаб лъай щвезе, гьесул эбел-эмен, хъизанал тIадегIанаб даражаялда тохтурзабаз сахгьаризе – гьес гьениб жиндирго сурсатазулги бутIа лъезе ккола! Гьеб бичIчIуларого буго дагъистаниязда!

Киналго ишалъулал гIадамаз абула, налогал кьолел ругони, бизнес цебетIоларин. Гьадингояб хабар! ГIужда налогал кьунин абун дун вакъунищ хутIун вугев? Налог –гьеб буго халкъалъул гIарац, гьеб кьечIолъиги буго кIудияб мунагь. Нилъер республикаялъул талихIкъин буго ракIбацIцIалъи гьечIел бизнесменал. Дица киналго ахIула, нилъее кьурал ресазул къиматги гьабун, законги намусги бацIцIадго цIуниялде.

**ХадурагIи:** 5 октябрь гьавураб къо букIана Ибрагьим АхIматIовасул. Юбилеялъул сухIматазде ракI унеб заман гьечIолъиялъ батила, сихIкъотIиялда ана гьеб къо Гъизляралъул заводалда. Гьединго, жидерго коллективалда жанибги баркун тIубазабуна, араб соналъ букIараб КЭМЗ гIуцIаралдаса 60 сон тIубайги.

Нижеца Ибрагьимие ва гьесул коллективалъе гьарулеб буго квешабщиналдаса цIунараб, сахаб, баракатаб гIумру, республикаялъул къадру борхизабулел цIи-цIиял бергьенлъаби.

*ПатIимат ГЬИТIИНОВА*

# Гуренж – сундуего дару

**Нилъер руго гIемерал цIар рагIарал, лъикIа-лъикIал, жидер махщел камилал тохтурзаби. Жакъа бокьун буго ЦIумада районалъул КIванкьада росулъа тохтур, медицинаялъул гIелмабазул кандидат, ДРялъул мустахIикъав тохтур Абуязидов ГIалил хIакъалъулъ бицине.**

**ГI. Абуязидов гьавуна 1951 соналъул 23 февралалда тохтурзабазул тухумалда. ГьитIинго медицинаялде рокьи бугев ГIали, школа лъугIун хадув цIалана Дагъистаналъул началихъияб медицинаялъул институталда. Гьебги лъугIизабун, хIалтIизе ана Владимир областалъул Вязники шагьаралде. Гьенив хIалтIана 14 соналъ больницаялъул бетIерав тохтурлъун. ТIадеги жиндирго махщел камил гьабизе ана Москваялде, Украинаялъул Запорожьеялде, Иваново шагьаралде. Гьениб лъазабуна неврология, лазеротерапия, фитотерапия, мануалияб терапия ва психотерапия.**

**1996 соналдаса нахъе хIалтIана Республикаялъул клиникияб больницаялда, дарабазул гуреб терапиялъул тохтурлъун. 2002 соналда хIалтIана ДГМАялъул дарабазул гуреб терапиялъул кафедраялда ассистентлъун. Гьелдаса хадув хIалтIана централияб больницаялда бетIерав тохтурасул заместительлъун. Жакъа Абуязидовасул живго бетIергьанаб клиникаялъ гIемерав чи сах гьавулев вуго. Гьал къояздаса нижеца гьабуна гьесулгун гара-чIвари.**



**- ГIали Малачевич, мун медицинаялде кин ккарав?**

- Нижер буго тохтурзабазул тухум, дирго хъизан хутIизегIан. Хъизан йиго богогьан. Дунгоги, лъималги, лъималазул лъималги руго медицинаялда. Дица сибтIал ритIана медучилищеялде, щайгурелъул гьезда кьучIдасанго лъазе ккола медицина. Училищеги лъугIизабун, цинги ине бегьула жидеего рекIее гIураб факультеталда цIализе. Тохтур вуго гIумруялъго цIализеги, гIелму лъазабизеги, гьелда тIад чIун вукIинеги кколев чи. Бищуно аслияб жо буго иманги, яхIги, намусги ва къвакIараб ракIги.

**- Щай дуца тIасабищараб гирудотерапия?**

- 50 соналъ медицинаялда вуго дун. Гьал гуренжал лъолел руго 24 соналъ, щайгурелъул гьанже медицинаялъул буго тIадегIанаб технологияги, руго унтарал сах гьаризе лъикIал къагIидабиги. Гьез кIудияб кумекги гьабулеб буго, амма гIемерисел басралъарал унтаби гьез лъикI сах гьарулел гьечIо.

**- Дида рагIана, дуца гьаб тохтурлъи тIасабищанин, мунагьал чураяв кIудияв Ахъбулатил мисалги босун. Щай дуца гьесие гьединаб кутакаб къимат кьолеб?**

- Дир кIудияв эмен Ахъбулатица гьабулаан унтаразе дару-хер. Гьелде гьитIинго рокьи бижана дилъги. Халкъияб медицина тIасабищиялъе кIиабилеб гIилла буго гьеб. Гьес гIемер цадахъ хьвадизавуна дун, хурдул ракIаризеги, гьезул дару гьабизеги. Игизазул цояв вугелъул, дун ахIулаан нижер КIванкьада росдал гIадамаз, бетIер, чехь унтараб мехалъ, дица гьезул унтараб бакI, тIасан кверги бахъун, сах гьабулаан, алхIамги лъалелщинал аятalги цIалун. Гьезул унтаби унаан… Тохтурлъун вахъиндал, дида гьанже бичIчIулеб буго доб унти унеб букIараб куц.

Балагьараб мехалъ, дир буго гIадамазе биоэнергетикияб асар гьабизе бажари. Ахъбулат вукIана кIудияв местIер. Гьес гьарулаан операциялги, кIващул понцIороялда жаниса ганчIал рахъулаан. Гьес гьарулаан батIи-батIиял хурдузул дараби, гьев лъаларев чи вукIинчIо республикаялда. Гьесул рукIана вацал Хизри, Хочбар. Хочбарин абурав вац Грузиялде щвезегIан вачунаан унтаразе дару гьабизе. Нижер буго местIеразул, тохтурзабазул, ай медицинаялда бухьараб тухумго.

Нилъер президент В. Путиницаги гIемер бицана дарабазул хIакъалъулъ. Жакъа къоялда халкъалъул божи гьечIо дарабазде. Дидагоги рагIана Путиница абулеб, дарабазул 80 процент жидерикал ругилан абулеб. Жидерик ккола гьересидару. Дидагоги гIемер бихьана, хал-шал гьабураб мехалъ, мел бичулеб букIин. Гьединалщинал жалазукьаги цIуниялъе нилъее данде ккола халкъияб медицина. МахщелчагIаз битIун гьабунани, пайда букIунеб ва дарулъулеб. Диегоги данде ккана гьеб.

Дун квешго унтана – хIатIида тромб букIана (тромбофлебит). ХIатIал гьорон, унтун, къаси кьижизеги, радал хIалтIизеги кIолароан. Гьебмехалда дида ракIалде щвана, кIудияв эмен Ахъбулатица дида малъулеб букIараб гуренжазул дару. Цинги дун ана гирудотерапия лъазабизе ва тIадеги махщел камил гьабизе Турциялде, Москваялде, Санкт-Петербургалде. Гьелдаса хадуб дица Централияб больницаялда рагьана гуренжал лъун гIадамал сах гьарулеб кабинет.

МухIаммад аварагасул (гI.с.) медицинаялда «АльхIижама» – ккола «би биччай». «МихIжам» абураб рагIул магIна буго «сундуе гIоло биччалеб би» абураб. ТIоцебе рехсон буго гуренжал лъеялъул къагIида. Хадуб тIомги къотI-къотIун би биччай банкабигун – хIижама, хадуб буго бидурихьалдаса биччаялъул хIакъалъулъ. Щай гьеб гьедин хъван бугеб? Жиб-жиб жоялъул буго жинди-жиндир пайда. Гуренжалъ кьолеб буго гIадамасул черхалъе хIажатаб 120 дару.

Гъалеха, 24 соналъ халкъалъ баркала кьолеб буго дие, гуренжазул дару гьабиялъухъ. Дица гьабичIебги лъазабичIебги жо хутIичIо: массаж, мануалияб терапия, гипноз, психотерапия ва цоги гIумруялъе къваригIанщинабги, цIар ккун рикIкIинчIониги. Дун цIалана Джуна Даиташвилихъ: доб заманалда гьей йикIана Москваялда Брежнев, Андропов ва гьел гIадал цогидалги сах гьарулей цIар рагIарай местIер. Дида бихьана гьелъул биоэнергетикаялъул къуват. Кашпировскияс гипноз гьабулеб заманалда, дицаги гьабулаан гьеб Россиялда – Культураялъул минаялда.

**- Щиб жоха гьеб гирудотерапия?**

- Гьеб буго Аллагьас нилъее пайдаялъе кьураб къагIида. МухIаммад аварагасул (гI.с.) медицинаялда «АльхIижама» – ккола «би биччай». «МихIжам» абураб рагIул магIна буго «сундуе гIоло биччалеб би» абураб. ТIоцебе рехсон буго гуренжал лъеялъул къагIида. Хадуб тIомги къотI-къотIун би биччай банкабигун – хIижама, хадуб буго бидурихьалдаса биччаялъул хIакъалъулъ. Щай гьеб гьедин хъван бугеб? Жиб-жиб жоялъул буго жинди-жиндир пайда. Гуренжалъ кьолеб буго гIадамасул черхалъе хIажатаб 120 дару.

**- Дарудал гуренжал киса росулел?**

- Гуренжал росула Москваялда бугеб Раненский районалъул Удельное поселокалдаса. Гьениб буго гуренжал гIезарулеб халкъазда гьоркьосеб центр. Гьенир ругел хIалтIухъабазул гIемерисел руго дагъистаниял. КъотIи-къаялда рекъон, гьениса рачIуна нижее гуренжал. Цере рачIунаан Азербайжаналдаса ва Турциялдаса.

**- Пайдаялги заралиялги рукIунищ гуренжал?**

- Дица цIалана гьезул хIакъалъулъ гIемерал тIахьал. Гуренжазул буго 800 батIияб тайпа. Руго загьруялги, ай гIадамасе квешлъи гьабулел. Дарудае хIалтIизарула лъабго батIияб тайпаялъул гуренжал (аптечные, лечебные, восточные).

**- «Гирудотерапевтал» гIемерлъун руго нилъер…**

- ГIемер вуго, цIализеги цIаличIого, гьелъие махщелги гьечIев, квешал унтабиги лъаларев, гуренжал лъолев чи. Гьез гIадамал унтизаризеги бегьула. Гьаб централъул киналго тохтурзаби руго динги гьабулел, рекIелъ иманги бугел, ракIбацIцIадго хIалтIиги гьабулел гIадамал. Лъаларездаги лъан букIине абила: цо нухалъ лъураб гуренж кIиабилеб нухалъ лъоларо ва лъезе бегьуларо.

Гьелъул буго гьадинаб хIал. Дун гьитIинаб мехалъ, дир эбелалъ росулъ гIадамал сах гьарулаан, гуренжалги лъун. Лъураб бакIалдаса гуренж бахъараб бакI бухьунароан эбелалъ, ахикь-хурий хIалтIулагоги чвахизе толаан би, гьалъул щибгIаги зарал букIунарин, жибго чIолин абун. Доб заманалъ рукIинчIо, гьанже гIадал цоцазде рахунел квешал унтаби. Нилъеца цебе батараб хIорихъаги ккун, нилъедаго лъола гуренжал. Хадур щвезарула рукIарабго хIоринире. Гьел цогидаз ккола жидедаго лъезе. Нилъеда лъаларогури, лъида щиб унти бугеб, лъида гьел лъун рукIарал. Гьезул рукIине бегьула гепатит, ВИЧ ва цогидал рахунел, сах гьаризе кIоларел унтаби. Гьединлъидал, хIоринибе хIетIеги биччан, гьелда рекIаралщинал гуренжал хIалтIизаризе бегьуларо. Нилъедаго лъун рахъараб мехалъ, гьел тIагIинаризе ккола.

ГIадамазда лъун хадуб нижеца хлоркаялда гьорлъе рехула гуренжал. Дица цIехана, гьал гьедин хвезарулелъул, дие хIакъ бугищан. ГIалимзабаз абуна, гьелги лъун цогIаги чи унтизавуни, букIунин дие киналго гуренжазул хIакъилан.

**- Гуренжал лъезе бегьулелги бегьуларелги унтаби ругищ?**

- Руго, би бахъизе, ай хIижамаги алхIижамаги бегьулелги бегьуларелги чагIи. Нилъеца гуренжал лъейги буго хIижама. Гьеб гьабизе бегьуларо, масала: бидул тIадецуй гIодобегIанаб бугони, 80-ялда гIодобегIан гемоглабин ккун бугесе, железодефицитная анемия бугони. Жеги чанги батIияв унтаби руго гьеб гьабизе гьукъарал. Цо-цо чи хвезеги рес буго, лъаларев чияс гьеб лъуни. Араб соналъ Чачаналъ 200 гуренжги лъун цо чIужугIадан хвана. Гьеб лъелалде цебе нижеца унтарасулгун гара-чIвари гьабула, чан гуренж дуда лъезе бегьулебалиги гьесда бицуна.

Гуренжаз сах гьабуларо онкология. Бегьула, гьезул рищалаби унтун ругони. Гуренжал бегьула гипертониказе, ракI, бетIер унтулеб батанани. Инсульт ккаразе, тIоцебесеб къоялдаса нахъе бегьула гуренжал лъезе. Инсультги букIуна чанго батIияб – ишемияб инсульталъе, тромбалъе лъикIаб букIуна гуренжал лъезе. Жеги гуренжал лъезе лъикIаб буго послековидный синдромалъе. Ковид бугеб заманалда реанимациялда ругел нилъер чагIазе цо нухалъ лъураб гуренжалъ 86-ялда букIараб гьезул сатурация бахинабуна 93-ялде. Ковидалъ унтун рукIаразе цIакъ хIажатаб жо батана гуренжал лъей.

Гуренжаз рукIалиде бачIинабула инсанасул иммунитет. Кванирукъалъул, тIулалъул, щцидал къва-

чIаялъул, ботIрол (мигрень), «паническая атака» абурал унтаби цIакъ лъикI сах гьарула нижер централда. Гьаниб буго кинабго хIажатаб техника: лазерь, магниталъул аппарат, «внутривенный синий свет» абураб аппарат – гьеб аппарат Дагъистаналда гьечIо, дир гьаниб гурони. Гьеб буго физиотерапиялъул аппарат. Буго «БагIараб лазерь», амма гьеб дагь гурони хIалтIизабуларо, гьеб буго къуватаб аппарат.

Гуренжаз кумек гьабула, масала, руччабазул унтабазе (климакс, эндометриоз, миома (байбихьуда), мастопатия), бихьиназул (простатит, аденома простаты) ва лъимер лъугьунгутIиялъе. Гуренжал хIалтIизарула нервабазул унтабазе, позвоночникалъул грыжаялъе, хондрозалъе, кьаралъи бахъизе ва цогидал унтабаздаса сах гьариялъе.

**- Щиб гIузругун вачIунев гIемерисев чи?**

- Цебесеб кьерда руго бидурихьазул унти (варикозное расширение вен), мастопатия (курмузул унти), бидул тIадецуй цIикIкIарал, хондроз, тIул унтарал (жировой гепотоз) бугел гIадамал. Бихьинал рачIуна простатит, цистит ва гьел гурелги унтабигун. Амма бищун гIемер гьезда гьорлъ рукIуна бохдузул венаби сах гьаризе рачIарал.

**- Терапевт, невропатолог, гирудотерапевт, иглотерапевт – махщелал цIакъго гIемерлъун гьечIищ дур?**

- Дун вукIана дирго гIагараб Цумада районалда хIалтIилин абун. Дихъе гIадамалги рачIинаан, тохтурасухъеян абун. Гьединлъидал бокьараб унти бугев чи къабул гьавизе хIадурав вукIана. Дица кинабго лъазабуна, цIалана медицинаялъул унтабазул хIакъалъулъ гIемераб литература. Жакъа кьоялда дихъе цониги унтарав вачIани, расги нечеIого гьев къабул гьавизе рес буго дир.

Цеве вукIунаан хъизамалъул тохтур (семейный врач). Гьесда лъазе кколаан кинабго. Дун 25 соналъ хIалтIана Россиялда. Дир гIадат буго, цо цIияб жо баккани, гьеб лъазабизе гIамал гьабулеб. Дун гIахьаллъула Россиялдаги батIиял пачалихъаздаги тIоритIулел гIелмиялгун медицинаялъул конгрессазда, дирго хIалтIул хIакъалъулъ бицун, докладалги гьарула гьенир, гьез бицунелъухъги гIенеккула. Гьединаб бакIаздасаги лъала гIемераб пайдаябщинаб жо.

**- Нилъерго халкъалъе щиб дуца гьарилеб?**

- ТIолго дагъистаниязе, дунялалъулго бусурбабазе, дунгоги бусурманчи вугелъул, дица гьарула щулияб сахлъиги, халатаб гIумруги, ракълилаб дунялги. Дие бокьилаан, кинаб бугониги дару гьабизе гIедегIичIого, лъикIав тохтурасухъеги ун, лъикIаб даруги гьабун, киналго сахлъизе. Аллагьасде таваккалги тIамун, нерваби цIунизе ккола инсанас. Нилъеца гьекъолеб лъиналда барабги буго гIемераб жо. Краналдаса бачIунеб лъим гьекъезе бегьуларо. Дагъистаналда буго бищун гьекъезе лъикIаб лъим: «Родниковая свежесть», Шалбуздагъалъул лъим, Цумада районалъул Инхокъвариб бугеб минералияб лъим «Регьа» - гьеб буго «Есентуки-4-ялдасаги» пайдаяб. Бегьуларо гIемер чохьодаса инегIан кваназе, кин гьабураб, киса бачIарабали лъалареб нигIмат кваназе.

***Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА***

# Паратхэквондоялъул чемпионат

Каспийск шагьаралда, ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб Спорталъул ва гIолилазул кIалгIаялда байбихьана паратхэквондоялъул рахъалъ Россиялъул чемпионат. Гьенир гIахьаллъана улкаялъул 25 регионалдаса параспортсменал. КIиабилеб нухалда тIобитIулеб буго гьеб чемпионат Дагъистаналда. Нусгоялдаса цIикIкIун чи гIахьаллъулев гьеб чемпионаталда республикаялъул къокъаялъулъ 20 спортсмен вукIана.

Паратхэквондоялъул чемпионатде щвана ДРялъул ХIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовги. Цогидал спортивиял хIаялго гIадин, гьеб спорталги хасаб бакI кколин Дагъистаналъул спорталъул гIумруялъулъин абуна премьер-министрас, чемпионаталъул гIахьалчагIазда баркиялъул калам гьабулаго.



Дагъистаналда Паратхэквондоялъул федерация гIуцIаралдаса 13 сон ана. Гьеб заманалда жаниб нилъер спортсменаз батIи-батIиял чемпионатазда 130 медаль босана.

# Шашкабазул къец




А. Карповасул цIаралда бугеб Шахматазул минаялда тIобитIана гIурус шашкабазул рахъалъ Дагъистаналъул рагьараб кубокалъул бутIа.

Къецалда гIахьаллъана Дагъистаналдасагун Чачаналдаса ва Ингушетиялдаса 28 спортсмен. Шашкаби хIалел рукIана Швейцариялъул къагIидаялда рекъон. Щибаб хIаялъе бихьизабун букIана микьго + 4 минут.

Къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакIалде ккана Хасавюрталдаса Салман Юнусов, кIиабилеб бакIалде – Грозныялдаса ИсмагIил Хатаев, лъабабилелде – Лавашиса МухIамадгIали ГIумаров.

Гьезие кьуна медалалгун грамотаби ва гIарцул сайгъатал. С. Юнусов кIодо гьавуна, кубокги кьун. Буйнакскиялдаса Зайнудин ГIашуровасе – канлъукъал спортсменазда гьоркьов бищунго лъикIасе кьуна хасаб премия.

Дагъистаналъул Шашкабазул федерациялъ баркала кьолеб буго рехсараб Шахматазул минаялъул нухмалъулев, гроссмейстер Д. Жакаевасе, турнир гIуцIизеги тIобитIизеги гьабураб квербакъиялъухъ.

***МухIамад СУЛЕЙМАНОВ,***
***МахIачхъала шагьар***

# ТIадагьаб атлетика

Гьал къоязда Цумада районалъул Гьоркьияб Хъваршини росулъ букIана рохалилаб тадбир. Гьениб тIобитIана тIадагьаб атлетикаялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьов Россиялъул чемпионлъун вахъарав Рамазан ГIабдулаевасул хIурматалда гIуцIараб турнир.

Турниралда гIахьаллъана сверухъ ругел росабалъа гIолилал. Берцинго, гIолилалзул ракI тIаде цIаледухъ гIуцIараб тадбир нухда бачана Агъвалиса ГIабдулкарим ХIамзатовас. Гьев ккола гIолилал куцалев тренер.

Къецазул тIоцебесеб бутIаялда щунусго метралъул манзилалда рекеризе тIамуна 2008-2009 сонада гьарурал васал. Гьезда гьоркьоб тIоцебесеббакIалъемустахIикълъана АхIмад ЖабрагIилов, кIиабилеб бакIалде ккана Асланбег ГIумаров ва лъабабилеб бакI кьуна ГIабдулнасир ГIисакъовасе.

Хадуб къец тIобитIана 2010-2011 соназда гьаруразда гьоркьоб. Гьел рекеризе тIамуна 400 метралъул манзилалда. Бергьенлъи щвана МуртазагIали ХIажиевасе. КIиабилеб бакIалде ккана Байдарус Ражабов. Лъабабилеб бакI щвана МухIамад ГIумаровасе.



300 метралъул манзилалда рекеризе тIамуна 2011-2012 сонада гьарурал васал. ХIасилал гьадинал ккана: ГIалиасхIаб Ражабов – тIоцебесеб бакI, Якъуб СагIитбегов – кIиабилеб ва МухIамад Лабазанов – лъабабилеб.

Бергьенлъи щварал гIолилазе кьуна грамотабиги гIарцул сайгъаталги. ГьалбадерIе лъикIаб гьоболлъиги гьабуна тадбиралъул ахиралда.

***ХIабиб ДАВУДОВ,***
***РФялъул ва ДРялъул***
***Журналистазул союзазул член***

# Кавказалъул рагъ лъугIи хехлъизабураб хъала

**1856 соналъ Россиялъул пача Александр КIиабилес Кавказалда ругел гIурусазул аскаразул бетIерав командующийлъун тIамула князь Александр Барятинский.**

**Гьев вукIуна цевеги Кавказалъул рагъулаб хъулухъалда гIемерал соназ вукIарав, рагъазулъ кIиго нухалъ ругъун щварав, рагъулал ишазулъ хIалбихьи бугев чи. Гьев тIамулеб мехалъ, пачаяс гьесда цебе масъала лъола Кавказалда унеб бугеб рагъуе ахир лъезе.**

Гьев масъала тIубаялъул мурадалда Кавказалда тола Крымалъул рагъ лъугIун хадусан эркенлъарал аскарал – кIинусго-лъабнусгогIан чи вугеб, лъикIаб рагъул хIалбихьиги щварал, жидехъ цIиял, муридзабахъ ругездаса 3-4 нухалъ рикIкIад речIулел тункIалги цогидаб ярагъги бугел рагъулал къокъаби.

1856 соналъ Дагъистаналде вачIаравго, Барятинскияс байбихьула гьаниб бугеб ахIвал-хIал лъазабизе, ва гьесда бичIчIула зама-заманалда Шамилие ритIухълъиялда ругел росабазде гьарулел рагъул сапараз хIасил кьолеб гьечIолъи. Гьелъ къваригIун рукIуна батIиял рагъулал тадбирал.

ТIоцебесеб иргаялда хIажат букIана мугIрузда церехун ругел ракьазда щулалъаби ран, гьенисан мугIруздехун рагъулал сапарал гьари.

Барятинскияс рикIкIуна тIоцебесеб иргаялда Шамилил кверщаликьа «Салатавия» тIезабизе кколилан, щайгурелъул Салатавия наиблъи букIуна кутакалда кIвар бугеблъун.

**Гь**еб мурадалда Барятинскиясул пикру ккола Ишкарты росулъ бугеб Дагъистаналъул пехотаялъул полкалъул штаб-квартира Салатавиялде, цебе Буртунай букIараб бакIалде бахъинабизе.

Гьес буюрухъ кьола князь Орбелиание Салатавиялда ракьал къотIун нухал гьаризе ва штаб-квартира базе санагIалъи бугеб бакI балагьизе.

Гьединаблъун гьезда бихьулеб буго цебе букIараб басрияб Буртунаялда аскIоб бакI. Цогидал бакIаздаса гьелъул тIокIлъи букIана, щайгурелъул штаб-квартираги бан, аскаралги цогидал рагъулал сурсаталги гьенир ракIарани, мугIруздехун рагъулаб сапар гьабизе ккани, 5-6 къоялъ къокълъула Внезапная ва Евгеньевская хъулбуздаса рахъарал аскараз нухда балеб заман. Гьеб букIуна гIатIидаб бакI. Гьениб букIуна ихдалалдаса гIазу базегIан гIурччинаб, гьарзаяб хер, хасалоялде чуязе хер хIадур гьабизе рес. КъваригIани солдатазе бекьизе ва къваригIарал кванил нигIматал гIезаризе.

Бищунго гьеб бакIалъул санагIалъилъун букIуна гьенисан киналго рахъазде нухал рукIин: Теренгъул кIкIалги бахун Сулахъ гIоралдеги рещтIун, гьеб халаса Генубе, Теренгъул кIкIалахъан мугIруздехунги ун, Къыркъ борхалъиялдаса Гумбеталъул ракьалде рещтIине, цIияб Буртунаялдаса Гумбеталдехун унеб нухдасан – мегIералдеги рахун, ГIандирехун ине, Алмахъалда аскIосан Чачаналъе ине.

**Гь**единал пикраби пачаясул генералазул рукIин лъан букIуна имамасда, ва гьес Салатавиялъул гIадамазда, ва Салатавиялъул наиб Гебекида лъазабула щулалъаби гьереян, ва гIурусазул аскаразе кIвараб зарал гьабеян.

1857 соналъул апрелалда гIурусазул гIезегIанал аскарал ракIарула Ибрагьим-дада абулеб борхалъиялде. Гьезде данде Буртунаялдасаги Хубаралдасаги муридзабазул къокъаби рачIуна.

24 апрелалъ ккарал рагъазулъ муридзабазе камиял ккола ва гьел нахъе къала. Гьел къояз Жасусазул кIкIал абулеб бакIалда шагьидлъула цIар рагIарав бахIарчи, щунусил бетIер Буртунаялдаса КIудияв ХIасан. (ХIасанил гвангвара бугин абула Петербургалъул музеялда).

Штаб-квартира базе нухмалъи гьабизе Дагъистаналде ахIула рагъулал щулалъаби ран хIалбихьи бугев рагъулав инженер, генерал-майор Кесслер.

Штаб-квартира баялъе хIалтIаби гьарулел, гьединго гьенире ЧIикIаб бугеб «Евгеньевское» хъалаялдаса хьвадулел гьаказул нухал цIунизе гIуцIула хасаб рагъулаб къокъа – Салатавиялъулаб абун. Гьеб отрядалде ракIарула Дагъистаналда ругел анцIго полкалдаса солдатал. Гьезде тIадеги журала цо саперазул взвод, 10 гIарада, драгуназул 4 эскадрон, рекIаразул 14 сошка, гIуцIула хасаб устарзабазул рота. Гьеб соналъул 16 июналда Орбелианица кьола буюрухъ генерал-майор Волковасе Теренгъул кIкIалахъехун ругел бакIал халгьабун, гьенир кинал щулалъабидай ругоян лъазабизе. Балеб чвахунцIад ва накIкI лъураб къо букIиналъ Волковасул отрядалда гьел ракьазда муридзабазул чиго ватуларо. Къокъабго заманалда дандечIейги гьечIого, отрядалъ бахуна Теренгъул ва рахуна «байрахъ чIвалеб гохIде» ва гьениб букIараб гьитIинабго, Буртунай росдал гIадамаз кIкIал хьихьизе хъаравулзаби толел щулалъи биххула.

Волковасул отрядалда хадурго Орбеланица гьенире ритIула хутIарал аскаралги.

**Гь**единан гIурусазул Салатавиялъулаб отряд гIагарлъула басрияб Буртунаялъул сверухълъиялда бугеб штаб-квартира базе бихьизабураб бакIалде, палаткабазул лагерьги бан гьенир чIола.

Щаяли имамас гьединаб цIунизе санагIалъи бугеб бакIалде гIураб бо битIичIебали хIикмалъи буго, щайгурелъул имамасул аскарал церего рачIун рукIуна ЦIияб Буртунаялде ва сверухълъиялде.

Шамилида гIурусал гьенире рачIине хIадурлъи гьабулб мехалдаго лъан букIуна гьезул мурадал, гьелъ битIун букIуна Салатавиялъул гIадамазде амру росаби цIунизе хIадурлъеян. ГIадамал мугIруздехун рачIаян ва бугеб боцIиги магъилъ кIкIалахъе битIеян. Имамас гьезда лъазабула жидеца Салатавия цIунизе кумек гьабизе букIин. Шамилица июнь моцIалъул байбихьудаго ритIула гьенире Чачаналъа кIиго наибасул, Гумбеталъул ва цойги бакIазул наибазул аскарал. Гьезухъ букIуна 4 гIарадаги. Гьедин букIаниги, Теренгъул кIкIалалъул сверухълъи гIурусаз кинаб букIаниги камиги ккечIого босула.

Гьенире рачIун хадусеб къоялъго гIурусаз байбихьула рохьал къотIун, гьакал хьвадизе санагIатал нухал гьаризе, гьениса Евгеньевское хъалаялде нух гьабизе.

ЦIияб Буртунай сверухълъиялда ругел муридзабаз къаси-къаси гIурусазул палаткабазул лагералде гьужумал гьарула.

17 июналъ гIурусазул аскариязул нухмалъулез гьабула ЦIияб Буртунаялдехун рагъулаб сапар гьабизе кIиго батальонгун ва тIолалго рекIаразул къокъагун. Гьел рахуна колода тIад бакIалде ва гьенисан цIияб Буртунай бихьулеб бакIалда лъелазул къокъабиги тун, рекIаралгун уна Хъархъи кIкIалахъехун.

**Гь**ел рихьаралго муридзаби ЦIияб Буртунаялдаса рагъарула гьезде данде. ГIурусал нахъруссуна ва муридзабаз колода тIад бакI ккола, гьенисан кьвагьдезе.

Гьелдаса дагьаб хIалуцараб тункагIуси муридзабазулги гIурусазулги ккола 21 июналъги.

22 июналда Буртунай сверухъ ругел имамасул аскаразул къадар гIагарлъула анлъазаргогIанасев чиясде, гьелго къояз гьениве вачIуна живго Шамилги.

Жиндирго вукIунев бакIлъун имамас бищула цIияб Бурутунай, ва муридзаби журала росу жеги щула гьабизе. Росдал гIадамал церего росу тун ун рукIуна рахъ-рахъазде. КигIан Шамилица абуниги ГIандирехун аян, гьенире ине гьел гIедегIуларо, щайгурелъул, гьезда лъалеб букIун ГIанди ракьалда ругел гIадамазе жидеегоцин кваназе жо балагьизе захIмат букIин.

Имамасул къасд букIуна, гIурусазе хъала базе биччангутIизе.

Гьединан, 23 июналда ритIун рукIуна кIиго наибасул боял, Теренгъулалдаса тIадехун бугеб Ибрагьим- дада абулеб борхалъиялде, гьединго гьелъул сверухълъиялда ругел бакIазде ракIарун, гьенир щулалъаби гьарун ва гьенисан Евгеньевское хъалаялдаса штаб-квартира базе бугеб бакIалде къайи баччулел гъуризе. Гьеб лъан гIурусаз гьел цIунулел аскарал цIикIкIинарула ва жалго тIаде кIанцIула муридзабазде.

Гьениб ккараб гIасияб рагъулъ муридзабазул шагьидлъанила 400-гIанасев чиян хъвалеб буго.

1857 соналъул 20 августалда имам уна Буртунаялдаса Даргъоялде.



**С**алатавиялда ругел ишал Гумбеталъул наиб Абакар – Дибирасда тIадкъала. Шамил аравго Салатавиялъул гIадамаз мугIруздехун гочине инкар гьабула. Цо – цо жамагIатал гIурусазухъе инецин гьетIула. Гьезда гьоркьор рукIуна Буртунаялдаги Алмахъалдаги гьоркьоб бугеб Чорто росдал гIадамал, гьел рукIуна бихха- хочараб ЧIикIаса гочарал гIадамал, ва росдал вукIарав старшина Жамал.

Гьез балъго гIурусазда гьарула жал Чортоялдаса нахъе рачеян.

Гьенивго чIван вуго Салатавиялъул наиб ЧIикIаса Айдемир, ТIехIнуцалазул наиб ИсмагIилги.

Гьединал рагъал рукIуна 1857 соналъул июль-август моцIаз щибаб къоялъин абухъего. Зама-заманалда муридзабазул къокъаби цIакъго аскIорегIан щола гIурусазул лагералде ва гьезде туманкIаз кьвагьдола. Гьеб гьари тIубазе гIурусаз гIуцIула кIиго батальонгун, лъабго гIарадагун, щуго сотня рекIаразулгун къокъа генерал- майор Волковасул бетIерлъуда. Чортоялдехун ине рохьоре солдатал лъугьаралго, балъго гьенир рахъун рукIарал муридзабаз бала гьезде гулла.

Солдатал киналго гъуриялда хIинкъи букIуна, сотняялъул командир ЧIохъа есаул Мамаласул рагъухъабаз къвакIи бихьизабичIебани. Гьез хвасар гьарула солдаталги Чорто росдал гIадамалги.

14 июлалда лъола штаб-квартираялъе кьучIал.

Гьеб къоялъ байбихьула хехлъи гьабун хъала базе. Щибаб къоялъ гьенив хIалтIула кIиазаргогIанасев солдат. Евгеньевская хъалаялдаса гьенибе баччула къваригIараб тIагIел ва кванил сурсатал.

Хъала базе гамачI бахъула бакIалдасаго. ЦIулал тIагIел гьабизе къотIула Теренгъулалда бугеб рохь. Гьел рукIуна нус-нусгIанал сонал рарал чинаридул ва миккил гъутIби.

Цогидаб къваригIараб тIагIел баччула Астраханалдаса гамуздаги лъунцин Порт-Петровскиялде, хадуб гьаказ хъала балеб бакIалде.

Гьедин бачIуна накIкIил цIулал тIагIел, 3000 хъарщи, 1000 накIкIил хъазихъал, 3000 маххул лист ва хасалие гIолел кванил сурсатал.

**Хъ**ала баялда цадахъго байбихьула гьенире Теренгъулалдасан бачIунеб нух цIунизелъун рукIине гургинал щулалъаби, цо кIкIалалъул квегIаб рахъал къурул гIусда, цогидаб байрахъ чIвалеб гохIда, гьезда гьоркьоб цогиги. Ран лъугIун хадусала гьезда гьоркьоб гьабула туннель гIадинаб бакI. Гьелъул лъалкIал жегиги руго. ЦIияб Буртунаялъул рахъалъги гьабула къедги караул чIолеб бакIги.

Октябрь моцIалъул байбихьуда гIурусазда рагIула Буртунаялде богун ГъазимухIамад вачIунев вугин. Гьев щвелалде гIурусазул хIукму ккола Буртунай бахъизе. Гьеб мурадалда гьез бакIарула анлъго батальоналдаса гIуцIараб къокъа, ункъо гIарадагун, князь Орбелиание ва полковник Пакуссал бетIерлъиялда гьоркь.

Ункъо батальон бачIуна Гумбеталъул нухдасан, цогидаб кIиго батальон Бакъда авал абулеб бакIалдаса эхеде. Росулъ 200-гIанасев гурони рагъухъан вукIунаро. КIудияб рагъул къокъа бачIунеб букIин бичIчIидал гьел рохьазде рихх-риххула, хадусан сверухъ ругел гохIазде рахун росулъ ругел гIурусазул аскаразде къвагьдезе журала. ГIурусал журала росу дагъабги щула гьабизе.

Гьениб генерал Волковасул бетIерлъиялда гьоркь ункъо гIарадагун лъабго батальонги тун, цогидал батальонал нахъе уна.

20 октябралде хьала – штабквартира бан лъугIула Гьениб бала 13 казарма.

Офицерзабазе батIаго рукъ, кIиго-лъабго казарма бала лазареталъе, чуязе бокьал, рагъул ва кванил сурсатал цIунулел бакIал ва цогидалги. Гьез ккола ва хIалтIизабула сверухъ бугеб 1501 десятина ракьазул.

Гьениб гIола Дагъистаналъул лъелазул полк. Гьелъ гIемер хIаракат бахъула Салатавиялъул росабазул гIадамал Шамилидаса тIезаризе ва хадусан гьел гIурус пачаясул законазе мутIигIлъун рукIине.

КигIан камиял ккун рагъал гьаруниги, муридзабазда кIвечIо Салатавия ккезе.

Гьелдаса хадуб гъазаваталъул иш гIодобе уна, киназдаго бичIчIула рагъуе ахир щолеб букIин. Имамасда цадахъ гIемерал соназ вукIарав ЧIохъа ХIажи – гIалица хьвалеб буго: - Буртунаялда хьала барабго Шамилил ишал гIодоре ккезе байбихьанин. Киданиги кIолароанин гIурусазул аскаразда Веденоре рачIине гьеб бан букIинчIебани.

Гьединаб бакI ккола басрияб Буртунаялда аскIоб бараб хьала штаб – квартираялъ Кавказалъул, рагъул тарихалда. Гьенир ран рукIарал казармабазул хутIелал жегиги руго (сураталда).

Чанго соналдасан гьеб бакI бихьизе рачIуна Россиялъул пача Александр кIиабилесул кIиго вац: Николай ва Михаил Николаевичал.

Гьеб рагъулъ диналъе гIоло къурбанлъана гIакълуялъул ралъад, цIодорав наиб Хелекьуриса Шамхалги, Къарал мухъалъул бахIарчияв гьазияв, Гьочоса ШайхмухIамадги. Гьеб заманалда биххана НахъбакI (Салатавия) вилаятги.

*Зайнудин ОХЪМАЗОВ,*
*Буртунай росу*

# АхIулгохI тIубанго сверун кквей

**ГIандигIурул квегIаб рахъалдаса АхIулгохIде кумек бачIунеб букIин лъайдал, пачаясулаз хIукму гьабуна гьеб рахъги къазе. Граббеца амру гьабуна, аскаралъул цо бутIа ГIандигIурул квегIаб рахъалдеги ун, гьенисан гохIде гIарада баян. Гьес генерал Лабинцевасул аскар битIана ГIандигIоралда тIасан чIиркьатIисезул кьо цIигьабизе. ЧIиркьатIисезул рахъалда букIараб ГъалбацIдибирасул ункънусго чи вугеб къокъаялъ чанго къоялъ гьезие кьо лъезе течIо. Тушбабаз гIарада байдал, муридзабазул къокъа нахъе къана. Лъабабилеб августалде гьезда кьо цIигьабизе кIвана. Нахъисеб къоялъ Кабардин полкалъул кIиго батальонги хунздерил ва Мехтулиялъул мунапикъзабазул къокъаги ГIандигIурул квегIаб рахъалде рорчIана. Гьез ГъалбацIдибирасул къокъа ЧIиркьатIаса нахъе къазабуна ва жиндирго мунапикъзабигун АхIмадхан гьенив рещтIана. ХутIараб аскар ГIандигIурул квегIаб рахъалда, АхIулгохIалда дандбитIараб бакIалда чIана. Пачаясул аскараз АхIулгохI тIубанго сверун ккуна ва гьелдаса нахъе гохIде къватIисан бачIунеб кумекги къотIана.**

АнцIила микьабилеб июлалда, радалалдаса байбихьун, бакьанида щуго тIубазегIан, Граббеца АхIулгохIде гIарада бана. Гьеб къоялъ чанги нохъалги рукъзалги тIаде тIезарун, гьенир рахчарал руччабигун лъимал чIаго ракьулъ рукьана. ГIарадабаз биххизабураб мажгиталъул тIохда гьоркь шагьидлъана къоло микьго чи – лъукъарал муридзабиги, хералги, руччабиги. ГохIда рукIарал рукъзал гIарадабаз риххизаридал, ГIандигIурул рахъалда ругел нохъабазда рахчун рукIана руччабиги лъималги. Жеги балугълъиялде рахинчIел васал къурулъа тIаде ххарун рачIунел солдатазде тIаде кIанцIулел ва гьелгун цадахъ гъваридаб кIкIалал тIинде рортун шагьидлъулел рукIана. Какие чуризе лъим щвечIого, муридзабаз чанго къоялъ, ракьуца таямум гьабун ва хьитал тIад рукIаго какал ралел рукIана. Ракъиялъ цIакьго хIал гьабидал, сордо-къоялъ щивав чиясе кваназе чIералъул анцIила микьго мугь кьолеб букIана. АхIулгохIда ракьун гIодулел лъималазул гьаркьаз цо-цо мехалъ гIарадабазул гьаракь гьоркь къинабулеб букIана. Лъималазда гурхIарал муридзабаз, жалго ракьун рукIаниги, чIер хахулел лъимал ругел улбузе кьолеб букIана. Гьелъул хIакъалъулъ магIарул халкъияб кочIолъ абулеб буго:

**«Барщун курак кунеб**
**капурлъиги тун,**
**Кисиниб чIерги бан,**
**босараб алжан.**
**Иццул лъим гьекъолел**
**гIурусалги тун,**
**ГIурул щалай гьекъон,**
**щвараб гъазават», - ан.**

Имамас амру гьабуна сверухъ ругел мугIрузда ахIул цIаял ракеян. Лъеберго борхалъиялда цIаял раниги, дагьал чагIи гурони, АхIулгохIда сверун ккуразе кумекалъе рачIинчIо. Тушманасул гьужум нахъчIван къоялъ рагъарал муридзабаз къаси-къаси, къватIиреги рахъун, гьезул щулалъаби щущазарулел рукIана. Ахбердил МухIамадицаги Балал МухIамадицаги бетIерлъи гьабулаан гьединал чабхьеназе. АхIулгохIда ругезе я къаси макъу, я къад рахIат букIинчIо. Гьезул дару-катанги лъугIун букIана, гулла-херги дагьлъун букIана. Щибаб сардилъ муридзабаз хандакъал рухьулаан ва гохIил рагIалда, къад-къад нахъа рахчизе, щулалъаби гьарулаан. Амма цIидасан Граббел гIарадабаз гьел риххизарулаан. Къад гIурусаз гохIде къвагьарал гIарададул гулби къаси-къаси гьез ракIарулаан. Цояб хандакъалъуса цогидаб хандакъалъуве лъугьун, цебесеб къерда вагъулев вукIана имам.

Шамхаласул милиция чIун букIана Сагърикьодул ва игьелдерил рахъалда. Гьеб рахъалдаса гIурусазе рахIат толеб букIинчIо Балахьуниса ГьитIинав Мусал кIинусго чи вугеб къокъаялъ. Къоабилеб июлалъ Граббеца жиндирго аскаралъул щулалъи АхIулгохIде нусго метралъул манзилалде гIагардегIан къазабуна. Имамас Ахбердил МухIамадиде амру гьабуна, лъабкъого чиги вачун, гьеб щулалъи биххизабизе аян. Къаси тIадеги кIанцIун, муридзабаз гьеб щулалъи щущахъ бана. Гьеб сордоялъ муридзабазул щуго чи шагьидлъана. Гьеб щулалъи цIигьабулаго, солдатазул чанго къо ана.



Къоло анлъабилеб июлалъ АхIулгохIде Граббел таржамачи Бияхъай вачIана. Гьесие бокьун букIана, аскIов чи гьечIого, Шамилида кIалъазе. Имамас анцIила щуго чи данде гьавуна. Граббел цIаралдасан Бияхъайица абуна Шамилил вас Жамалудинги гьоркьлъалие кьуни, аманаталъе имамас рачарал гIадамалги асиралги эркен гьаруни, АхIулгохI сверун ругел аскарал нахъе рачине ругилан. Имам гьесул рагIабазда божичIо. Амма гIемерисел гьалмагъзабаз гьаридал, Шамил разилъана вас гIурусазухъе аманаталъе кьезе. Цинги, Граббеца живго гуккулев вукIин лъайдал, имамас гьезул шартIал тIуразе инкар гьабуна. Гьес лъазабуна, рекъел гьабизе ккани, АхIулгохI сверун ккун бугеб аскар нахъе бачине кколилан.

Граббеца амру гьабуна ГIандигIурул квегIаб рахъалдасан нух къаян. 31 июлалъ байбихьана чIиркьатIисезул кьо цIигьабизе. ГъалбацIдибирасул къокъаялъ кьо гьабизе рачIарал, рагъ гьабун, нахъе къотIана. Амма гьезие кумек бачIиндал, муридзаби ЧIиркьатIе ана. Генерал Лабинцевасул аскар ЧIиркьатIе бачIиндал, гьенир хутIа-рал рукъзалги рухIана ва муридзабиги нахъе къотIана. Мехтулиялъул мунапикъзабиги ЧIиркьатIа тун, Лабинцев ГIандигIурул квегIаб рахъалде, АхIулгохIда дандбитIараб бакIалде вачIана. Гьес тIоцебесеб сордоялъго гохIде гIарада баян амру гьабуна.

Августалъул байбихьуда Граббехъе гIандалазул вакилзаби рачIана КъебедмухIамадил гьоркьохъанлъиялдалъун рекъел гьабеян абизе. Граббеца гьелдаса инкар гьабуна.

АнцIила цоабилеб августалъ муридзаби ахираб нухалъ гохIдаса къватIире рахъана. ХIатIидагIицIго, тIутIураб ратIлилъ ругел бахIарзал рогьалил гIужалъ гIурусазул щулалъиялда тIаде кIанцIана. Гьениб кверзул рагъ ккана. Тушманасул къуват цIикIкIиндал, гьел нахъе къана. Амма гьеб къоялъ тушманасул щулалъи биххизабизе кIвечIо.

АнцIила анлъабилеб августалде щвезегIан генерал Лабинцевас ГIандигIурул квегIаб рахъалда щулалъаби гьаруна. Гьеб къоялъ муридзабаз Щулалъул гохIил рахъалдаса гьоркье АхIулгохIде рещтIунел солдатазда цIа лъуна. КIиябго гохIалда гьоркьоб бугеб кIкIалахъ гIемерал жаназаби бакъул багIариялъ туризарулел рукIана ва жанире къазе бегьуларедухъ, кIкIал махIцун букIана. Августалъул байбихьуда Колоса Сурхай АхIулгохIде нахъвуссана. Гьес имамасда бицана кватIичIого лъабнусго чигун ва кванил нахърателгун гIандадерил цевехъан Лабазан тIаде щвезе вугилан. Амма кисанго гохI сверун ккун букIиндал, Лабазанида имамасе кумек гьабизе кIвечIо. ГохI сверун ккурал тушманасул аскаразде къаси-къаси чабхьеналги гьарун, санагIат ккезегIан балагьун чIун вукIана Лабазан.

Цо сордоялъ къаси къватIиреги рахъун, Балал МухIамадил (40 чи) ва ГIумархIажиясул (25 чи) къокъабаз тушманасул щулалъаби риххизаруна. БахIарчиял магIарулаз нус-нус солдат чIвараб къоги букIана. МоцIие хIисаб гьабун букIараб кванил нахърател лъугIулеб букIана. Байбихьуда АхIулгохIде лъим бачараб бакIалде хIамулги гъун, гIурусаз гьеб махIцинабула. Цинги гIарада бан, рогIралги риххизарун, рахъалги ччукIизарун, махIцараб лъедасацин махIрум гьаруна АхIулгохI цIунулел. Гьел роол моцIаз цIадал къатIраги тIинкIичIо. КвенчIел цIун гIучIалги росун, гьел къурулъ къазарулаго, ГIандигIурухъе лъадал парччи цIезе унаан руччаби. ТIаде рахунаго, гьез гIучIал цо-цо ккун рахъулаан, тушбаби хадур рачIинчIого рукIине. Цо-цо нухалъ гIисинал гIолохъаби, кварицаги рухьун, лъадал парччи цIезе ГIандигIурухъе риччалаан. Гьезулги чангиял нахърусcунароан. Заманалдасан гьениб квешаб унти багьарана. КIазил рагIалалда чIералъул чанго мугьги бухьун ратулаан гIарададул гулбузул кесказ чIварал руччаби.

*МухIамад ХIАМЗАЕВАСУЛ*
*«Имам Шамил» тIехьалдаса*

# Дацил сайгъатал

**Гьале анкь балеб буго Расулица захIматго унтарав имгIаласда аскIоб больницаялда.**

**Къаси нахъалъизегIан гьесул зигардиялъ кьижизе течIев Расул рогьалилъ кьижун ккана. ГIемер заман иналдего, гьев ворчIана имгIаласул Расулин ахIулеб гьаркьихъе. Расул гьесде тIаде къулана. ИмгIалас гьесул квер ккуна, ва, магIил цIурал бералги къапезарулаго, тIаса лъугьа дацилилан щурун абуна. Гьел рагIабаз Расулил дагьабги ракI кваридилъизабуна. Гьес Муса даци каранде къана. Гьеб лахIзаталъ Расул лъимерлъуде нахъвуссана…**

…**Гь**итIинав Расулие байрамалде сверулаан Муса даци росулъе вачIарал къоял. Гьев цIакъго чIухIулаан, инсуда цадахъ даци рокъове вачIиндалги. Цо къоялъ эмен рази-ракиго, Рисалат, жакъаги хьаг цIун бакъвараб гьанги бакьалги тIамейилан рокъове вачIиндал, Расулида бичIчIана Муса даци вачIун вукIин. Инсуца цадахъ гьалбалги рукIине ругилан тIаде жубана. Сордо нахъалъизегIан ралагьун чIун рукIана РахIимги, Рисалатги, Расулги Муса дацихъ. Амма щаялиго гьев вачIинчIо. Нахъисеб къоялъ ШугIайнат ункъачол вас Сайгид цIияб велосипедалдаги рекIун школалде вачIараб мехалда, бичIчIана Расулида Муса даци кив вукIаравали. Сайгидица Расулида цебесан чанго свериги бахъана. Расул гIажаиблъун хутIана - Муса дацица жеги гьесие сайгъат бачIун букIинчIо. Сайгидил дада гьечIелъул, босун батилин досие сайгъатилан жиндиего ракI-макIги гьабулаго, рокъове щвана Расул. Эбелалъги абуна, сайгъатал кьечIониги, вокьизе кколин дацийилан.

**М**уса даци росулъе вачIун вугилан рагIидал, доб цебе гIадаб рохелразилъи бихьулароан Расулида инсул гьурмада. Муса дациги, чIухIараб машинаялдаги рекIун, вачIарабго къоялъ тIадвуссун унаан. Цо къоялъги школалдаса рокъоре рачIунел Сайгидидеги Расулидеги данде векерун вачIарав мадугьалихъ вугев васас бицана Муса даци вачIун вугилан. ГодекIанив гIодов чIун вукIарав дацихъе рекерана кIиявго вацгIал.

Дацил лъималилан гьезие хIеренаб хабарги бицунаго, Мусаца кисинисаги бахъун, щуазарго гъурщил кагъат бегьана Сайгидихъе.

Дацихъе битIараб квер чIобого хутIана Расулил. ГIамал кIодого Сайгидги ана рокъове. Азбаралъуве щолаго, Расулида рагIана эбелалъулги инсулги гара-чIвари:

- Дица гьанжесалалъ бадибчIвай гьабичIого теларо. Дуда лъала, Рисалат, МахIачхъалаялда цIалулеб мехалдаги, цинги Москваялда аспирантураялде лъугьаравгоги, хадуб гьес гIелмабазул кандидатасул цIар цIунулелъулги, дица гьесие гьабураб кумек. Доб мехалда гьев лъиданиги вихьулев вукIинчIо, лъиениги гIагарав вукIинчIо. Гьанже киназего гIагарлъана гьев. Дихъе вачIине заманцин гIолеб гьечIо гьесул.

- **Щ**ибха гьабилеб, РахIим. Рокъове вилълъайилан абураб мехалда, росуцоязе инкар гьабизе кIолеб батиларо. ГIайиб гьабуге дуца вацасде. Хъулухъги тIадегIанаб бугелъул гьесул. Заман гIолеб батиларо.

ГIолев Расулги вуго, гьесиегIаги букIина Мусал кIудияб кумек.

Гьедин гIодове виччазавулев вукIана Рисалатица РахIим. Дагь-дагь ккун цоцаздаса рикIкIалъана кIиявго вац. КIудиял гIолел Расулги Сайгидги рукIана. ИмгIал сабаблъун гьезда гьоркьобеги жахIда рещтIана. Лъимал гьечIев Мусаца Сайгид васлъун вачана. Школа лъугIарабго, Москваялда мединститутalде цIализе витIана Мусаца Сайгид.

ЦIализе лъугьинецин кумек щвечIо Расулие дацил. РахIим хвараб мехалдаги, Москваялде конференциялде арав Муса даци, анкьидасан гурони росулъе вачIинчIо.

Заочно цIализеги лъугьун, эбелалъе кумекалъе росулъго чIана Расул.

**Ц**индаго, инсульт ккун, унтана Муса даци. Сайгидидаги лъазабуна хех гьабун рокъове вачIаян. Амма Сайгидица Расулида абуна сессиялдаса хадув, жив кIиго моцIалъ хIухьбахъиялъе ине вугилан, жив вачIинегIан Муса дацие хъулухъ гьабейилан.

Бащдаб лъагIелалъ цебего цIикIкIараб къадаралъул гIарацги кьун, балагьун букIана Муса дацица Сайгидие батIияб пачалихъалде ине путевка. Рисалатицаги вас, Муса унтун вукIин лъарабго, шагьаралде нухарегIана…

Гьединал пикрабазда вугев Расул рекIедаго ватичIо даци холев вукIиналда. РухI босулелъулги, Муса дацил кIутIбуз тIаса лъугьаян шурулеб букIана. Росдал хабзалалъ Муса дациги вукъун нахъе вачIунелъулги, Расулида цебе бачIунеб букIана доб кидаялиго лъимерлъуда дацихъе битIараб ва чIобого хутIараб жиндирго квер…

# КIиго хIули

**Мурадие цIакъ бокьулаан кIиго хIулиялъул хIакъалъулъ дахIабабаца бицунеб маргьаялъухъ гIенеккизе. Гьесул яцако Аминатие дагьабги цIакъ бокьулаан гьеб кIиябго, доб дахIабабал маргьадалъ букIунеб гIадаб, хIулиги каранде къан, гIенеккун чIезе, ва заманалдасан гьей кьижун кколаан. Макьилъги хIулабигун гаргадулаан Аминат, цин гIодулаан, цинги елъулаан, баулаан гьезда, реэдулаан гьел. ЦIакъ берцинал хIулабигиха гьел рукIарал. ДахIабабаца щиб гьезда гьабун букIарабали лъаларо, амма гьезул букIана чанго батIияб кьер. ЦIорода гъоркь цоцазда аскIор лъун ругел гьезухъе гIемер щолаан дахIабаба ПатIиги.**

**Гь**елъ недегьаб хабар бицунаан хIикматал хIулабазе. Аминатги Мурадги машгъуллъун гIенеккулаан дахIабабаца хIулабазул хIакъалъулъ бицунелъухъ. Маргьа бицунелъулги, гIодулаан гьей, хIулабигун гаргадулелъулги, гIодулаан. Гьеб балъголъи бичIчIулароан гьитIичазда. Жидедаго гIодор ратарал хIулабиги рищулаан гьез. ДахIабабаца, маргьа бицунелъул, абулаан боржун бачIун цо берцинаб хIинчIалъ рищанила гIодоса хIулаби ва гьел чIанила ракьулъилан. Цинги цо заманалдасан гьездасан рижун рачIанила берцинал хIулабийилан. Доб берцинаб хIинчIалъ гьел хIулаби рикьун руго киса-кирего. Ва кIиго хIули щун буго дахIабабаеги. Гьелъги босун буго кIиябго хIули, цояб - Мурадие, цояб - Аминатие. Гьел кIудиял гIелалде, хIулабазул лъугьине руго гIемерал хIулаби, ва гьез цIунизе руго Аминатги Мурадги. ХIулабаздаги рекIун, гьел роржине руго доре рикIкIаде, дадахъеги бабахъеги. ДахIабабал маргьаялда божарал гьитIичазги ракьулъ къазабулаан батараб хIули, цIиял берцинал хIулаби рижизе. Цинги ина гьел, дахIабабаги ячун, дадахъеги бабахъеги. Гьелги рагIула маргьабазул цо хIикматаб дунялалда.

- **Д**ахIабаба, щайха нижеца чIарал хIулабаздасан цоги хIулаби рижулел гьечIел? Нижее бокьун буго дадахъеги бабахъеги щвезе. Нижер гьудулзабазул киназулго руго дадаги бабаги, нижерал щай арал моцIроде, нижги жалго тун. Ниж долгун барщила, кигIан гьараниги, рачIунелги гьечIо дол. Дозие рокьулел ратиларо ниж. ГьабсагIат роржина дозухъе, дозде цIакъ ракIщун буго нижер, - иланги абун, Мурадги Аминатги дахIабабал хIулаби цIорода гъоркьа нахъе росизе лъугьана, гIодилаго. Йихха-хочарай ПатIица лъималазухъа хIулаби рахъана ва гьездасаги цIакъ, хIулабиги лъималги каранде къан, биччан гьаракьгун гIодизе лъугьана. ГIодулел рукIана лъабалго: Мурадги Аминатги лъазего лъаларел бабахъги дадахъги, ПатIи - хIулабазул сипатазда рекIелъги пикрабалъги цIунун ругел хирияв вас ГIабдулахъги гьесул йокьулей лъади Зарипатихъги. Щиб балъголъиха хIулабазул букIараб?

**ХI**ули - гьеб букIана ГIабдулаца Зарипатие ургъараб маргьа. ХIулиялъ хъвалаан гьес йокьарай ясалъухъе рисалат. ГIадатияб хIули гуребха гьеб букIараб - ГIабдулаца, суратал рахъиялъул учителас, гьеб къачIан букIана, щибаб рас батIибатIиял кьеразги белъун. ЦIакъго кIвар кьун халгьабуни, гьениб бахчун букIана Зарипатил цIарги. Гьеб хIулиги букIана гьесие Зарипатица сайгъат гьабураб. Гьединабго хIули гьелъ жиндиегоги къачIазабун букIана ГIабдулада. Гьенибги бахчун букIана Зарипатие бищунго хирияб цIар. Гьеб букIана кIиязулго балъголъи. ГIабдулалги Зарипатилги къотIи букIана, гьел хIулабаз гурони, цоцазухъе кагътал хъвангутIизе. Кагътазул авалалдаги ахиралдаги букIине кколаан хIулидал суратги. Гьел кагътазулъ букIанщинаб недегьлъи, хIеренлъи, рокьи, гогьлъи, гIанчIлъи… КIиго хIулиялъ бахчун букIанщинаб балъголъи! Досулги. Долъулги. Амма гьеб рокьуе квалквал гьабулеб букIана Зарипатил эбел-инсуца. Гьезие бокьун букIана яс, эменги гьечIев, мискинав, чиякъав ГIабдулае кьечIого, ресалдаги вугев, шагьаралда минаги бугев, лъикIаб хъулухъалдаги вугев гIагарав Халидие кьезе. Чанги къеркьана ГIабдула талихIалъе гIоло. Гьесул хIулидал рисалаталги цIалун, гIемер инагьдана Зарипатги. ГIабдулал эбел кIалъан яккизего течIо Зарипатил гIагарлъиялъ, чияр росулъа ячIарай апарагалъул щибго ихтияр гьечIин жидер ясалъул къисмат къотIизейилан. Зарипат ракIалде щванщинахъе, гьелъул хIулигун гаргадулаан ГIабдула.

**ТI**аде щолеб букIана Зарипатил бертадул къо. ГIабдулаеги эбел ПатIиматиеги квешезего гIадин, къватI-къватIалъуй лъугьун, бертадул бицун гаргадизе Зарипатил эбелги лъугьана. Зарипатилги Халидилги бертадул бицунеб росуги тун, цо къоялъ, хъамун Зарипатгун, росу тана ГIабдулаца. БитIун бицани, Зарипат мукIурлъун йикIана къисматалъе, кигIан захIмат бугониги, эбел-инсуца кьуралъуе ине. Гьелъ гьарулебги букIана, гIадамазда лъалалде, жий нахъе щвезаейилан. Гьединаб хабар хехго щущалелъулха, лъачIого хутIичIо ГIабдулаца Зарипат хъамиги. Зарипатил гIагарлъи гьардана, гьедарана, яс нахъе кьуни, умумузул гIадаталда рекъон бертинги гьабун, кьелилан. Кьуна ГIабдулаца Зарипат нахъе. Гьумер хачалей Зарипатил эбелги тун, инсуца, магIарул къагIидаялда бертинги гьабун, Зарипат ГIабдулае кьуна. ЦIакъ чиякъго йикIана бахIарай гIумруялъул бищунго талихIаблъун рикIкIунеб къоялъ. Бабал меседиланги абун, ПатIица кIалдиб гьоцIоги хъвана бахIаралда. МагIарул гIадаталда рекъон, ясалъул эбел-инсуцаги ахIизе кколаан бахIарал рокъоре. ГIемераб мехалда ялагьун чIана Зарипат гьеб ахIиялъухъ. ХалатбахъинчIо хIулабаз хъвараб талихIалъул къисаги.

**З**арипат лъимаде йикIин лъарав ГIабдула гьудулзабигун цадахъ гьеб талихI «чуризе» ана. Ва тIадруссунаго, машинаги авариялде ккун, щуго гьалмагъасда гьоркьоса ГIабдула хвана. Хъвана хIулиялъ талихIаб къисаялъул ахирисеб, «талихIкъосараб» тIамач. Амма гьебги ахирисеб букIун гьечIо. ГIабдула хвараладаса цониги йохараб къо букIинчIо Зарипатил. Гьей макьилъ кидаго довгун йикIунаан. ЛъикIал гурел макьабазги рахIат толеб букIинчIо гьелъие. Гьеб кинабго лъикIалъе гуреблъи бичIчIулеб букIана ПатIидаги жийго Зарипатидаги. Ва гьанжесалалъ кIиабилеб хIулиялъ хъвана доб талихIаб къисаялъул ахирисеб тIамач, кIиго лъимер цадахъ гьабулаго, Зарипат хвараб къоялъ. КIиго хIули. КIиго рокьи. КIиго рухI. КIиго анищ. Гьеб кинабгоги цолъун лъугьараб къваридаб къиса. Цоцаздаги хурхун дахIабабаги лъималги гIодулелъул, рокъоре жанире лъугьун рачIана Зарипатил эбел-эмен. Щуго соналдасан! ГьитIичазул рохалие гIорхъи букIинчIо. Гьанже гьел киналго цадахъ роржине руго, кIиябго хIулиялдаги рекIун, маргьабазул улкаялде. ГIабдулахъеги Зарипатихъеги.

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***



# Мисал босиялъе мустахIикъаб къисмат

**Октябралда 100 сон тIубалаан машгьурав прокурор МухIамад Ибрагьимов гьавуралдаса. Гьев гьавуна ЧIарада районалъул ГIириб росулъ. ГIагараб росдал школаги лъугIизабун, цIализе лъугьана Дербенталда букIараб политикияб лъай кьеялъул школалде. Амма, живго унтиялда бан, цIали рехизе ккана гьес. Сахлъун хадув гьев ана ЧIарада районалъул нухмалъулезухъе ва бицана, жиндие цIализе ине бокьун бугин абун. Гьезги МухIамад витIана ВКП(б)ялъул Дагъистаналъул обкомалда цере рагьарал анлъго моцIил курсазде. Гьениса тIадвуссарав М. Ибрагьимов тIамуна КПССалъул ЧIарада райкомалъул техникияв секретарьлъун хIалтIизе. Гьоркьоб заман индал, гьев вачана прокуратураялъул халкъияв следовательлъун хIалтIизе ва гьеб хъулухъалда вукIана 1944-1950 соназда.**



Гьеб букIана захIматаб, улка рагъулъ бугеб заман. ЧIарадаги мадугьалихь районазулги рохьазда рахчун рукIана фронталдаса лъутун рачIаралги, хъачагъалги, такъсирчагIиги. Гьезда хадур лъугьарал низам цIунулезул идарабазул хIалтIухъаби рукIине кколаан жавабчилъи тIокIаллъун, хIинкъикъай лъаларелльун, такъсирчагIазул иргадулаб гали цебеккунго лъазабизе бажари-гьунар бугеллъун. Камулароан гьезулгун рагъ ккеялъул, ай туманкIгун таманча гаргадизабизе ккеялъул хIужабиги. Гьелъие чара гьечIого хIажалъулаан бахIарчилъи, рекIел къвакIи къуркьунгутIи. Гьединавлъун вукIана гIолохъанав МухIамад Ибрагьимовги.

ЧIарада райкомпартиялъул тIоцевесев секретарь И. СагIдулаевас М. Ибрагьимовасе кьураб характеристикаялда хъван буго: *«ЧIарада районалъул прокуратураялъул халкъияв следовательлъун Ибрагьимов М. хIалтIулев вуго 1944 соналъул марталдаса нахъе. 1949 соналъул январалдаса нахъе вуго цIех-рехалъулгун судалъул идараялъул партиялъул гIуцIиялъул секретарьлъун. Гьесухъа хIалтIи гьабун бажарула, тIадкъараб иш тIубазабула ракIбацIцIадго ва мухIканго. Гьесул хIалтIулъ гьечIо гIунгутIаби. Партиялъулабгун советияб активалъ адабги гьабула гьесул»,* - ан.

1950 соналда М. Ибрагьимов цIализе лъугьана Москваялда бугеб СССРалъул Прокуратураялда цере ругел кIигосонилал курсазде. Цадахъго (заочно) цIалана Украинаялъул ССРалъул Юстициялъул министерствоялда цебе букIараб Харьковалъул юридикияб школалдаги. ЦIалун вахъарав МухIамад хIалтIизе тIамуна КъахIиб районалъул (гьанже – Шамил район) прокурорлъун ва кIиго соналдаса вищана рехсараб районалъул исполкомалъул председательлъун.

Гьеб заманалда Ибрагьимовасул букIинчIо тIадегIанаб лъай. ХIалтIул рахъалъ районалда бугеб хIалуциналъухъ балагьичIого, гьев цIализе лъугьана Саратовалъул юридикияб институталде ва хадувккун – Дагъистаналъул пачалихъияб росдал магIишаталъул институталдеги (заочно). Дагъаб заманалдасан байбихьана МахIачхъалаялда цIализеги – партиялъулгун советияб школалда.

1958 соналда М. Ибрагьимов витIана Гъуниб районалде. Гьенивги гьев хIалтIана цин халкъияв судьялъун, цинги – 1963 соналдан – Гъуниб райисполкомалъул председательлъун. Щуго соналдасан вахъана тIоцевесев секретарьлъунги. Гьеб хъулухъалда вукIана 1971 соналде щвезегIан. КъахIиб ва Гъуниб районазда хIалтIун щвараб бечедаб хIалбихьи гьес хIалтIизабуна тIолабго гIумруялъул хIаракатчилъиялда.

МухIамад Ибрагьимовасул тIадчIеялъулги тIалабалъулги хIасил ккола дол соназда рехсарал районазда цIиял школазегун лъималазул ахазе ва больницабазе, гьединго райкомалъул хIалтIухъаби жанир рукIине рарал минабиги, къачIарал шагьранухалги, гIадамазул гIумруялъе гIуцIарал санагIатал шартIалги ва гIемераб цогидабги. Ибрагьимовасул хIаракаталдалъун, масала, КъахIиб районалъул центр бачана жакъа бугеб бакIалде – ХIебде. Гьелъие гIиллалъунги ккана рорхатал мугIрузда букIараб КъахIибе рукIинчIо санагIатал нухал. Гьенире ине захIмалъулаан, хасго хасало ва гIазу-цIад балеб мехалда. Жакъасеб ХIебда росу буго районалъул тIолго росабазул гIадамазе санагIатаб бакIалда.

**Жиндиего щолеб пайда-лъикIлъиялъул хIисабго гьабуларoан 15 соналъ Дагъистаналъул прокурорлъун вукIарав М. Ибрагьимовас. Гьесие аслияблъун букIана пачалихъиябги жамгIиябги кIвар бугеб ишалъулъ ритIухълъи цIуни.**

Гъуниб райкомалъул тIоцевесев секретарлъун М. Ибрагьимов хIалтIулаго, район чанцIулго мустахIикълъана доб заманалъул къиматаб шапакъаталъе – социалиябгун экономикияб рахъаз церехъабазул кьерда ругезе кьолеб букIараб ЗахIматалъул БагIараб Байрахъалъе. Районалъул цIар хъван букIана республикаялъулги централияб аппараталъулги ХIурматалъул хъорщода.

Республикаялъул нухмалъиялда гьоркьоб М. Ибрагьимовасул цIар машгьурлъана гIадлу бугев, магIишат бачине бажари гIолев нухмалъулев ва ракIбацIцIадав, вичун восизе чIоларев, гIакъилав ва гIадлу тIокIав инсан хIисабалда. Живго вукIана гIемер хабар бицунарев, сабурав ва кутакалда гIодове виччарав чи. Гьединлъидал тIоцебе лъай-хъвай гьабурав чиясда ракIалде кколаан гьев чIухIарав ва гьорлъе восуларев чи вугин абун. МухIамадилъ гьитIинго куцан букIана аскIове вачIарав чиясухъ кIваркьун гIенеккулеб, бажарараб кумекалъе вахъунеб хасият. Амма гьев киданиги гурхIичIо пачалихъияб мулкалда кверщел гьабурав, улкаялъул закон малакь мерхьунев чиясда.

Гьединав вукIиналъе нугIлъи гьабула РСФСРалъул прокурор Б. Кравцовасул «Принципиальность прокурора» абураб макъалаялда гьесул цIар рехсеялъги. 1971 соналда Дагъистаналъул прокурорлъун тIамурав М. Ибрагьимовасул хIакъалъулъ гьадин бицунеб буго рехсараб макъалаялда: «ДАССРалъул прокурор М. Ибрагьимовасдаги Министрзабазул советалъул председателасул тIоцевесев секретарь М. Абуевасдаги гьоркьоб хабар ккола. Прокурорас бицуна цо-цо районазда законалъул тIалабал хвезарулел ругин абун. Рехсола колхозалъул сурсатги ракьалги мекъаб хIалалда хIалтIизариялъул хIакъалъулъ бицунел хIужаби. Щибаб хIужаялъул халгьабун бугоан прокурораялъ ва кколеб гIадлуги гьабун бугоан.

Аммаян абулеб буго Ибрагьимовас, гьабураб гIадлуялда гIей гьабун рукIине бегьуларо. КъваригIун буго республикаялъул идарабазул нухмалъулездасаги жавабчилъи тIалаб гьабизеян тIирун чIана гьев.

Прокурорас кIкIуй кIанцIизабулеб бугин, цо-цо гьалатIазул магIна гIилла гьечIого кIодо гьабулеб бугин кIалъана Абуев. Харбил хIасил кколеб гьечIолъи бихьулеб букIана. Гьебмехалда Ибрагьимовас абуна, Министрзабазул советалъ жиндир пикрабазул мухIканго халгьабизе кколилан. Прокурорасул тIирунчIеялъул рахъккуна министразги», - ян.

Жиндиего щолеб пайда-лъикIлъиялъул хIисабго гьабуларoан 15 соналъ Дагъистаналъул прокурорлъун вукIарав М. Ибрагьимовас. Гьесие аслияблъун букIана пачалихъиябги жамгIиябги кIвар бугеб ишалъулъ ритIухълъи цIуни. Гьедин гьесда цадахъ хIалтIарал гIадамазги республикаялъул нухмалъиялъги.



Араб гIасруялъул 1970-абилел соназда СССРалъул Верховный Советалде улкаялъул регионазул рахъалдаса цохIо вугев депутатлъун вукIаниги, Верховный Советалъул рахъалдаса Европаялъул улкабазде парламентазул вакилзабазда цадахъ хьваданиги, гьес киданиги балагьичIо жиндиего цIар-рецц.

*Дагъистаналъул машгьурав хIаракатчи ГIабдулатIип ХIажиевас хъвалеб буго: «Тарихалда гIемер руго жидер хIакъалъулъ лъикIаб пикруги цIарги нахъа тарал, машгьурал ва сахаватал Дагъистаналъул васал. Гьезда гьоркьоб мустахIикъаб бакI ккола дир ракьцоясги – экономикаялдаги правоялдаги гIадлу-низам цIунизе гIемерал соназ хIаракат бахъарав МухIамад Ибрагьимовас. Гьесул тIолабго гIумру буго мисал босизе мустахIикъаб»,* - ан.

РакIбацIцIадав прокурорасул хIакъалъулъ пикру загьир гьабуна Расул ХIамзатовасги: *«МухIамад Ибрагьимов гIадинал гIадамал къанагIат гурони дандчIваларо. Дица гьев рикIкIуна гIаданлъи тIокIав интеллигентлъун. Дагъистаналдаги республика тун къватIибги загьирлъана гьесул гIуцIарухъанлъи, хIалтIи цебе туркIизабулеб хасият. Гьесул нухмалъиялда гьоркь борхалъуде бахана Дагъистаналъул прокуратураялъул къадру. Гьединлъидал Россиялъул Федерациялъул прокурор Кравцовас гьев рикIкIунаан Россиялъул бищун лъикIал прокурорazul цоявлъун. МухIамадица бана жиндир гIаданлъиялъеги къадруялъеги кIудияб памятник – гьеб бащалъула чIарадисезул бищун борхатаб тIогьалда»,* - ян хъвана гьес.

М. Ибрагьимовасул хIаракаталъе кIудияб къимат кьуна ватIаналъ. Гьев мустахIикълъана ЗахIматалъул БагIараб Байрахъалъул орденалъе, «КIудияб ВатIанияб рагъул соназул бахIарчияб захIматалъухъ» ва «ЗахIматалъулаб бахIарчилъиялъухъ» абурал медалазе, гьединго ХIурматалъул грамотабазегун Баркалаялъул кагътазеги. Кьуна гьесие «СССРалъул прокуратураялъул къадруяв хIалтIухъан» ва генерал-майорасул чиналда бащалъулеб «Лъабабилеб классалъул Пачалихъияв гIакълучи» абурал къадруял цIаралги.

МахIачхъалаялда, М. Ибрагьимовас гIумру гьабураб минаялда чIван буго мемориалияб хъарщи ва гIагараб росдал школалъе кьун буго гьесул цIарги.

***ХIасанхан ИБРАГЬИМОВ,***
***Россиялъул ФСБялъул ветеран, полковник,***
***Россиялъул Журналистазул союзалъул член***

## МАРГЬА

# Царада моцI бихьи



Чанахъанас кьурул ракьанда гудур гъунила. ГудратIе жанавар бачIине, кьурулъ кIудияб магIги чIван, гьелда гьанги банила. ГудратIа чIечIого, гьанатIе нух букIинчIила.

АскIосан унеб царада гьанал махI чIванила. Цо жо гьечIого, кьурда гьан баларилан, балагьун чIанила. ЦIакъ гьанаде хиялги лъун, букIанила цер. БукIаниги, гьанадаса рухI хира гьабунила. Жибго гьанги танила, билълъанила гьениса нахъе.

Цер, рикIкIаде инчIого, гьениб сверухъ женжелеб букIанила. Кканила данде бацI.

- Огь, кIал ккечIеб, санагIатаб мехалъ батулареб, жакъа битIун дица нигат гьабураб кьоялъ буго гьанада тIаде кколеб! – илан гаргаданила цер.

- Дица ккун гьечIогури кIал, гьеб дида бихьизабе, - ян царада тIаделъанила бацI.

Бачун бацIгун, гьан бугеб бакIалде билълъанила цер. БацIида гьанги бихьизабун, цер нахъегIан чIанила.

Бакъараб бацI гъираялда гьанаде бортанила. БацIил кIал гьанаде щвейги нахъаса бохдул гудраца кквейги цадахъ кканила. Гьаракьги гьабун, хъумур чехьатIаде рехanила. Гьанги чIвархан царада цебе речIчIанила. БацI чIабар хачалеб букIанила, цер гьанаде тIаделъанила.

БацIица царада гьикъанила:

- ВахI, кIал ккун гурищ мун букIараб? – ан.

- Дида гьанже моцI бихьана, - ян цараца жавабги кьунила.

## ЛЪАЛИЩ НУЖЕДА?

Дунялалда тIад бищунго халатаб гIорлъун рикIкIуна Нил. Гьеб буго Африкаялда. Нил гIурул халалъи бащалъула 6650 километрал-



да. Гьеб чвахула 10 пачалихъалдасан: Судан, Югалъулаб Судан, Бурунди, Руанды, Конго, Танзания, Кения, Эфиопия, Уганда, Египет. КIиабилеб бакIалда буго Амазонка гIор. Гьеб буго Югалъулаб Америкаялда. ГIурул байбихьи буго Перуялда, лъугIула Бразилиялда Атлантическияб океаналда. Гьелъул халалъи бащалъула 6259 километралда.

* * *

Дунялалда тIад буго кинабниги 500 зоопарк.

* * *

Чодул 18 ракьа цIикIкIун букIуна гIадамазда дандеккун.

* * *

ЦохIо пингвин ккола лъим хазе кIолеб, амма



боржине кIолареб хIинчI.

* * *

Киталъ 2 секундалда жаниб цIула 1400 литр гьаваялъул.

* * *

Щибаб найил тIалиниб букIуна 20000-ялдаса 60000-ялде щвезегIан на.

## ТIАДКЪАЙ

**ГIужрукъие кумек гьабе гIочол чIепалде аскIобе щвезе**



**Цо спичкадул гIучIги хисун лъун, 9 лъаббокIоналдаса цо лъаббокIон лъугьинабе.**



## ШАГIИРЗАБАЗУЛ АСАРАЛ

### Хасалихълъи

ТIогьиллъулел руго гъутIбузда тIанхал,
Гьазий лъугьараб щиб, барщунцин гурищ?
Яги хасалихълъиялъ гьоболлъи байдал,
Гьелъукьаги хIинкъун, гъенезехъинищ?
Барщунги гуро гьал, хIинкъунги гуро,
Хаслихълъи бачIиндал речIалел руго.
ТIанхалги гIодор гъун, гIицIлъулеб бугеб
Гъаримаб гъотIода гурхIун буго ракI.
Рии бачIарабго, тIанхал рижигун,
Берцинаб тIегьалда релълъунаан гьаб.
ТIанхалги гIодор гъун, гIицIго хутIидал,
Бесдаллъун хутIараб лъимерин ккола.
Воре, ургъел бачIун, гъаримлъуге, гъветI,
Нахъеги бачIина чIурканаб рии.
Гьебмехалъ цIидасан рижила тIанхал,
Ва гIурччинаб ретIел ретIина дуца.

*МухIамад ГЪАЗИЕВ*

## МАХСАРА

### Географиялъул дарсида

Учителас гьикъана:

- Салул авлахъалда гIадамал варанабазда щай рекIунел? – ан.

- Хьитазда жанибе сали инчIого букIине, - ян жаваб кьуна Къурбаница.

### ЧчугIбуз гьекъонха

- Ралъдалъе гIемерал гIорал чвахула. Щайха гьебги цIун, лъим къватIибе чвахулареб? – ан гьикъана учителас.

- Гьеб ччугIбуз гьекъон дагьлъула, - ян жаваб кьуна Къурбаница.

* * *

- Дир жакъа букIана лъикIаб къо, - ян абуна МухIамадица.

- Щай? – ан гьикъана эбелалъ.

- Учительницаялъе бокьун букIана дун бокIнилъе витIизе, амма киналго бокIнал цIун рукIана.

## РАГIИКЪОТI



**ГIебеде:** 3. Бихьинчиясда цIар. 4. Шамил районалдаса генерал. 8. Чед бежулеб бакI. 10. Юк баччулел машинабазул марка. 12. Литва пачалихъалъул шагьар. 13. Солдатал рега-рахъунеб бакI. 14. Культураялъул бутIа. 15. КIудияб цагъур. 16. Литературияб жанр. 18. Бусурбабазул хирияб моцI. 19. Кутузул тухумалъул жанавар.

**ГIодобе:** 1. Паспорт босулаго цIезе кколеб кагъат. 2. Казбек районалъул росу. 4. Росдал магIишаталъул машина. 5. Спортсменазул къокъа. 6. Черхалъе чара гьечIого къваригIуна. 7. Шамил районалъул росу. 9. Гьари нахъчIвай. 11. Букъараб квер. 12. Ясалда цIар. 16. Грек алфавиталъул хIарп. 17. Минаялда цебе бакI.

*Гьумер хIадур гьабуна ГIайшат ХIАЛАКЪОВАЛЪ.*

## ДАНДЕРИЖИ

# РагIи бадибе лъикIаб

**Журналистасул хIалтIул аслияб алатлъунги ярагълъунги буго рагIи. РагIул къуватги кутакаб буго – гьелда дагIба балев чи гIабдал вукIин хIакъаб буго. РагIуца чи чIвала, рагIуцаго сахлъизеги гьавула.**



2023 соналъул анлъабилеб октябралда къватIибе бачIараб «ХIакъикъаталъул» 16-абилеб гьумералда буго «КIуяда росдал тIегь» абураб дир макъала. Гьелъул ахиралда руго гьадинал мухъал: «Ругъжаб росдал школалъул директорлъун йикIарай Кумсиятица ГIабидатида абулаан «КIуяда росдал тIегьилан». Гьеле гьеб бакIалда, газета цIалулесул ва Кумсият лъалев цIалдолесул пикруялда рекъон, борчIун буго кутакалда кIудияб гъалатI. КIудияб баркала буго гьеб гъалатI биччан бугилан абун дихъе кIалъарав магIарулаcе. КъватIибе ун бахъиналде газетаги цIалун, нижее гьелъул хIакъалъулъ пикру загьир гьабидал, цIакъ рохула ниж, редакциялъул хIалтIухъаби.

Кумсият Антикова 54 соналъ хIалтIулей йиго школалда. Гьезда гьоркьоса 27 соналъ йиго Ругъжаб росдал школалъул директорлъунги. Бегьилаанищха дица, журналист Сулеймановалъ, гьей «хъулухъалдаса яхъизе»? Гьайгьай, бегьулароан. Гьединлъидал дица хасаб хитIаб гьабулеб буго рехсарай директоралде.

ХIурматияй Кумсият Антикова! РагIул гIомо гьабугеян умумузул абиги бугелъул, гьарула дида тIаса лъугьаян. Учитель вуго дие бищун хирияв ва вичIчIизе бигьаяв чи. Учителасул хIалтIул захIмалъиги кутакалда лъикI бичIчIула. Гьездe хъинтIулеб рагIи абулев чиясда тIад киданиги рекъоларо дун. Бихьулищха, лъазего лъачIого, дицаго речIчIун буго учителасул каранзулъе бакIаб чIор. РагIи гьуинасул гьудул гIемеравиланги абула. РачIа гьудуллъи гьабизе.

*Адабгун,*
*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

## ХАСАБ ПИКРУ

# Пайдаялда хIалтIизабизин гIакълу ва макру

**Ахираб заманалда гIемер рихxулел руго ригьнал. ГIисинаб гIелалъул гьечIо цересел гIолохъабазул гIадаб сабру, гIодоре риччай, хехдарулел руго. Лъадул гIиси-бикьинал гIоларел рахъал тIасан-гьоркьан риччазе лъалеб гьечIо. Нилъер умумузул кицаби кьочIое росулел къанагIалъулел руго. ГIаданлъун лъугьине ккани, тIолабго гIумру гIоларо, амма гIаданлъиялдаса вахъине цо лахIзат гIола...**

Кинал умумузе бокьилеб гьабураб ригьин хвезе? ГIемераб гьинги, лъималазе тарбия кьолаго, гьел гIезарулаго арал сардал-къоялги гIадада ккезе. Лъималаздаса хирияб жо щиб бугеб эбел-инсуе?

Нилъее, цIикIкIаразе, жалго лъималаздасаги гьезулги лъимал рокьулелъул. Абула ТIадегIанав Аллагьас (гI. с.) ракьалде биччан бугилан 10 бутIа гIакълуялъул, гьелдаса 9 бутIа бихьиназе, цо бутIа руччабазеян. Амма рукъ цIунизе, хьизан-лъимал рихxичIого рукIине тадбир гьабизе лъалел бихьинал ва хасго руччаби цIакъ дагьал руго. Ригьин цIунизе ккеялъул малъулел, абулел гIалимзаби, эбел-эменги рукIаго, щибго гуреб, гIодоб лъезе тIину гурел, кодоб босизе гIоркь гурел гIиллабаздалъун ригьнал рихxулел руго.

Цо хьизамалъе кIудияб къварилъи букIун буго гIонкIкIоца цебе батараб жо, ретIел-кун букъун толарого. Гьеб чIвазе щун буго бетIергьанчиясухъе цо заманалдасан, гьев цIакъ вохун вуго. Амма чIужуялъ гьелъул щибго кIвар гьабун гьечIо. Ццин бахъун гьелда росас чIужу Муслимат рокъое йитIун ун йиго. Гьеб къоялъго Муслиматги ячун эбел ячIун йиго ва гьес гьабураб «гьунар» зодоб бахинабун гьев цIакъ веццун вуго. Гьай дир ясалъул бичIчIи гьечIолъиян гаргадун йиго якьад. Гьанжеялдаса нахъе дур кIудияб адаб гьабизе бугоянги абун, ясги гьений тун, эбелги рокъое ун йиго...

Цо-цо руччаби лъугьуна батIи-батIияв гьединал макрабиги ургъун россаби жидедехун руссинаризе. Унтунин чIун, унго-унгоги унтараб мехалъ бихьинал божилъиялдаса инарун. МагIишаталда хурхараб макру гьабун. Мун бихьинчи гурищ, досул, гьосул гьаб-доб бугин, дур щиб бугебан абун. КигIан рос жигар бахъун хIалтIулев вугониги, щваралда гIей гьабун чIарав вугониги, гьесда ракI рекъоларого. Цо-цоял цIакъго гогьдарула жий унтарай, гьитIинай йигилан абун. Макру лъикIаб жо буго кумекалъе, маслихIаталъе, заралалдаса цIуниялъе хIалтIизабуни.

Макру буго пучч-пер гIадинаб жо - дагьаб бани, тIагIамги лъугьинабулеб, гIемер бани, кIалги бухIизабулеб, ай гIорхъи лъазе ккола гьелъул. Хасго макру буго рокъоб рос-лъадуда гьоркьоб гьава-бакъ, гьоркьоблъи рекъезабулеб жо. ЛъикIалъе хIалтIизабуни, лъикIлъабиги гьарза гьарулеб, квешлъиялъе хIалтIизабуни-квешлъабиги гIемер гьарулеб. Жигар бахъе макру-лъикIлъи хIалтIизабизе киналго разилъулебщиналъе.

*Загьирбег*
*МУХIАМАДНАБИЕВ,*
*Шамил район, ТIогьохь росу*

## ХИРИЯБ МОЦI

# РаббигIул-авалалъул хIурматалда

Унсоколо районалъул Балахьуни росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана къец. Гьеб гIуцIун букIана РаббигIул-авал моцIалъул хIурматалда ва МухIаммад аварагасул (с.т.гI.) гIумру гьваридго лъазабиялъул мурадалда. Къецалда гIахьаллъана нусгоялдаса цIикIкIарав 5-11 классазул цIалдохъан.

Къецалъул тIоцебесеб бутIаялда лъималаз кьуна суалазе жавабал (тестирование). Лъабкъоялда анцIила щуго проценталь ритIарал жавабал кьурав щуго цIалдохъанасе, заманги цIан, кьуна гьадинаб тIадкъай: аварагасул (с.т.гI.) тIабигIат-гIамалалъул ва хьвада-чIвадиялъул хIакъалъулъ лъалебщинаб кагътида хъвазе. Гьелдаса хадуб бищунго лъикIал жавабал кьурав лъабгоясда гьоркьоб тIобитIана «Умники и умницы» тайпаялъул хIай. Жюриялъул пикруялда рекъон, бергьарайлъун рикIкIана микьабилеб классалъул цIалдохъан МухIамадова Загьраъ ва школалъул дирекциялъ сайгъат хIисабалда гьелъие кьуна щуазарго гъурущ.

Къецалъул байбихьуда Аллагьасул (с.т.гI.) 99 хирияв цIарал рекIехъе рикIкIана анкьго сон барав Якьубов ГIумарасхIабица ва 10 сон барав МухIамадов МухIамадица. Гьезиеги кьуна гIарцулал сайгъатал. Къецал тIоритIиялъулъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабуна ПатIимат МухIамадовалъ, МухIамад ХIажиевас, Муслим МухIамадовас ва цогидазги. Тадбир ана гIахьаллъаразе ва балагьаразе пайдаяб куцалда.

*ГЪАЗИМУХIАМАДИЛ*
*МухIамад*

# Гъуниб библиотекаялда мавлид



Гъуниб районалъул библиотекаялда жамгIият байрамазда хурхун, шагIирал кIодо гьаруна. Гьединго ахирал соназ хасаб бакI кколеб буго диният мажлисал тIоритIиялъги. Гьединаздасан ккана РабигIул аввалалъул 26-абилеб къоялъул къалъул гIужалда районалъул библиотекаялда хирияв авараг (с. гI. в.) гьавураб моцIалда хурхараб мажлис-мавлид тIобитIиги. Мажлисалда гIахьаллъарал районалъул цо-цо росабазул библиотекаялъул хIалтIухъабаз ва тIаде рачIарал гьалбадерица цIун букIана библиотека. Гъуниб росдал имам МухIаммад ХIажияс ва Хьиндахъ росдал имам Ибрагьим ХIажияс вагIза-насихIат, магIнаял, пайдаял кIалъаял гьарун, мавлидал ахIун мажлис берцинго нухда бачана. Мажлис лъугIана гIуцIиялъе квербакъарал, хIалалаб тIагIам хIадурлъарал библиотекаялъул хIалтIухъабазе баркалаги загьир гьабун. Гьезул киназулго садакъа Аллагьас (СубхIанагьу ва ТагIаля) къабул гьабегиян, гьезие сахлъи, гIумру ва кIиябго рокьоб баракат насиблъагиян дугIагьариялдалъун.

Мажлис лъугьана киналго разияб тадбирлъун.

Инша Аллагь, хьул буго мажлис-мавлид мисаллъун лъугьинин районалъул идарабазе ва нилъ киналго хIакъикъияб исламалда даимлъиялъе сабаблъунги.

*ГIумар ГIУМАРОВ*

# 10 сон барав Россиялъул чемпион

14-15 октябралда Самараялда тIобитIараб Россиялъул чемпионаталда чемпионлъун вахъана Шагьидов Шагьид. ГьитIинго байбихьана гьес каратэялъул «Скорпион» клубалде хьвадизе. Дагьаль цебе гьес ккун букIана Дагъистаналъул чемпионаталда кIиабилеб бакI. Гьесул тренер ккола ГIумаров Мамма. Шагьидов ккола Шамил районалъул Ругъелдаса. ЦIалулев вуго шагьаралъул микьабилеб гимназиялъул лъабабилеб классалда. Хадубккунги ракьцоял рохизарилин гьес бергьенлъабаздалъунин хьул буго.

*Сайпула*
*ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ*

# ШагIир – дунялалъулгун накъиталда



**Шамил МухIидинов ккола гIалимги, мугIалимги, шагIирги, жамгIияв хIаракатчиги, магIарул «ХIакъикъат» газеталъул божарав гьудулги. ГIемер щола Шамил нижехъе гьоболлъухъ, гьединго гьесул асаралги рахъула газеталда.**

**Шамил вуго ритIухъльи бокьулев, жакъасеб къоялъул къваридаб саринаалъул сасалъ рахIат хвезабурав инсан. Гьединго гьесул рахIат хвезабун буго рахьдал мацIалда сверухъ лъугьун бугеб ахIвал-хIалалъги.**

**Шамил кIудийилан дица махсараги гьабула гьесие. КIудил ясилан данде махсараги гьабун, гьимула гьев. Гьеб гьимиялъулъги бугебщинаб недегьлъиги хIеренлъиги.**

**Ахираб заманалда Ш. МухIидиновас хъвалел руго басняби. МагIарул адабияталда къанагIатаб гьеб жанралда хъварал гьесул асараз ургъизе тIамула гIумруялда тIад, цо-цо баснябазул аслиял бахIарзаллъун нилъгоги ратула нилъеда.**

**Дагьаб цебегIан къватIибе бачIараб «Накъит» абураб тIехьалдаса чанго басня кьолеб буго гьоркьехун.**

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

### Гъанжесеб кету

Цо бечедав чияс рокъоб хьихьараб
Бихьинкету буго тахида бегун.
Кьарияб черхалда хинаб хъабарча
Багъаризе гьечIо катие бокьун.

Цо-цо макъу щведал, цебе тIамула
ГIолохъанаб гIумру, гIункIкIал кколеб мех,
ГIадада къо бихьун, гIумру щай гьабун,
Гьадин букIинеги бегьулеб мехалъ.

***

Огь, кватIун гурони, бичIчIичIо дида,
ЦIиркъил тухумалъул букIун буго дун,
Гуребанани, дун дир хважаинас
Гьадин рахIаталда хьихьилароан.

ЦIиркъал - дир умумул, цIакъго лебалал,
БахIарчилъи тIокIал рукIана рохьахъ,
ТIолго жанаварал гьезукьа хIинкъун,
Кьоринирги рахчун, сородулаан.

Гьалъул пикрабазулъ цебе бачIуна,
Чанги чIван, цIиркъица гьеб цIацIалеб куц.
Каранда чIухIиялъ кверщел гьабула,
БахIарчиял гьезул гьунар цебе чIун.

Гьеб мехалъ цебесан унеб гIонкIкIоца,
ГIинги хIанчIун, кету бигьинабула:
- Тухум дур кутакаб букIун батила,
Мун жакъа сундуйго ярагьунаро.

### КIерт-кочIохъан

Цо нухалъ рокъобе щвараб кIартида
ХIанчIаца рачунел бакънал рагIана,
Рохун, доре-гьанир роржанхъилаго,
Гьез ахIулел кучIдул берцин рихьана.

Бищунго гIадамаз гьезий гьабулеб
Реццалъ кIартил бетIер сверизабуна.,
Дида багьана щиб? КечI ахIулебан,
ХIамузул бакъаналъ гьаракь биччана.

Бищунго гьелдаса хIама бохана,
Дир кIертги бахъанин кочIохъанилан,
ХIамул-бачал ахIун, вечерги гьабун,
Рецц хириял гIундул рохизаруна.

Зазил тIугьдул рехун, гIивуян ахIун,
ХIамуз гьеб сордоялъ кутак гьабуна.
ГьагIаралщинахъе рачIчIалги рорхун,
«Халкъияб « цIар кьеян тIалаб гьабуна.

Нижеда гьоркьобги артист бахъанин,
ХIамузул рехьедалъ байрахъ борхана.
«Халкъияб кочIохъан» жидерги бугин,
ГьагIун кибехунго рагIизабуна.

***

Щибилеб? Сундуйго жибго бокьизе
Лъиего лъицаго гьукъун гьечIелъул!
«ХIамида жиндирго кIерт берцин бихьи»
Бица-кицадулъги рехсон бугелъул.




### ТIадегIанлъи, унго…

МугIрузул тIогьазда тIавап гьабулел
ТIадегIанлъи, унго, мугIрул цIумазул,
МугIрузда куцараб гIамалги бугел,
ГIадамазда гьоркьоб къадруги бугел.

Гьел магIарул цIумаз мугIрул цIунула,
ЦIоб гьечIого, тушман щущазавула,
Гьобол вачIанани – гьечIо барахщи,
Бечедаб тIутIиги лъун, тIаде вачуна.

МугIрузул цIумаца, магIарулги тун,
БугIуларо чияр мацI ирсилазда.
Чияр мацI бицине чудкал лъугьани,
Батула гьездаги абизе рагIи.
МугIрул рорлъ-рорлъулел гIункIкIазул хабар
РагIаниги, жаваб кьоларо цIумаз,
ЦIуял, хъархъазда нахъ рахчарал гIанкIал,
ГIинго тIамичIого тола цIумаца.

Борхьал хьирхьидула, мугIрузда гIураб
МагIарул чIаголъи рекъезе кколин.
Киналго цо гIадин, цадахъги рахъун,
ЦохIо мурадалъе къеркьезе кколин.

Кинан гьеб цоцада цолъизабулеб,
БахIарчияб цIумги, хIинкъараб гIанкIги,
Загьруяб борохьги, бахьинаб чанги,
Борлъаризе гуреб лъалареб гIункIкIги?

***

Цолъизе биччанте яхIги намусги,
БахIарчилъиялде рачунеб нухги,
МугIрулги, магIарул гIамал лъугIичIеб
ЧIагояб халкъалъул хвел гьечIеб цIарги

### Гъадил малъи

Гъадида кканила жиб дунялалде
Аллагьас гIадада биччан гьечIилан,
Жинда лъаларебги бичIчIуларебги
БетIергьанас щибго бижун гьечIилан.

Жинца малъичIого гьаб дунялалда
ГIадлу-тадбир кибго лъугьунарилан,
Гьикъулеб, цIехолеб гьечIонаниги,
Жиндир гIакълу лъийго къваригIунилан.

«Дида кколеб буго цIумаца куркьбал,
Роржунаго, хIинцго хьвагIулел ругин,
Къудкуца, хIанчIаца, хIажат гьечIого,
ГIедерго терхезе гьарулел ругин.

Ле, хIелеко, мун щай, куркьбал хьвагI-хьвагIун,
Ххвел гьабун гурони, боржанхъулареб?
Хъизанал ратани дур гьал гIанкIуял,
Роржанхъизе малъун, щай куцаларел?

Ле, ва, варанихIинчI, дун рази гьечIо,
Я варани букIа, я хIинчIлъун букIа,
КIиго хIалтIи кинан цадахъ гьабулеб,
Я боржине лъугьа, я бекерахъде!

Цогидал хIанчIазе хIули буго гIун,
Роржунеб куцалъул суратго гьечIо,
Цо гIуж-суратниги лъугьине ккани,
Гъудузул курсазда цIализе ккела»

***

Жалго берцин рихьи цIияб жо гуро,
ГIемер дандчIвала гьеб гIадамазулъги,
ГIакълу бугелаца хIисабги гьабун,
Вижахъе чийилан кици тIамула.

Щивасул букIуна жиндирго хIисаб,
ХIажат гьечIеб гIакълу тIадчIун бикьун щай,
ЦIадхIалаб къоялъ хур лъалъан щибизе,
Лъалеб жо – пайда гьелъ гьабизе гьечIо.

### ХIелекоги гIанкIуги

«КIолеб батани кккве!»-ян,
ТIурун унеб гIанкIудал,
«КIвечIони щибилеб?»-ан,
Ургъел цадахъ букIуна.

Нагагь гIанкIу лъалхъани,
ХIелекоги ургъула,
«Гьадин бигьаго щолеб
Щай дие гьаб гIанкIу?»-ян.

«Дун, чанахъан гуребищ,
Чан тIуризе ккеларищ
Бегараб гIанкIу кквезе,
Кинаб гьира букIинеб?»

ГIанкIу цIакъ тIуранагIан,
Бергьуна хIелкил гIишкъу,
ХIелеко хехлъанагIан,
ГIанкIуги мутIигIлъула.

Гьаб гIумруялъул закон,
Киназего гIахьалаб,
ГIолилал пикру гьабе:
Учуз щвараб бокьуге.

ГIанкIуял хIелказул иш
Жидецаго тIубала:
ТалихI маян кьоларо,
Кьурун бахъизе ккола.

## Понедельник, 23 октября

### РОССИЯ 1

05:00 «Утро России».
07:35-07:41 Местное время. Вести-Дагестан
08:07-08:10 Местное время. Вести-Дагестан
08:35-08:41 Местное время. Вести-Дагестан
09:00 Канал национального вещания «Канал национального вещания «Очар» (на кумыкском языке)
09:30 «Утро России».
09:55 «О самом главном». Ток-шоу.[12+]
11:00 ВЕСТИ.
11:30 «60 Минут». Ток-шоу.
14:00 ВЕСТИ.
14:30 Местное время. Вести-Дагестан
14:55 ПРЕМЬЕРА. «Наши».
16:00 ВЕСТИ.
16:30 «Малахов».[16+]
17:30 «60 Минут». Ток-шоу.
20:00 ВЕСТИ.
21:05 Местное время. Вести-Дагестан
21:20 РУССКАЯ СЕРИЯ. ПРЕМЬЕРА. «Зеркало лжи».[16+]
23:20 «Вечер с Владимиром Соловьёвым».
02:05 Анна Ковальчук в детективном телесериале «Тайны следствия».
03:50 Детективный телесериал «Морозова».[16+]
до 04:44

### ДАГЕСТАН

07:00, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана. Итоги
08:00 «Арт-клуб» 0+
08:20 Х/ф «По секрету всему свету» 0+
10:30 Д/ф «Альманах «Поэзия» Встреча с Расулом Гамзатовым»
10:50 Х/ф «Тайна рукописного Корана» 16+
12:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
14:00 «Круиз-контроль» 35 с. 12+
14:50 Передача на цахурском языке 12+
15:30 Т/с «Цена жизни» 9 с.
16:55 Д/с «Легенды кино» 5 с.
17:45 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
18:00 Т/с «Акватория» 37 с.
18:45 Передача на табасаранском языке «Мил»
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
21:00 «Удивительные горцы» 0+
21:20 «Такой Расул» 0+
21:45 «Память поколений» 16+
22:30 Время новостей Дагестана
23:00 Время новостей. Махачкала
23:20 «Угол зрения» 12+
23:55 Д/ф «Комплекс маленького человека» 16+

## Вторник, 24 октября

### РОССИЯ 1

05:00 «Утро России».
07:35-07:41 Местное время. Вести-Дагестан
08:07-08:10 Местное время. Вести-Дагестан
08:35-08:41 Местное время. Вести-Дагестан
09:00 Канал национального вещания «Маданият» (на аварском языке)
09:30 «Утро России».
09:55 «О самом главном». Ток-шоу.[12+]
11:00 ВЕСТИ.
11:30 «60 Минут». Ток-шоу.
14:00 ВЕСТИ.
14:30 Местное время. Вести-Дагестан
14:55 ПРЕМЬЕРА. «Наши».
16:00 ВЕСТИ.
16:30 «Малахов».[16+]
17:30 «60 Минут». Ток-шоу.
20:00 ВЕСТИ.
21:05 Местное время. Вести-Дагестан
21:20 РУССКАЯ СЕРИЯ. ПРЕМЬЕРА. «Зеркало лжи».[16+]
23:20 «Вечер с Владимиром Соловьёвым».
02:05 Анна Ковальчук в детективном телесериале «Тайны следствия».
03:50 Детективный телесериал «Морозова».[16+]
до 04:44

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана.
07:20 Передача на табасаранском языке «Мил»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Цена жизни» 9 с.
09:45 «Удивительные горцы» 0+
10:05 «Человек и право»
11:10 «Подробности» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 5 с. 12+
12:50 Т/с «Акватория» 37 с.
13:30 «Угол зрения» 12+
13:55 Д/ф «Комплекс маленького человека»
14:50 Передача на табасаранском языке «Мил»
15:30 Т/с «Цена жизни» 10 с. 16+
16:55 Д/с «Легенды кино» 6 с. 12+
17:45 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
18:00 Т/с «Акватория» 38 с.
18:45 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу»
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Дагестан туристический» 0+
20:35 «Время есть!» 0+
21:05 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
23:00 Время новостей. Махачкала
23:20 «Колёса» 12+

## Среда, 25 октября

### РОССИЯ 1

05:00 «Утро России».
07:35-07:41 Местное время. Вести-Дагестан
08:07-08:10 Местное время. Вести-Дагестан
08:35-08:41 Местное время. Вести-Дагестан
09:00 Канал национального вещания «Даймохк» (на чеченском языке)
09:55 «О самом главном». Ток-шоу.[12+]
11:00 ВЕСТИ.
11:30 «60 Минут». Ток-шоу.
14:00 ВЕСТИ.
14:30 Местное время. Вести-Дагестан
14:55 ПРЕМЬЕРА. «Наши».
16:00 ВЕСТИ.
16:30 «Малахов».[16+]
17:30 «60 Минут». Ток-шоу.
20:00 ВЕСТИ.
21:05 Местное время. Вести-Дагестан
21:20 РУССКАЯ СЕРИЯ. ПРЕМЬЕРА. «Зеркало лжи».[16+]
23:20 «Вечер с Владимиром Соловьёвым».
02:05 Анна Ковальчук в детективном телесериале «Тайны следствия».
03:50 Детективный телесериал «Морозова».[16+]
до 04:44

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана.
07:20 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Цена жизни» 10 с. 16+
09:45 «Время есть!» 0+
10:20 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
11:40 Д/с «Легенды кино» 6 с. 12+
12:50 Т/с «Акватория» 38 с.
13:35 «Колёса» 12+
14:50 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
15:30 Т/с «Цена жизни» 11 с. 16+
16:55 Д/с «Легенды кино» 7 с. 12+
17:45 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
18:00 Т/с «Акватория» 39 с.
18:45 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Здоровье» в прямом эфире
21:10 «Удивительные горцы» 0+
21:30 «Городская среда»
22:00 «Опять футбол» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
23:00 Время новостей. Махачкала
23:20 «Аутодафе» 12+

## Четверг, 26 октября

### РОССИЯ 1

05:00 «Утро России».
07:35-07:41 Местное время. Вести-Дагестан
08:07-08:10 Местное время. Вести-Дагестан
08:35-08:41 Местное время. Вести-Дагестан
09:00 Канал национального вещания «Шалбуздаг» (на лезгинском языке)
09:55 «О самом главном». Ток-шоу.[12+]
11:00 ВЕСТИ.
11:30 «60 Минут». Ток-шоу.
14:00 ВЕСТИ.
14:30 Местное время. Вести-Дагестан
14:55 ПРЕМЬЕРА. «Наши».
16:00 ВЕСТИ.
16:30 «Малахов».[16+]
17:30 «60 Минут». Ток-шоу.
20:00 ВЕСТИ.
21:05 Местное время. Вести-Дагестан
21:20 РУССКАЯ СЕРИЯ. ПРЕМЬЕРА. «Зеркало лжи».[16+]
23:20 «Вечер с Владимиром Соловьёвым».
02:05 Анна Ковальчук в детективном телесериале «Тайны следствия».
03:50 Детективный телесериал «Морозова».[16+]
до 04:44

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана.
07:20 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Цена жизни» 11 с. 16+
09:45 «Опять футбол» 12+
10:15 «Аутодафе» 12+
10:55 «Здоровье» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 7 с.
12:50 Т/с «Акватория» 39 с.
13:35 «Городская среда»
14:00 Д/ф «Земляки. Кузнец» 16+
14:50 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
15:30 Т/с «Цена жизни» 12 с.
16:55 Д/с «Легенды кино» 8 с.
17:45 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
18:00 Т/с «Акватория» 40 с.
18:45 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
19:55 «За скобками» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Первая студия» 12+
20:50 «Культурный код» 0+
21:15 Д/ф «Наставники» 12+
22:00 «Психологическая азбука» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
22:55 «За скобками» 12+
23:00 Время новостей.

## Пятница, 27 октября

### РОССИЯ 1

05:00 «Утро России».
07:35-07:41 Местное время. Вести-Дагестан
08:07-08:10 Местное время. Вести-Дагестан
08:35-08:41 Местное время. Вести-Дагестан
09:00 Канал национального вещания «Алшан» (на цахурском языке)
09:55 «О самом главном». Ток-шоу.[12+]
11:00 ВЕСТИ.
11:30 «60 Минут». Ток-шоу.
14:00 ВЕСТИ.
14:30 Местное время. Ести-Дагестан
14:55 «Судьба человека с Борисом Корчевниковым».[12+]
16:00 ВЕСТИ.
16:30 «Прямой эфир».
17:30 «60 Минут». Ток-шоу.
20:00 ВЕСТИ.
21:15 Местное время. Вести-Дагестан
21:30 ПРЕМЬЕРА. «Ну-ка, все вместе!». [12+]
23:55 «Истории Большой Страны».[12+]
00:55 Полина Филоненко, Вадим Колганов, Даниил Белых и Владимир Еремин в фильме «Ключи». [12+]
до 04:14

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана.
07:20 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Цена жизни» 12 с. 16+
09:45 «Это Кавказ» Д/ф «Космос на Кавказе» 0+
10:25 «За скобками» 12+
10:30 Д/ф «Наставники»
11:15 «Первая студия» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 4 с. 12+
12:50 Т/с «Акватория» 40 с.
13:35 «Психологическая азбука» 12+
14:00 Д/ф «Полярные истории. Клавдия Тайшина»
14:50 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
15:30 «Молодежный дрифт»
16:05 Мультфильмы 0+
16:50 Х/ф «Офицеры» 6+
18:25 «Арт-клуб» 0+
18:45 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
20:55 «Мир Вашему дому»
21:20 «Круглый стол» 12+
21:55 «Время спорта» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
23:00 Время новостей. Махачкала
23:20 «Глобальная сеть» 16+

## Суббота, 28 октября

### РОССИЯ 1

05:00 «Утро России. Суббота».
08:00 Местное время. Вести-Дагестан
08:20 МЕСТНОЕ ВРЕМЯ. СУББОТА.
08:35 «По секрету всему свету».
09:00 «Формула еды».
09:25 «Пятеро на одного».
10:10 «Сто к одному». Телеигра.
11:00 ВЕСТИ.
11:50 ПРЕМЬЕРА. «В кругу друзей».
12:50 «Доктор Мясников». Медицинская программа.[12+]
14:00 ВЕСТИ.
14:50 ПРЕМЬЕРА. «Юмори-на».[16+]
17:00 ВЕСТИ.
17:50 «Привет, Андрей!». Вечернее шоу Андрея Малахова.[12+]
20:00 ВЕСТИ.
21:00 ПРЕМЬЕРА. Ксения Алфёрова, Александр Макогон и Анастасия Акатова в фильме «Квартирка». [16+]
01:00 Х\ф «Цветочное танго».
04:25 Х\ф «Ожерелье». [12+]
до 06:08

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана.
07:20 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 «Время спорта» 12+
09:20 Х/ф «Куда он денется!»
10:50 «Подробности» 12+
11:30 «Мой малыш» в прямом эфире
12:00 «Время есть!» 0+
12:35 Концерт «Елена Ваенга. Желаю солнца»
15:10 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
15:50 Проект «Мир без виз»
16:15 Мультфильм 0+
16:50 Х/ф «Тайна синих гор»
18:10 Д/ф «Праздник песни на горе Анчида» 12+
18:45 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
19:50 «Точка зрения» 12+
20:05 «Удивительные горцы» 0+
20:25 «Дагестан туристический» 0+
20:45 «Культурный код» 0+
21:15 «Ульяна спросит» 0+
22:10 «Годекан» 0+
22:30 Время новостей Дагестана
22:50 Х/ф «Шофер поневоле»
00:30 Время новостей Дагестана
00:50 «Точка зрения» 12+

## Воскресенье, 29 октября

### РОССИЯ 1

06:10 Дарья Пармененкова, Алексей Коряков и Сергей Мухин в фильме «Нелёгкое счастье».
08:00 МЕСТНОЕ ВРЕМЯ. ВОСКРЕСЕНЬЕ.
08:35 «Когда все дома с Тимуром Кизяковым».
09:25 «Утренняя почта с Николаем Басковым».
10:10 «Сто к одному». Телеигра.
11:00 ВЕСТИ.
12:00 «Большие перемены».
13:00 Анна Михайловская, Евгений Шириков, Дмитрий Блажко и Екатерина Семёнова в фильме «Свадебный марш».[16+]
17:00 ВЕСТИ.
17:50 «Песни от всей души». Вечернее шоу Андрея Малахова.[12+]
20:00 ВЕСТИ НЕДЕЛИ.
22:00 МОСКВА. КРЕМЛЬ. ПУТИН.
22:40 «Воскресный вечер с Владимиром Соловьёвым».[12+]
01:30 Дарья Пармененкова, Алексей Коряков и Сергей Мухин в фильме «Нелёгкое счастье».[12+]
до 03:15

### ДАГЕСТАН

07:00 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
08:00 «Мой малыш» 12+
08:30 Время новостей Дагестана
08:50 Х/ф «Шофер поневоле»
10:25 «Время есть!» 0+
11:00 «Мир Вашему дому»
11:30 «Ульяна спросит» 0+
12:30 Детские новости 0+
12:45 «Арт-клуб» 0+
13:10 «Культурный код» 0+
13:30 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
14:55 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
15:35 «Колёса» 12+
16:25 «Психологическая азбука» 12+
16:50 «Дагестан туристический» 0+
17:10 «Точка зрения» 12+
17:25 «Человек и право» 12+
18:30 Детские новости 0+
18:45 Передача на агульском языке 12+
19:30 Время новостей Дагестана. Итоги
20:35 «Служа Родине» 12+
20:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
22:00 Гала-концерт Международного конкурса народной песни «Добровидение» - 2019
00:10 «Удивительные горцы» 0+

## НУЖЕЕ БАЯНАЛЪЕ

**ХIурматияв магIарулав. Их-дал хур бекьизеги, хаслихъе бачIин бакIаризеги кколеблъи нилъеда лъала. Гьединго лъала щивав чиясе «рухIияб квен» хIажалъулеблъиги. Жакъа гьабураб метер батулин абухъе, миллаталъул гIузрабаздеги миллияб газеталдеги кьолеб кIвар чучлъизе тани, метерисеб кьоялъ «бухIизабизе» букIин хIакъаб буго. Гьедин ккечIого букIине, «рухIияб кванидалъун» гIумру хьезабизе хIалтIи гьабулеб басма буго «ХIакъикъат». Гьединлъидал щивас хIаракат бахъизе ккела гьелдаса битIун пайда босизе, пайдаяб ирсалъе тезе.**

**"ХIакъикъат" газеталъул багъа буго:**

**Бащдаб лъагIалие - 645,06 гъур.**

**ЛъагIалие - 1290,12 гъур.**

## БУКӀАНИЛА, БУКӀИНЧӀИЛА

# Мотоцикл

Лъица щиб биданиги, магӀарулал руго цӀодорал, гӀакъилал, сундего кантӀулел, кигӀан цӀикӀкӀарабги захӀмалъиялдаса рорчӀизе гӀамал гъабизе лъалел гӀадамал. Цоцо мехалда ракӀалде ккола кингӀагийин инсанасул пикру гьедин камилго хӀалтӀулебилан. ГӀажаиблъизе бачӀунел гьединал лъугьа-бахъинал гӀемер ккола.

Дагъаб цебегӀан цо хӀикматаб лъугьа-бахъин ккана роржатал мугӀрузда бугеб гьитӀинабго росулъги. Гьеб росулъе жеги бахъун гьечӀо автомашина хьвадулеб гӀатӀидаб нух. Ток бачун бугониги, гьелъул санагӀалъабаздаса пайда босизе рес бугел къоял къанагӀатги рукӀунароан. Маххчаран регъезе кколеб хӀалтӀи чӀун хутӀун, тату хведал, гӀолохъабаз гьарула гьенибе цо гьитӀинаб генераторниги битӀейилан. Райцентралде щвезегӀан машинаялда бачӀана гьеб. Цинги хӀамил мугъзада къан щвезабуна хӀалтӀи чӀун хутӀараб бакӀалде. МаркӀачӀубер рукӀкӀун, бецӀлъи рехараб мехалда гурони щвечӀо гьенире. Генератор хӀамил мугъзадаса гъоркье босизе санагӀалъи бугеб бакӀ балагьизе лъугьани, дунял тӀубанго бецӀлъизехъин букӀана. Цояс абуна, махх регъезе санагӀатаб бакӀалде хӀамаги бачун, гьелда тӀадго генератор хӀалтӀизе биччан лъикӀилан. Гьеб «гӀакъилаб» пикруялда киналго разилъана. ХӀамил гӀундул щулаго кквезе кӀиго гӀолохъанчиги тӀамун, генератор биччана.



МугӀруздагин щобазда, кӀкӀалаздагун хьитӀазда багъана зоб гъугъалеб гӀадаб гьаракь. Гьелдаса хӀинкъараб хӀама, унго-унгояб айгъир гӀадин квачӀид бахъана ва гӀолохъабазухъаги борчӀун, хӀурул мухъги нахъа тун, тункӀил гуллацин хадуб гъолареб хехлъиялда тӀурун ана. Нух бугеб-гьечӀеб бакӀалъул тӀалабго гьабичӀого, тӀурун унеб хӀамил мугъзада бугеб генераторалъул гьаракь, гӀемераб мехалъ рикӀкӀадасанго рагӀулеб букӀана. Заманалдасан гьаракь къотӀана. Бихьулеб-рагӀулелъуб я хӀама гуро, я генератор гуро. Сордоги тӀубанго бецӀлъана. Гьенир хӀалтӀулел рукӀарал гӀолохъабиги, къокъаби гьарун, рахъ-рахъалде хӀамидаги генераторалдаги хадур рахъана.

Анкьго-микьго километр нахъа тедал, данде ккарав нухлулацда гьикъана:

- Ле, цо хӀамаго бихьичӀищ гьаниса гӀебеде?

-ХӀамида берчӀвачӀо. Чирахъалги рекӀинчӀеб цо мотоцикл бугоан доб гохӀилъе щолеб бакӀалдаса унеб...

ХӀама батанаункъабилеб къоялъ. Генераторалъе щибго лъугьун батичӀо. ЧӀобогояб бакалъул чвархъи-гӀанхъи букӀана, гӀажаиблъун рахъ-рахъалде бетӀер хьвагӀизабулеб хӀамаги букӀана.

*Наби АНКАЕВ*

## РАГӀИКЪОТӀИ



**ГӀебеде:** 1. Загъруяб борохь. 5. ЦӀадаса ХӀамзатил «Базалай» пьесаялъул гӀахьалчӀужу. 8. Сура гӀурул гӀаркьел. 9. Габурги халатаб гӀалхул хӀайван. 10. Гьоко хадуб балелъул чода габуниб балеб алат. 12. Ралъдал гарцӀазул цо тайпа. 13.ПачалихӀалъулаб гӀаламат. 14. КӀудияв вехь, цевехъан. 17. Хасал маскабазда ва ратӀлилъ гӀадамал рачӀунеб байрам. 20. Литература, хъвадарухъабазул ва шагӀирзабазул асарал. 22. Цо-цо улкабазул ракьул роцен. 24. Рецц-бакъалъул шигӀру. 25. Овощазул цояб. 27. КӀудияб минаялда жанир, жиб-жиб хъизаналъе гьурурал рукъзал. 31. Баянал ракӀариялъе суалал хъвараб кагъат. 33. БахӀарчияб шагьар. 35. Ихдалил хӀинчӀ. 36. ГурхӀел, цӀоб. 37. Пихъ. 38. Ихдал хуриб гьабулеб хӀалтӀи. 39. Пикру, гӀакълу цӀубачӀев чи. 40. Махщелчи.

**ГӀодобе:** 1. Лъим чвахиялъе гьабула... 2. Африкаялъул пачалихъ. 3. ТӀадегӀанал цӀалул заведениязда цо хасал предметал кьолел преподавательзабазул цолъи. 4. ХӀукумат жаниб чӀараб шагьар. 6. Лезгияз кочӀохъанасда абулеб цӀар.7. РакӀбухӀи, квешаб гӀамал тезе балеб гьа. 9. ВатӀаналъе гӀоло балъго гъоркьан хӀалтӀи гьабулев чи. 11. Цебе тӀибитӀараб квен-тӀех. 15. Рохалилаб тадбир нухда бачунев чи. 16. Кино бахъизе хӀалтӀизабулеб алат. 18. Автомашинаялъул марка. 19. ЩагӀил цӀарагӀ. 21. ГӀи-боцӀуде бахунеб унти. 23. Щивав бусурбанчиясда тӀадаб фарз. 24. Россиялъул областалъул центр. 26. КӀудияб гохӀ, щоб.28. Чорхое чара гьечӀого хӀажатаб жо. 29. ДандечӀей, гьари нахъчӀвай. 30. Океаназулгун ралъдазул рухӀчӀагоЛъи. 32. ТӀокӀлъиялда иш гьабун бажари. 34. Жаниб пихъ лъолеб тӀагӀел. 35. Минаби къачӀаялда ва медицинаялда хӀалтӀизабулеб материал.

*ХӀадур гьабуна ГӀалиасхӀаб ДАВУДМИРЗАЕВАС,*
*ЧӀарада район, Гьочоб росу*

**40-абилеб номералда лъураб рагӀикъотӀалъе жавабал:**

**ГӀебеде:** Цагъур.6. ТӀанкӀ. 7. Аслу. 9. Акт. 12. Рохти. 14. Инжил. 15. Тимар. 16. Накку. 18. Сургу. 20. Ока. 22. Метр. 23. Рота. 24. Тезис.

**ГӀодобе:** 1. ЧӀанкӀа. 2. Къуват. 4. Нарт. 5. План. 8.ТӀорахь. 10. Кумек. 11. Динго. 13. Иту. 14. Ирс. 17. Квер. 19. Унти. 20. Ордек. 21. Архив.

ХӀАКЪИКЪАТ

**БетӀерав редактор**
ХӀАСАНОВ Темирхан МухӀамадович
65-00-66

**Заместителал**
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухӀамадхӀабиб МАХӀАТӀОВ

**Отделал: Информация ва политика**
Редактор:
Ашахан Юсупов
МухӀамад Манапов
Рукъият ГӀалисултанова

**ГӀелмугун лъай кьей**
Редактор:
Кавсарат Сулейманова
ГӀайшат ХӀалакъова
ПатӀимат МухӀамаева

**Адабият ва тарих**
Редактор:
Шамай Хъазанбиева

**РухӀияб хазина**
Редактор:
ПатӀимат ГьитӀинова
ПатӀимат СултӀанмухӀамадова

**Реклама ва подписка**
Редактор:
ГӀабаш ГӀабашилов

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухӀамадкарим ХӀамзаев

**ЦӀалдолезул кагътал**
Нури Нуриев

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018
МахӀачхъала,
Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватӀибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахӀачхъала
Пушкинил къватӀ, 6
«ХӀАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГӀУЦӀАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хӀужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гӀахьал гьабулеб

**Тираж - 4387**

Газеталъул индекс:
51314
(бащдаб лъагӀалие)

Багьа 15 гъурущ

БатӀи-батӀиял соназда газета къватӀибе бачӀунеб букӀана хадур рехсарал цӀаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХӀалтӀулел чагӀи», «БагӀарал мугӀрул», «МагӀарул мискинзаби», «МагӀарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагӀарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагӀараб байрахъ».